12+

3

2015

# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**

Ахсар КОДЗАТИ

**Редакция**

Ответств. секретарь, проза – Борис ГУСАЛОВ
Поэзия, драматургия – Казбек МАМУКАЕВ

**Общественный совет**

Руслан БЗАРОВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Станислав КАДЗАЕВ, Елизавета КОЧИЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2015

# МАХ ДУГ

3

2015

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**

ХЪОДЗАТЫ Æхсар

**Редакци**

Бæрнон секретарь, прозæ – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи, драматурги – МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

**Журналы æхсæны уынаффæдон**

БЗАРТЫ Руслан, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
КОСТЫ Лизæ, КЪАДЗАТЫ Станислав, КЪУСРАТЫ Анатоли,
ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2015

НОМЫРЫ ИС:

**БÆСТЫ ФИДАУЦ – СЫЛГОЙМАГ** 6

**«Хонын æмбалæн нæ фыдбылыз мемæ»**
Æмдзæвгæтæ сылгоймаджы кадæн 11

**ДАНТЕ АЛИГЬЕРИ: 750 АЗЫ**

*ДАНТЕ.* **Æмдзæвгæтæ, зонды ныхæстæ** 29

*Аннæ АХМАТОВА.* **Музæ.** *Æмдзæвгæ* 35

**ХАДЖЕТЫ ТАЙМУРАЗ: 70 АЗЫ**

*ХАДЖЕТЫ Таймураз.* **У дуне мæ артдзæст.** *Æмдзæвгæтæ* 38

*ЦОМАРТАТЫ Изæтбег.* **Цъæхдзаст донычызг.** *Уацау* 47

*ДАУЫРÆ.* **Æз – хæхты чызг.** *Æмдзæвгæтæ* 90

*ТЫЛАТТАТЫ Бексолтан.* **Хæддзу.** *Новеллæ* 98

*ГЕЦАОН-ЕЗЕТЫ Нинæ.* **Кæддæры уарзт.** *Æмдзæвгæ* 101

*БУТИАН-ХЕСТАНТЫ Победæ.* **Æртæ этюды** 102

*ХЪАЛÆГАТЫ Дзанджери.* **Дыууæ хуры.** *Ныв* 105

**«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ** 106

**ÆВЫД-ДЫВЫДОНЫ ДУГ**

**Политическая беспечность и бездеятельность правления СП Северной Осетии** 110

**ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ**

*ЕПХИТЫ Тæтæри.* **Дыууæ радзырды** 120

**АРВИСТОН** 134

*Журналы авторты хъуыдытимæ редакци алкæд разы нæ вæйиы*

Сылгоймаджы амонд –
æфсарм æмæ хæрзæгъдау.

*Ирон æмбисонд*

# БÆСТЫ ФИДАУЦ – СЫЛГОЙМАГ

## ДАНТЕЙЫ МОТИВЫЛ

Æвирхъау рæсугъд – дисæн хæсгæ, дисæн.
Сæрæй йын хъавгæ акувын ныллæг.
Уæлæмæ скæсын нал фæуæнды лæг,
Зæгъынмæ ме ‘взаг нал фæкæны уисæн.

Йæ фидауцæй мæ мондæгтæ кæй исын,
Нæ хаты уый, уæздан цыдæй сындæг
Фæраст ис уæртæ – арвбæсты цæрæг.
Тæрсын: æваст Хуыцауы арммæ схиздзæн!

Йæ хуыз ыскалдта фарны рухсæй зæхх, –
Æрбадæлдзæх дæлимонау фыдæх.
О Сфæлдисæг, æрцардта мæ Дæ Арфæ.

Нæ фæразын æдзæстхизæй кæсын
Дæ буц зæдмæ... Циу ацы диссаг? Фын?..
Мæ уды цин фæхæццæ ис уæларвмæ.

*2014*

## МÆ САУРÆСУГЪД

*(Персайнаг адæмон зарæг)*

Мæ чемы нал дæн, бадардтай мын сæн,
Мæ саурæсугъд, мæ удлæууæн, мæ бон.
Æнæ дæу ныр куыд цæргæ у мæнæн,
Мæ саурæсугъд, мæ удлæууæн, мæ бон?
Уыдтæн æз маргъ, тъыфыл цæргæс, хæххон,
Мæ саурæсугъд, мæ удлæууæн, мæ бон.
Фæлæ хъысмæт... О, бакæла йæ бон,
Мæ саурæсугъд, мæ удлæууæн, мæ бон!

Цъæх арвы риуыл бархийæ зылдтæн,
Мæ саурæсугъд, мæ удлæууæн, мæ бон.
Фæрæзтон уадæн, уазæлттæн, зынтæн,
Мæ саурæсугъд, мæ удлæууæн, мæ бон.
Уæууæй, мæ цард куы фестади зындон,
Мæ саурæсугъд, мæ удлæууæн, мæ бон.
Ныссастай мын мæ базыртæ бынтон,
Мæ саурæсугъд, мæ удлæууæн, мæ бон.

## ПЕРСАЙНАГ АДÆМОН ЦЫППАРРÆНХЪОНТÆ

* * *

Уарзын – уый уæларвон дзырд у, уаз.
Сфæлдисæг нын бафæдзæхста: «Уарз».
Адæймаг та равзæрста фыдæх,
Æмæ ссæнды Амонды Бæллæх.

* * *

Пысылмæттæ, уæХуыцаумæ ыскæсут:
Æхсидгæ арты бахауди мæ рæстуд.
Цы ирд суадонæй баназы мæ хур,
Гъеуымæй мын уæ армыдзаг æрхæссут.

## ФЫСДЖЫТÆ ÆМÆ СЫЛГОЙМÆГТÆ

**Бальзак.** Иуахæмы Бальзак балцы уыди Швейцарийы æмæ æрбынат кодта, æлдар Ганский йæ цардæмбалимæ цы фысымуаты цардис, уым. Фыссæг куыддæр фысымуатмæ бацыд, афтæ Ганскийтæ та сæхимæ рараст сты. Бальзакæн радтой, Ганский æмæ йæ ус цы уаты цардысты, уый. Фыссæг рудзынджы цурмæ бацыд, уынгмæ акæсон, зæгъгæ. Уалынджы йæм йæ чъылдымырдыгæй райхъуысти сылгоймаджы хъæлæс. Бальзак фæстæмæ фæкаст æмæ ауыдта

диссаджы хæрзконд сылгоймаджы сырхмæтæгхуыз дарæсы. Уый хатыр ракуырдта, стæй афтæ, рудзынгыл, дам, ферох кодтон Бальзакы чиныг. Уый, дам, мæ уарзон уацмыс у æмæ искуыдæм куы фæцæуын, уæд æй мемæ рахæссын. Фыссæджы ма бæргæ фæндыд йемæ аныхæстæ кæнын, фæлæ уæдмæ асинтæй райхъуыст æлдары знæт хъæр. Сылгоймаг чиныг райста æмæ асинтыл дæлæмæ азгъордта. Йæ зæронд лæджы æрæййæфта файтоны бадгæ.

Афтæ фембæлди Бальзак йæ фидæны цардæмбалыл. Куыд фæзæгъынц, фыссæгæн дзы йæ уд баззад. Æмæ кæрæдзимæ фыстæджытæ æрвитын байдыдтой. Фынддæс азы фæстæ Бальзак сылгоймагæй райста æнæнхъæлæджы хабар: æлдар Ганский амард. Йæ бирæ бынтæ иууылдæр баззадысты йæ усæн.

Цасдæр рæстæджы фæстæ Бальзак æмæ уыцы сылгоймаг (йæ ном – Эвелинæ) сæ цард баиу кодтой. Фыссæгæн уæдæй фæстæмæ йе сфæлдыстад иуцасдæр фендæрхуызон, йæ реализм разынди ног дарæсы. Фæлæ Бальзакæн Эвелинæимæ ацæрын бирæ нæ бантыст: иуæндæс æмæ дыууиссæдзаздзыдæй 1850 азы цардæй ахицæн.

**Купер.** Фенимор Куперы тынг уарзынц æмæ уарздзысты сабитæ æмæ хистæр сывæллæттæ. Уымæн йæ ус куынæ уыдаид, уæд дзы, æвæццæгæн, фыссæг нæ рауадаид. Иуахæмы Купер хъæрæй касти цавæрдæр роман. Йæ ус дæр уыд йæ цуры. Роман уыди ницæйаг, æмæ йæ Купер мæстыйæ иуварс фехста:

– Ахæм ма дзы æлгъаг чиныг уа! Æз романист нæ дæн, фæлæ, зæххардыстæн, амæй бирæ хуыздæр ныффыссин!

– Æмæ ма каст цæмæ у? Ныффысс, – загъта йын йæ ус.

Цалдæр боны фæстæ фæзынди къорд сæргонды Куперы фыццаг романæй. Уацмыс фыст куы фæцис, уæд æй автор рауагъта йæхи хардзæй. Романмæ адæм сæ хъус тынг не ‘рдардтой, фæлæ фыссæг фæцалх и сфæлдыстадон куыстыл, æмæ йæ ном айхъуысти дардыл. Йæ романтæ «Шпион», «Моникинтæ», Сæрак Цъындайы тыххæй пенталоги (фондз чиныгæй арæзт уацмыс) тæлмацгонд æрцыдысты бирæ æвзæгтæм æмæ сæ æхсызгонæй кæсынц дзыллæтæ.

**Ричардсон.** Ацы англисаг авторы уацмыстæ нудæсæм æнусы уырыссаг сылгоймæгтæ куыд æхсызгонæй кастысты, уый бæрæг у Пушкины «Евгени Онегин»-ы мæнæ ацы скъуыддзагæй дæр:

*Ей рано нравились романы;*
*Они ей заменяли все;*
*Она влюблялася в обманы*
*И Ричардсона, и Руссо.*
*Отец ее был добрый малый,*
*В прошедшем веке запоздалый,*
*Но в книгах не видал вреда;*
*Он, не читая никогда,*
*Их почитал пустой игрушкой*
*И не заботился о том,*
*Какой у дочки тайный том*
*Дремал до утра под подушкой.*
*Жена ж его была сама*
*От Ричардсона без ума.*

Йæ райгуырæн бæстæйы та ноджы стырдæр аргъ кодтой Ричардсонæн. Йæ роман «Памелæ...» цыди къухæй-къухмæ. Йæхи культурон адæймагыл чи нымадта, уый йæ хъуамæ æнæмæнг бакастаид. Автормæ æрбацыд æхсæз анонимон фыстæджы сылгоймæгтæй. Уыдон лæгъстæтæ кодтой, цæмæй сын фехъусын кæна, романы цы хабæрттæ æвдыстæуы, уыдон æцæг уыдысты æви æрымысæггаг. Уыимæ æхсæз сылгоймагæй алчидæр ард хордта, ацы сусæгдзинад, дам, нæ цард-цæрæнбонты йæ былы бынæй дæр никæмæн сирвæздзæни. Ричардсон сылгоймæгтæй алкæмæн дæр дзуапп радта: «Ацы дуне куы равзæрд, уæдæй нырмæ ахæм хабар нæма уыд, æхсæз сылгоймагæн цы сусæгдзинад загъдæуыд æмæ чи нæ раргом».

Ричардсоны сылгоймæгтæ тынг бирæ уарзтой. Се ‘хсæн царди, зæгъгæ, афтæ зæгъæн дæр ис. Уыдон уыдысты йæ критиктæ, йæ уарзæттæ, йæ уацхæсджытæ. Уыдон æй разæнгард кодтой фыссынмæ. Йæ хæдзармæ дæр-иу сæ бахуыдта æмæ сын сæ сусæгтæ дзурын кодта. Ус куы ракуырдта, уымæй дзæвгар фæстæдæр дæр æхсызгонæй мысыди кæддæры бонтæ.

Йæ усы зæрдæмæ, ай-гъай, нæ цыдысты, æрыгон сылгоймæгтæ йæ мойыл афтæ æнувыд кæй уыдысты, уый. Арæх-иу загъдзамана дæр самадта, фæлæ-иу ын бирæ нæ ахаста, уымæн æмæ-иу Ричардсон æндæрбæстаг сылгоймæгты зæрдæтæ кæм басаста, уым ын йæхи цардæмбалы зæрдæ басæттын цас зын уыди!

**Генри Фильдинг.** Англисаг фыссæг Генри Фильдинг ракуырдта рæсугъд æмæ хъæздыг чызджы. Фæлæ амондджын бинонтæ уыдысты, зæгъгæ, афтæ зæгъæн нæй, уымæн æмæ усæн хъыг уыд, йæ лæг хæдзары хъуыддæгтæм æппындæр йæ хъус кæй нæ дардта, уый. Куыстытæ иууылдæр хаудтой йæхимæ. Ус куы амард, уæд Фильдингæн йæ ныфс бынтондæр асасти. Фæлæ уалынджы бацард йæ лæггадгæнæгимæ. Фыссæджы æмбæлттæ æмæ хæстæджытæ æнхъæлдтой, ныр хæдзар бынтондæр сæфтмæ æрцæудзæни, зæгъгæ. Фæлæ лæггадгæнæг ус разынди сæрæн, хæдзардзин, уæдæ сывæллæттæн дæр уыди хи мады хуызæн. Æрмæст Фильдинг тынг мысыд йæ раззаг усы æмæ йыл суанг роман дæр ма ныффыста – «Амалия». Уым иттæг арæхстджынæй сныв кодта йæ цардæмбалы сурæт. Романы сарæзта йæхи фæлгонц дæр – Амалияйы сæрыхицау Буты хуызы.

# «ХОНЫН ÆМБАЛÆН НÆ ФЫДБЫЛЫЗ МЕМÆ»

*Æмдзæвгæтæ сылгоймаджы кадæн*

## ХÆРЗБОН!..

Ифтонг хызынæй, лæдзæгæй, æрчъитæй,
Скодтон уæрдæхæй дзыхъхъыннæуæг рон,
Ис ма цыдæртæ мæ кæрцы фæдджитæй...
Дард у мæ фæндаг... Зæгъын дын: хæрзбон!..

Рагæй мын «ацу» дæ цæстæнгас дзуры,
Рагæй дæ кодтон мæ уындæй тæрсын;
Зонын, дæ зæрдæ куыд ризы мæ цуры,
Хъусын ныр дæр ма йæ сусæг хъæрзын...

Гъе ныр хæрзбон, мæ хур... Нал мæ уындзынæ.
Дардмæ дæ хæддзуйы мацæуыл дом!
Райсом мæ цæстæнгас ферох кæндзынæ,
Ферох кæндзынæ иннæбон мæ ном.

Чи зоны, искуы æрæфта дæ зæрдыл
Иунæджы сагъæс, мæгуыры бæллын, –
Чи зоны, искуы куы уайа дæ цæстыл
Уазал æхсæвы фæндагыл мæлын, –

Ма-иу фæтæрс, чызгай! Ахæм фыдфынтæ
Дардæй дын амонд хæсдзысты уæддæр, –
Исчи та исы йæхимæ дæ рынтæ,
Исчи дын хъары нывондæн йæ сæр...

Хонын æмбалæн нæ фыдбылыз мемæ, –
Тагъддæр мæ балцæн йæ фæстаг кæрон
Уый «фæндарастæй» кæд ссарин æз йемæ...
Ма фæфæсмон кæ!.. Хæрзбон у, хæрзбон!..

***Къоста***

## ÆЛХУЙНÆ

Ци кæнуй цума ме ‘лхуйнæ,
Ку нæбал зелуй дзæбæх?
Мæ цæститæбæл уайунцæ
Сау нимæт æма сау бæх.

Нæ уæлиндзæбæл æзинæ
Æз сундакъæ ælвистон,
Мæхенимæр нидæн заргæ
Æз цидæртæ имистон.

Нæ дæлпазбуни еу бæхгин
Фæццæйзиндтæй уæд æваст.
Мæ фидбилизæн æ хæццæ
Цæмæн фæдтæн æз æнгаст?

Æ мед-ходæ æрттивтонцæ
Дууæ цæсти сурх зингау.
Мæ зæрдæ мин басугътонцæ,
Ду ме ‘вдесæн, уо Хуцау!

Базир-зир кодта мæ зæрдæ,
Разилдæй мæбæл мæ сæр,
Æрискъудæй мæ сункъæ,
Æрбадудæгътæ ‘й куддæр.

Нури уæнгæ дæр мæ кеми
Æз нæма ‘рдæн дзæбæх ма,
Цæветтонгæ ма мæ зæрди
Сагъд байзадæй сау хъæма.

Ци кæнуй цума ме ‘лхуйнæ,
Ку нæбал зелуй дзæбæх?
Мæ цæститæбæл гъазунцæ
Сау нимæт æма сау бæх.

***Малити Геуæрги***

## ФЫЦЦАГ ФÆКАСТЫ УАРЗТ

Фыццаг фæкасты уарзт –
Æнæтæригъæд маст.
Лыстæгмур хуры тын,
Дзæнæты царды фын,
Æнæ дуар, æхгæд.
Æнæ фæд-фæды фæд,
Тыхджын арвы гæрах,
Æнæхуысгæ цырагъ,
Æнæмæлгæ мæлæт,
Зæрдæуынгæ дзæнæт.

***Токаты Алихан***

## ДЕ ‘НГУЫЛДЗТÆ

Дæ фæлмæн æнгуылдзтæ
Мæ урс хилтæ иугай æвзарынц,
Дæ фæлмæн æнгуылдзтæ
Мæ царды хуыздæр бонтыл зарынц.

Дæ фæлмæн æнгуылдзтæ
Рызтысты, мæн хæстмæ куы ‘рвыстой.
Дæ фæлмæн æнгуылдзтæ
Дæ тарст æнгас хæстмæ æвдыстой.

Дæ фæлмæн æнгуылдзтæ
Нæ хæдзармæ цардамонд хастой.
Дæ фæлмæн æнгуылдзтæ
Узæлын, лæггад кæнын уарзтой.

Дæ фæлмæн æнгуылдзтæ
Нæ хæдзармæ талынг нæ уагътой.
Дæ фæлмæн æнгуылдзтæ
Мæ цинæн ирон фæндыр цагътой.

Дæ фæлмæн æнгуылдзтæ
Дæ риуыл – дзуарæвæрд, хаудæй.
Дæ фæлмæн æнгуылдзтæ...
Ныхгæдтой дæ цæстыты хаутæ.

***Гафез***

* * *

Уæртæ иу чызг дон æрхæссы,
Сабыргай æрцæуы,
Зулмæ мæм бæргæ фæкæсы,
Фæлæ мæм нæ лæууы...

Къахдзæфтæ кæны чысылгай,
Астæу тынг ызмæлы.
«О, дæ райсом хорз уа, чызгай,
Дойныйæ куы мæлын».

Чызг мæ комкоммæ æрлæууыд,
Барухс и мæ зæрдæ.
Дойны мын, мыййаг, куы нæ уыд, –
Банызтон гъе уæддæр.

Æз ныхъхъус дæн, мардтæн хурхæй...
Чызг сæхимæ араст.
Ахæм сау рæсугъды къухæй
Емынæ дæр баназ!

***Чехойты Сæрæби***

## СИМДЫ ЗАРÆГ

Уæ, уæлæ иу хъæдыл дыууæ балы,
Уæдæ сæм иу дæр куыннæ ‘вналы!
Гуызмайы чызджытæ фаззæттæ,
Нырма сын нæма ис уарзæттæ.

Зæгъон æй, куы нæу уæлдай хъуыддаг –
Иуыл дзы фембæлдтæн айфыццаг.
Йæ ном мын Зæринæ бæргæ хуынди,
Фæлæ мыл æмбисонд цæмæ ‘рцыди?

Ызнон сæ иумæ æз ауыдтон,
Зæринæ кæцы уыд, уый нал зыдтон.
Бынтондæр иухуызон – дыууæ цæстау.
Уындæй та – тасаг бæрз бæлæстау.

Нæ иртасын иуæй сæ иннæйы.
Иу хатт ма куы ссарин Зæринæйы –
Мæ лæвар сæрбæттæн бабæттид,
Йæ хоимæ ивддзаг нал кæнид.

***Цæрукъаты Алыксандр***

## САУ ЦÆСТЫТÆ

Æз уарзтон сау цæстытæ, уарзтон,
Рæсугъддæр уыдонæй кæм уыд?!
Æхсæв сæ стъалытимæ барстон,
Уыдтæн сæ алы бон рæвдыд.

Фæлæ мæ иунæгæй ныууагътой,
Мæнæй фæлыгъдысты тæргай,
Æмæ мын афтæ дæр нæ загътой:
«Хæрзæбон! Хорз амонд дæ хай!»

Æмæ кæд уыдонæй фæцух дæн,
Æмæ кæд ферох кодтой мæн,
Уæддæр сæ райдзаст хуыз рæсугъдæй
Мæ зæрды баззади мæнæн.

Тæхуды, абон та кæй тавынц
Сæ хъармæй рухс хурау фæлмæн,
Тæхуды, афтæ тынг кæй уарзынц,
Куыд уарзтой цард-уалдзæджы мæн!..

***Кочысаты Мухарбег***

* * *

Уый уыд уагъылыйы дидинæгау рæсугъд æмæ фæлыст. Лæууыди доны был æмæ уылæнты æнцад фæлгъуыдмæ касти. Уыдон фынæй уыдысты нырма, фæлæ уæддæр ратас-батас кодтой,

хъуызæгау цыдысты былмæ, æмбæхстысты дурты бынты æмæ, цыма боны рухсæй тарстысты, уыйау каст адæймагмæ.

Кæцæй фæци ацы æвзонг чызг? Цæмæн æдзынæгæй кæсы донмæ? Кæд хæлæг кæны, мыййаг, уылæнтæм æмæ йæ доны рæсуг буарыл асимын фæнды...

Ды рæсугъддæр дæ уылæнтæй!..

Уый йæ риуы дзаг сулæфыд, йæ сæр бæрзонд систа æмæ цæф сæгуытау ныууынæргъыдта æмæ дард, арвы цъæх, стæй хъæды фæлмхуыз дарæс кæм иу кодтой, уырдæм йæ цæстæнгас арвыста.

О, зонын, зонын æз... Ды бæлццон дæ, дæу бафхæрдта знаг, æмæ ныууагътай дæ сабыр цард. Фæхицæн дæ, зынаргъдæр дын чи уыд, уыдонæй, æмæ дæ фæззæджы фыдуаг дымгæ æрыскъæфта æнæзонгæ ранмæ.

О æнкъард чызг! Цæмæй дын баххуыс кæнон? Мæ бон куы ницы у... Æри уæд та дæ хъыгдзинады ‘рдæг. Æз æй нывæрдзынæн мæ риуы æмæ, цалынмæ дæ былтæ худæндзаст рызт бакæной, уæдмæ йæ хæсдзынæн мемæ.

«О дæлдзæх фæуай, калмы зæрдæ, дæлдзæх фæуай!..» – ныууынæргъыдта та уый æмæ уылæнтыл йæ мылазон цæстæнгас æрæвæрдта.

Уыдон райхъал сты, систой сæ урс базыртæ æмæ цæстысыг калгæ дуртæм тахтысты.

Æз мæ къухтæ стымбыл кодтон, ныттынг сты мæ нуæрттæ, æмæ цалдæр дзырды сæхи атыдтой ме ‘лхъывд дæндæгты ‘хсæнæй:

«Тæхуды, куы бафидин мæ хæс мæ бæсты раз æмæ куы ‘рхауин, кæнæ сымахау, о мæстыгæр уылæнтæ, куы ныппырх уаин!..»

***Калоты Хазби***

* * *

Ци кæнон ма, куд цæрон ма?
Уод къарцау иссæй унгæг.
Мæйи скастæй мæн æрбонмæ
нæбал ахæссуй хуссæг.

Цидæр рæсугъд, цидæр изæд,
цидæр лæфинхуз базуг
алли сæумæ, алли изæр
мæ цæститæбæл гъазуй.

Ци зæрдесгæ ‘й, ци, æ тавгæ
зæрдæ змæлди уæнгæ раст,
зæрдæлвасгæ ‘ма æ гъавгæ
сау цæстити æрбакаст.

Нæ фæсмæрун, нæ уинун æй,
Уомæн неци лæдæрун.
Фал цума мæн æ цæрунæй
æрмæст йе кæнуй цæрун.

***Тетцойти Таймураз***

## СЫЛГОЙМАГ

Æрбахызт хъазты фæзмæ худгæ,
Æмæ цырен хъæрахст фæдæлдзæх,
Æваст æмдзæгъдгæнæг læппутæ
Къуыхцытæй райдыдтой мæнгæмдзæгъд...

Тырныдтой рохбаст риутæ размæ,
Дымстæй хъæрзыдта къаба рындзыл...
Къуызæгау усджын лæгтæ фарстой:
«Цымæ кæй чызг у уый... кæй чындз у?»

Йæ фæдыл аивæй кæсгæйæ,
Фæлтæрдджын урсрихи зæрæдтæ,
Сæ къухтæн феуæгъдæй тæрсгæйæ,
Æнгом хæцыдысты сæ рæттыл!..

***Дзаболаты Хазби***

* * *

Ды фæцæйцыдтæ рухскалгæ уынджы,
Уынг уæлион дзæнæтау ысуынджын.
Дуне фестади кувæндон, аргъуан,
Ды – йæ бæстастæу судзгæ цырагъау.

Æмæ – йемыдзаг уарзты цæхæрæй –
Кодта ‘хцон дыз-дыз д’алфамблай уæлдæф.
Æмæ, раст цыма аргъауы, фыны, –
Зæхх ныгъуылдтытæ кодта дæ быны.

***Бестауты Гиуæрги***

## ЧЫЗГ, ЗÆХХ ÆМÆ ДЕНДЖЫЗ

Иу къахдзæф ма –
æмæ уылæны
йæхи фæцæвдзæн,
Æмæ йыл цъæх денджыз
цъæх къаба скæндзæн...
Кæй сæ у –
денджызы æви зæххы –
чызгæн йæ уд æмæ буар?
Денджыз дæр, зæхх дæр –
цæуы сыл
чызгæн йæ бар...
Чызг бацыд денджызмæ,
зæххæн нæ загъта хæрзбон,
Денджызæн радта йæхи,
йæхицæй
байрох бынтон...
Чызг –
Сау денджызы урс мидбылхудт –
зæрдæис,
Зæхмæ раздæхдзæн,
денджызæн
хæрзбон зæгъдзæнис...
Денджыз нæ, –
зæхх æм фæсиддзæн:
«Мæнæ мæ фен, чызг!»
Зæхх ын нæ ратдзæн мæрдырох,
цæмæй дзы
байрох уа денджыз.
Чызг рацæуы зæхмæ,
æмæ йæ уæхсчытæй
цъæх къаба æрлæсдзæн,
Æмæ йыл зæхх уайтагъд
йæ рухсæй
урс къаба скæндзæн.

*Дзуццаты Хадзы-Мурат*

## СУСÆГ

Æвæдза, худæг уыд мæ сусæг уарзт фыццаг хатт –
Мæ уды арф æвæрæн – дзурæнтæ йыл уыд!..
Уæд мыл бæгъæмвад чызгæй уарзты фыд-зæд рахатт, –
Мæ сусæг Хуры фырт кæдæмдæр усгур цыд.

Йæ фæдыл акастæн ма быруйы хуынчъытæй,
Æрбадтæн каурæбын цъæх кæрдæгыл æмæ
Ныррызтæн дудгæ рыстæй ме ‘ппæт буары стджытæй,
Мæ уд мын нал иргъæвта иргъæвæг дæр, нæ.

Мæ фыццаг сусæггаг рыст, гъæйда-гъа, ысдардта!
Уæд цæссыг разынди мæ мастæн хин, кæлæн...
Нæ гыццыл урс гоко мæ уадултæ ысдæрдта,
Йæ фæлмæн бандзæвдæй рæвдыдта гоко мæн.

***Хостыхъоты Зинæ***

## УАРЗОНДЗИНАД

*Сонет*

Ис алцæмæн дæр афон æмæ бæрц, –
Ныййарæгмæ фæхъæр кæнæм нæ зыны.
Ныккæсы бонæй ирд цæстытæй æрдз,
Цырагъы рухсмæ арвгæрон нæ зыны.
Хæтæгхуаг лæг æрыхъал вæййы тагъд,
Фæсуры йын бындзы базыр йæ фынтæ.
Кæцæйдæр мæм мæ фыдбылыз æртахт,
Æви дзы дардмæ лидздзысты мæ рынтæ?..
Æмбæхсти риуы уарзондзинад арф,
Фæлæ йæ абон аивдæуыд артæй;
Æрцу, дæхи йæм амондимæ тав...
Æмбарын æй, нæ дæм хъары мæ катай.

Æрттивдзæн Хур æнæ Зæхх дæр фæрнæй,
Зæххыл та цард æнæ Хурзæрин нæй.

***Дзасохты Музафер***

* * *

О, байхъус-ма, мæ цин, мæ бон, Сонетæ!
Мæ цардвæндагмæ акæсын мæ сæнтты,
Æмæ мын тых дæ рухс сурæт кæй дæтты,
Гъе уый тыххæй дын дзурдзысты сонеттæ.
О, ма схъыг у, мæ Сонетæ, хъус дарддæр:
Йæ фæдтæ ма мæ риуы арф ныууагъта
Мæ рагуалдзæг – мæ рагбæллицты ахстон.
О, сабидугæй ницы и зынаргъдæр.
Æмæ мæ цард йæ гуылфæнмæ куы сайдта,
Ды тавтай мæн дæ уды хъарм, дæ кастæй:
Мæ заринаг, мæ сагъæссаг, мæ катай!
Мæ хъысмæт мын дæ хъысмæтимæ сбастай.
Рынчын ыстæм нæ хъыг æмæ нæ уарзтæй.
Мæ цардмæ мын дыккаг уалдзæг æрхастай.

***Малиты Васо***

## ИДЕАЛ

Æхсæв – рухс.
Зæххы улæфт – сабыр.
Донмæ чызг
мæ сагъæсты æрцыд.
Донбыл чызг
ласы мæйрухсмæ йæ дарæс.
Мæй кæсы,
чызджы риуы урс-урсид хъæпæнтæй,
кæлæнгæнæгау, нал исы йæ цæст.
Сагъæссаг дыууæ чысыл къуыбырыл
хъазы мæй.

Дон – цæллахъ...
Йæ уынæр дурты ‘хсæн кæмдæр нымбæхст.
Æвзист æртæхтæй
арвы хъæбыс байдзаг.

Уылæн хъазы,
чызджы хъарм буар хъæбыс кæны.

Пылыстæг къæхтæ
доны бын, дыууæ цырагъау, судзынц,
пылыстæг къæхтæ
доны бын, дыууæ цырагъау, ризынц,

Æхсæв – рухс.
Мæй æрхызти зæхмæ.
Донбыл чызг
йæ дзыккутæ фасы.

*Æлборты Хадзы-Умар*

## ДÆ НОМ

Уахъæз Уазы къуыппыл хъазы, –
Багъæц, ахсын дæ – фæлæуу!..
Ныр фынддæс æмæ дæс азы
Уарзын зæды хуызы дæу.

Ис æртæ зæлæй зæринон
Уаз ном – ирд æмæ æрвон.
Зæлгæ азæлы мæ цинæн
Уый мæ зæрдæйы æхцон.

Ой, цæй разы дæн хъысмæтæй,
Ныр мæ разы нæй гæрæн!
Тагъд Аза-бæлас дзæнæтæй
Æз æрхæсдзынæн дæуæн.

Рауай Ног Азау мæ размæ,
Айс мæ уаз лæвар цытæн, –
Хурау уымæй азæй азмæ
Махæн фарны рухс кæлдзæн...

Уахъæз, Уазы цъуппыл ма хъаз, –
Ма уадз арты судзын мæн...
Уарзт кæндзæн мæ удæн ахъаз,
Уарзон – хин æмæ кæлæн.

*Джыккайты Шамил*

* * *

Цалынмæ йæ дард фæндагыл хур
Дысон хатт йæ зæрдæйы дзæбæхæн,
Уалынмæ рæсуг суадоны цур
Сагъæс кодтон иу фарсыл фæлдæхтæй.

Хъуысти дардæй тар хъæды сым-сым,
Арв мæм каст йæ сызгъæрин цæстытæй,
Фарста-иу мæ ме ‘нæнцой фысым:
«О, лæппу, цы тухæнтæй фæрыстæ?

Цæй, цы ‘рцыди? Цавæр у дæ мæт?
Уанцон нæу – нæма дæ федтон худгæ!..»
...Цæстытыл-иу ауадысты уæд,
Чи адард и, уыцы сау дзыккутæ...

***Ходы Камал***

## КÆМÆНДÆР

Уотæ ма естæбæл тайдзæнæн,
Кæндзæнæн сонт катай,
Ескæд ма биццеуау уарздзæнæн,
Уой æнгъæл ба ка ‘дтæй?!

Уæ мæ уод, нæбал дæ фæсмæрун:
Ци ди ‘ссугъдæй, ци арт?
Тæходуй, нæ мæ фæндуй марун
Мæ уæхæн кæдзос уарзт!

Æз гъенур фудфунти цагъар дæн,
Медхъурдохæн кæнун.
О, цæрай, ке фæрци багъар дæн! –
Мæ фурцийнæй кæун...

***Къибирти Амурхан***

* * *

Цымæ ныр та кæй аргъуаны зæд дæ?
Цы лæг дæм кувы зоныгыл, фæсусæй?
Дæ сонт буарæн йæ сагъæссаг зæлтæм
Цы цæстытæ, цы æнгуылдзтæ фæхъусынц?

Кæй цинаг у мæ тæргай уды зын,
Зæрин æнгуырыл чи аззад, кæй нæлгæф?
Мæнмæ кæсы, цыма цъæх арвы бын
Ныры онг дæр дæуæй улæфы уæлдæф.

Æмæ æхсæв, куы ссæуы уд хъуырмæ,
Йæ рафт-бафтæй куы нал фенцайы зæрдæ,
Мæ базыл уæд фæагурын, куырмау,
Дæ дзыккуты сæлæф зæйтæ мæ тæвдæй.

***Хаджеты Таймураз***

* * *

Ци гъар æнцæ, нана, дæ къалостæ,
Ци фæлмæн æй, нана, дæ дзабур!
Ци хъæбæр цубур фæууй дæ бостæ,
Ци тагъд æруй дæ хилæ сабур!

Ци фур адгин æй, ци, дæ бор кæрдзин,
Ци дессаг тæнцъарæ ‘й дæ къере!
Дæ зæрдæ си нивварæи, æвæдзи,
Дæ цæсгоми æфсарæн æхе.

Ци æгæр æнхъирттæ ‘нцæ дæ къохтæ,
Ци минкъий æй дæ рости и тог!
Кæд миййаг, æ бæдæлттæмæ, ‘мбохгæ,
Тагъд фæккодта хезнæй мадæ гъог?..

Бацæуæн æгасæй дæр де ‘фстауи,
Фал е ‘хæс бафедуй ни ‘стæн лæг.
Дæ зæронди фæлмастмæ ке ‘рхауи,
Ейæ нин куд нæ фæууй гъулæг?!

Хъазар дор дин нивварæн дæ сæргъи,
Нæ фæдздзорæн, бæргæ, æ аргъбæл...
Рæсадзгæ ‘й никкæнæн и сау зæнхи,
Уæзæ ба æрцæйкæнуй махбæл...

***Бабочити Руслан***

* * *

Дæ фыны дæр ды ма бавзар мæ зын, –
Мæнæн мæ хъынцъым низæй уæлдай нæу,
Æхсæвы зæдтæ барæвдауæнт дæу
Æмæ фæбонмæ рухс фынтæ фæуын.

Мæнмæ та уадз æдзух цæуæд кæуын,
Мæ хай фæуæнт дæ маст æмæ дæ рын,
Æрвон уарзт мæм æрбанывæста тын,
Æмæ йæ разы сагъдауæй лæууын...

***Косты Лизæ***

## ДЫУУÆ ХУРЫ

Фæдзæгъæл дæн дыууæ хуры æхсæн.
Сæ иу мын аныгуылд, уæддæр мæ тавы,
Бедухайау мыл йе ‘ххуысы хай бафты
Æмæ кæны мæрдтæй цæрæццаг мæн.
Æргом мын куы у иннæйы тæмæн –
Зæриндаг мын йæ зæлдаг тынтæй уафы,
Æмæ фыццаг уарзтæй мæ уд куы сафтид,
Йæ арв-цæстытæ уæд ныццавтой мæн,

Дæтты мын тавс æвидигæ ныфсæн.
Мæ рис æмæ мæ цин бийынц бæндæн...

Фæдзæгъæл дæн дыууæ хуры æхсæн.

***Къадзаты Станислав***

* * *

Рухсæй гуырд – мæ хъуыды, амондæй – мæ дзырдтæ.
Бузныг дын, мæ царды иуцасдæр кæй уыдтæ.

Хъазы хур йæ тынæй, дымгæ та – йæ тыхæй.
Бузныг дын, кæй сыгътæ иуцасдæр мæн тыххæй.

Нал ныууадздзæн рæстæг дун-дунейыл дур дæр,
Фæлæ нын нæ уарзтæн ницы кæндзæн мур дæр.

Ничи ис йæхицæй рæстæгæн рæстуддæр –
Баззайдзысты арвыл стъалытæй нæ удтæ.

***Къодоты Альберт***

* * *

Сойнæ тагъдæй хори билтæй,
Ци рохс адтæй и дуйне!
Уолæн калдæй донибилтæй,
Ду – кæсалгæ – æ уæле.

Радæгæлста и цъæх денгиз
Мæ рæбунмæ идзулгæй.
Ку никкодта уоди нези
Дæ табедзæ æ бунæй.

Ци фун адтæй, устур дес æй! –
Кæмæй радæн уотæ хъал!
Куд цурд рахснадта æзменсæй
Дæ гури фæд зуст цæхъал.

Фæддæхаста рæсугъд уолæн,
Æрбатар æй мæ дуйне.
Æризадтæн гъазæн гъолæн
Царди уолæни уæле...

***Скъодтати Эльбрус***

* * *

Цæудзæнæн исонбони нæхемæ,
Зиндзæнæн æз, мæ мадæ, дæумæ...
Уозуй нин æнкъард мегъæ нæ тегъæ,
Рæфтæбæл æрхун кæнуй сæумæ.

Куд цæрунцæ, æдта, нæ бинонтæ?
Нæ ‘й æстонг иуазæгæй къæсæр?
Федар ма ‘й тургъи зæрдæ – кæркдонæ,
Æууелуй ма кæркитæн сæ гъæр?

Дæ лигъз дзурдæй хæссис нæ тикиси?
Ба ин дарис æхсир æма цихт?
Арæх-еу мæн цума æримиси,
Арæх дæу фæффæндуй мæн фæууинд?

Цæудзæнæн исонбони нæхемæ,
Зиндзæнæн æз, мæ мадæ, дæумæ...
Уозуй нин æнкъард мегъæ нæ тегъæ,
Рæфтæбæл æрхун кæнуй сæумæ.

***Гибизти Оскар***

# ДАНТЕ АЛИГЬЕРИ: 750 АЗЫ

*Микеланджело. Пьетæ. Сыгъдæг Петры аргъуан. Ром.*

*Дантейы мавзолей Равеннæйы.*

*ДАНТЕ*

# ÆМДЗÆВГÆТÆ, ЗОНДЫ НЫХÆСТÆ

*Дунейы номдзыддæр поэтты ‘хсæн Данте Алигьери (1265–1321) ахсы сæрмагонд бынат. Йæ уарзондзинады æмæ философион лирикæйæ буц æмæ сæрыстыр сты канд Италийы цæрджытæ нæ, фæлæ бирæ бæстæты поэзиуарзджытæ. Поэмæ «Æрвон комеди» та ссис æппæт адæмты удварны ахсджиагдæр хæзнатæй иу.*

*«100 разагъды чиныджы», зæгъгæ, уый автортæ Ю. Абрамов æмæ В. Демин «Æрвон комеди»-йы тыххæй афтæ фыссынц: «Данте мах рæстæджы куы цардаид, уæд йæ «Зындон»-мæ бахаудаиккой нырыккон политиктæй бирæтæ. Æмæ хуыздæр аккаг не сты. Авд æнусы размæ дунейы æппæт къуымты дæр уыди раст абоны хуызæн уавæр: сæ политикон монцтæ цæджджинагау фыхтысты, бæрзонд, æфтиагджын бынæттæ бацахсынмæ йæ быцъынæг чи скъуыдта, уыдонæн. Гъе æрмæст уыцы карьерæдзауты нæмттæ абоны фæлтæр зонгæ дæр нæ кæнынц. Иуæй-иутæ дзы мах заманмæ æрхæццæ сты Дантейы æнæмæлгæ уацмысы руаджы. Уыдонæн сæ бынат ис Зындоны. Афтæ уыдзæнис, абон милуангай адæмты цардæй хъулау чи хъазы, уыдон хъысмæт дæр. Се ‘лгъаг, сау митæ сын адæм базондзысты, кæд ма нын не Сфæлдисæг ног Данте балæвар кæна, уæд».*

*Данте канд стыр поэт нæ уыди, фæлæ философ-хъуыдыгæнæг дæр. Цы поэмæйы кой ракодтам, уымæй уæлдай ныффыста къорд прозаикон уацмысы, уыдонимæ – «Куывд», «Монархи», «Адæмон æвзаджы тыххæй» æмæ æндæртæ.*

*Поэты «Æрвон комеди» арæзт у æртæ хайæ: «Зындон», «Сыгъдæггæнæн» æмæ «Дзæнæт»-æй.*

*Зындоны сты тæккæ æнаккагдæр адæймæгтæ: гуыбындзæлтæ, чъындытæ, бынхортæ, еретиктæ, тыхгæнджытæ, стигъджытæ, давджытæ, дымысдæртæ, фæлитойтæ, бынатылмард карьерæдзаутæ, кæлæнгæнджытæ, райгуырæн бæстæ уæйгæнджытæ,*

*цæвиттон, йæ удæгасæй стыр тæригъæдты чи бацыд, уыдон иууылдæр.*

*Бирæ бæллæхты бахауди Данте йæ царды бонты. Йæ райгуырæн сахар Флоренцийы цыди карз политикон тохтæ. Поэт иуварс нæ лæууыд уыцы тохтæй. Æмæ, йе знæгтæ куы фæуæлахиз сты, уæд ыл ныххуырстой фыдгæнæджы ном, дыууæ хатты йын рахастой марыны тæрхон. 1315 азы йын цы тæрхон рахастой, уый ивд æрцыд æрмæст 1966 азы. Йæ исбон ын байстой æмæ йæ фæсырдтой йæ райгуырæн сахарæй. Дантейæн, куыд фæзæгъынц, йæ хал, йæ бæндæн фæхауд æмæ алыгъди Равеннæмæ. Мæлгæ дæр ам акодта 1321 азы.*

*Авд æнусы æмæ æрдæджы дæргъы поэты тыххæй фыст æрцыди бирæ уацмыстæ. Уыдонæн сæ хуыздæртæй иу у генион Микеланджелойы сонет. Ис дзы ахæм рæнхъытæ:*

Фæбæллын æз: йæ хъыг, йæ маст, йæ митæ
Дæ удæй бавзар, уый цармы фæцæр, –
Мæ хай фæуаид амæндты хуыздæр!

*Уырыссаг поэт Валери Брюсов та афтæ фыста:*

Кæрдты зæлланг, æлгъыстытæ, цъæлхъæртæ:
Нæй адæмæн сæ сау митæн кæрон.
О, хъодыгонд нæрæмон гуырд, рыстзæрдæ,

Дæ цард уыдис æнæхъæнæй зындон.

* * *

О сау цæстытæ... Сæрра кодтой мæн
Сæ уæздан рухсæй. Бафтауынц мыл сау дис.
Сæ уацарæй мын алидзæнтæ нал ис.
Мæ зæрдæ ныр æндарæны цæрдзæн.

Сæ иу фæкаст – æрвæрттывды тæмæн.
Цыма фæскъæвда арвы тын æртахтис,
Йæ тавс, йæ фарнæй нал и зæххæн бафсис,
Æваст æз та сæ амæддаг фæдæн.

Сæ пырх мыл калынц, хъазынц мын мæ удæй,
Æз акуырм вæййын уайсахат сæ уындæй,
Фæлæ сæ азар – арфæйау æхцон.

Кæнынц уæлæрвты зилахар мæ сæнттæ,
Мæ зонд ныссаджил, счындис ын кæлæнтæ.
Мæ уарзтыл, оххай, нал цæуы мæ бон.

* * *

Нæй уый хуызæн уæздан æмæ сыгъдæг,
Йæ иу фæкаст дæр сонт удæн – лæварау.
Æвиппайды фæсæццæ вæййы лæг:
Чызджы хуызы æрбацæйцæуы аргъау.

Кæд а дуне æцæггадæй у мæнг,
Уæд а зæдæн йæ бæстæ хъуамæ арв уа.
Кæны йæ фидыц хуры дæр мынæг,
Йæ цæстытæ сты денджызы цъæх арфау.

Нæй хурзæринмæ комкоммæ кæсæн.
Фæлæ цы фæуон? Чи лæууы æгæсгæ?
Кæнын цæрддзу, дзæгъæлхæтæг ысдæн.

Æрвон фидыц... Фын уа æви æцæг?
Лæууын, кæсын зæрдæдзæфæй йæ фæстæ.
Йæ рухсæй нал дæн а зæххыл цæрæг.

* * *

Æрæнцад та мыл ног æфсондз. Цы кæнон,
Куы мын арауы ме ‘фхæрд зæрдæ маст?
О ме Сфæлдисæг, иунæг Ды Дæ раст
Нæ дунейы. Дæумæ мæ хъаст фæхæссон.

Фыдлæджы хъузон сау залым, æгæнон
Дæ азарæй æрцæуа хъуамæ саст:
Рæстдзинад æм æфсæн рæхыстæй – баст,
Хъæрзы, дзыназы... Адæм та – æнæбон.

Сæ мидæг мигъау удаист æрцард,
Æмæ лæууынц тæрсгæ-ризгæйæ, хъусæй.
Ды та нæ Ныфс Дæ, Уарзты цæхæр, арт.

Æвзæргæнджыты бакуырм кæ Дæ рухсæй.
Æнæ рæстдзинад ницы у нæ цард,
Æмæ йæ бахиз тугдзыхтæй æнусмæ!

* * *

Адæм арæхдæр фæленк кæнынц, рæстæг чердæм ивылы, уыцырдæм. Афтæмæй та нæ тæссонд бæлæгъæн здахæн ис, кæцырдæм дæ фæнда, уыцырдæм. Уæдæ адæймаг уылæнты бар йæхи цæмæн бакæны, йæ зонд æмæ йæ зæрдæйы кæнонтæм цæуылнæ фæхъусы?

* * *

Адæймагæн йæ мидæг уæвæн ис дыууæ хуызы хъæнтæ æмæ сахъæттæ: иутæ вæййынц буары, иннæтæ та – уды. Буары хæйттæй искæцытæ сахъат куы вæййынц, уæд адæймаджы бон нæ вæййы нывыл цæрын, зæгъæм, къуырма кæнæ гоби куы уа, уæд. Уды кой куы кæнæм, уæд уый та бирæ хатт хæрамæй йемыдзаг вæййы. Уымæ гæсгæ йæ йæ мондæгтæ галиу фæндагыл саразынц. Уыцы мондæгтæ йæ сæ фæдыл афтæ тынг асайынц, æмæ адæймагæн дуне æнæхъæнæй дæр йæ цæстысындз фесты.

* * *

Сылгоймагæн раст аргъ кæнын кæй фæнды, уый йæм хъуамæ кæса, сылгоймаг йе ‘рдзон фидауцимæ иунæгæй куы баззайа, алыхуызон аивгæнæнтæ æмæ ахорæнтæй иппæрд куы уа, уæд.

* * *

Бирæ хæзнатыл чи ныддæвдæг вæййы, уымæн рæдау уæвæн нæй, уый искæмæн хорз ракæнынхъом нæу. Хæрзгæнæг адæмы кæй фæуарзы, уый тыххæй вæййы парахат зæрдæйы хицау. Уымæн зæгъы Боэций*, «Ныфсæвæрæнтæ», зæгъгæ, уыцы чиныджы дыккаг хайы: «Æхца хорз сты æрмæстдæр уæд, æмæ сæ иннæтæн дæтгæйæ, куы схардз кæнай».

---

* Боэций Аниций Манлий Северин (480–524) – ромаг фыссæг æмæ философ.

* * *

Адæймаг исбоны хицау свæййы, бæрц куы нал фæзоны, уæд. Бæрц кæй нæ фæзоны, уый та йæ æркæны гаффутмæ.

* * *

Чъынды æнцой нæ зоны, ратæх-батæх сисы, æрра у, цæсгомы цъар ыл нæй. Тыхсын æй кæны æрмæст иунæг хъуыддаг: нымæцтæ æмæ хыгъд. О тæригъæддаг къуырма зонд! Удисæг æрбацæуы æмæ кæрон скæны æппæт хъуыддæгтæн дæр.

* * *

Лæгау лæг йæ мид-зæрдæйы йæхи æдзухдæр уæлиау февæры, æнæбон, ницæйаг та, цы у, уымæй йæхимæ ноджы ницæйагдæр фæкæсы... Æмæ боныфæстагмæ афтæ рауайы: лæгау лæг иннæты, цы сты, уымæй дæлдæр кæны, ницæйаг та йæхи æгады бынаты февæры, иннæты та стыр æнхъæлы...

Ахæм уавæры ис нæ адæмон æвзаг дæр: бирæтæ йыл былысчъилтæ кæнынц, искæй æвзаг та сæ цæсты тынг кадджын у. Уыцы æлгъаг фыдгæнджытæ нын нæ зынаргъ æвзаг цъыфимæ змæнтынц. Нæ адæмон æвзаг цауд вæййы, æгады бынаты йæ чи æвæры, гадзрахатæй йыл чи цæуы, æрмæст уыдоны дзыхы.

* * *

Фыдæхзæрдæ адæймæгтæн сæ хотыхтæ сты тыхми æмæ гадзрахат.

* * *

Æппæтæй зондджындæр адæймаг у, рæстæг дзæгъæлы сафынæй чи тæрсы, уый.

* * *

Уынгæджы бон дæ кæддæры амондджын рæстæджытæ куы мысай, уæд уымæй карздæр хъизæмар нæй.

* * *

Зындоны тæккæ æвирхъаудæр бынæттæ нысангонд сты, уæлæуыл цæргæйæ тæссагдæр моралон фыдæвзарæнты заман йæхи ницыуынæг чи скæны, уыдонæн.

* * *

Цы фæндаг равзæрстай, ууыл фидар къахдзæфæй цу, адæм цыфæнды куы дзурой, уæддæр.

* * *

Зыд æмæ кæрæф адæймаг дæр мæгуыргур у, уæдæ циу!

* * *

Искæй къæбæр масты ад кæны, стæй зын хизæн у æцæгæлон хæдзары асинтыл.

* * *

Уарзæтты бардуаджы ныхмæ ма тох кæн: цыфæнды хотыхтæй куы архайай, уæддæр састы бынаты баззайдзынæ.

* * *

Тас хъуамæ зондæн æлдар ма уа.

* * *

А дунейыл алцыдæр æмæ алчидæр тырны йæхи бахъахъхъæнынмæ, æмæ адæмы ‘взагæн йæ бон куы уаид истæмæ тырнын, уæд бæргæ тырнид йæхи бахъахъхъæнынмæ, ома архаид фидар, хъомысджын уæвыныл.

* * *

Йæ зонды коммæ чи нал фæкæсы æмæ йæ монцты дæлбар чи свæййы, уый адæймаджы цардæй нал фæцæры, фæлæ свæййы фосы хуызæн, разагъды Боэцийы загъдау, хæрæджы цæрмыстыгъд бакæны.

* * *

Ноггуырд æвиппайды йæ мады дзидзи дæйыныл куыд фæвæййы, афтæ фыртæн дæр йæ риуы удварны фыццаг æвзартæ куы фæзыны, уæд хъуамæ хъуса æмæ ахса йæ фыды карз фæдзæхстытæ. Фыд та йын хъуамæ арæхстджын зондамонæг уа. Фæлæ фыдæн йæ хъуыддæгтæ йæ ныхæстимæ куынæ бадой, уæд уый тæссаг хабар у.

* * *

Æрдз ын цы фадæттæ сарæзта, уыдоны фæрцы йæ хорз фыды фæндагыл чи цæуы, уыцы фырт у тынг раппæлинаг. Адæмы

мыггаг сты арвы цот. Арв та йæ алы хъуыддаджы дæр у алцæмæй æххæст. «Физикæ»-йы дыккаг чиныджы (Аристотелы фыст. – Ред.) фыст ис, зæгъгæ, адæймаджы ныййарынц адæймаг æмæ хур. Уымæ гæсгæ адæм æппæты хуыздæр уавæры вæййынц, се ‘рдзон авналæнтæм гæсгæ арвы миниуджытæ куы фæфæзмынц, уæд. Арв та йæ алы къабазæй дæр, йæ алы фезмæлдæй дæр баст у фыццаджы хъомысимæ. Фыццаг та Хуыцау у.

* * *

Хæларзæрдæ адæймагыл даутæ чи мысы, цъыф ыл чи калы, ууыл адæм хъуамæ хъоды бакæной, ма йæм хъусой. Афтæ хъуамæ уа, хорз мыггагæй чи рацыди, фæлæ æнаккаг, цъаммар чи у, ахæм адæймаджы уавæр дæр: хъуамæ йæ адæм се ‘хсæнæй тæргæ кæной.

* * *

Уæздан, хæларзæрдæ адæймаг хъуамæ æмбæла, ныхас кæна, куыд гæнæн ис, афтæ къаддæр адæмимæ, йæхимæ æввахс та хъуамæ уадза æрмæст иугæйтты – уæд ын йæ номæн аргъ кæндзысты иууылдæр.

*Аннæ АХМАТОВА*

## МУЗÆ

Йæ фæзындмæ нæ фæхъæцын æрхъæцмæ
æрвылæхсæв. Кæд æрбахиздзæн, кæд?
Цы сты йæ цуры исбонтæ, æнхъæлцтæ,
хæзнадуртæ, сæрибар æмæ кад?

Фæзынди мæнæ. У цæттæ йæ бадæн.
Хуыцауы сконд зæд: кæс æмæ йæм кæс!
«Зындоны койтæ чи фæкодта Дантæн?» –
фæрсын æй æз. Уæзданæй загъта: «Æз».

***Фатаонты Уариганы*** *тæлмацтæ*

# ХАДЖЕТЫ ТАЙМУРАЗ: 70 АЗЫ

## ЦАРД – ЦЫБЫР, АИВАД – ÆНУСОН

Хаджеты Таймураз, мæ уарзондæр адæймæгтæй иу, амард.

Бирæ цæхх æмæ кæрдзын кæимæ бахордтон, бирæ нозт кæимæ скуынæг кодтон, бирæ кæимæ фæзарыдтæн, бирæ хылкъахæн ныхæстæ кæмæй фехъуыстон, фæлæ мыл йæхи чи никуы атигъ кодта æмæ мыл гадзрахатæй чи никуы рацыд, уыцы Хаджейы-фырт амард.

Фæстаг рæстæджыты йыл-иу куы амбæлдтæн – фылдæр хатт-иу иунæгæй, æнкъардæй бадт стыр уынджы бульвары – уæд мæ-иу хуыдта Хуссармæ: «Дзæбæх баулæфдзыстæм, хъæуты нын кусарт дæр акæндзысты, фæлæ нуазгæ нæ бакæндзыстæм, суардон йеддæмæ...»

Ныр æй мæ зæрдæмæ хæссын, кæй никуы мæ равдæлди æмæ йемæ кæй никуы ацыдтæн, уый. Æмбарын æй: уæд-иу æй фæндыди йæ гыццыл бæстæн, йæ ныййарджыты цыртытæн хæрзбон зæгъын. Æппынфæстаг, йæхæдæг иунæгæй атындзыдта уырдæм – мæлынмæ.

Бирæ азты дæргъы кæд зонгæ уыдыстæм æмæ кæд цыфæнды арæх æмбæлдыстæм, уæддæр æз нæ фæфиппайдтон иу хъуыддаг: Хаджейы-фырт, гуыппырсар æмæ нæрæмон, хылычъи æмæ сылгоймагуарзаг, мæлæты кой арæхæй-арæхдæр кæнын кæд райдыдта, уыцы рæстæг. Фæлæ мæнæ ныр кæсын, æмæ йæ фæстаг æмдзæвгæты, искуы-иуæй фæстæмæ, алкæцыйы дæр ис уыцы æнæхайыры дзырд – мæлæт. Исчи зæгъдзæн, дæс æмæ дыууиссæдзаздзыд лæгæн, уæлдайдæр ирон лæгæн, уый æмбæлгæ дæр нæ кæны, зæгъгæ. Фæлæ, цæй, ныртæккæ уæддæр бафæлварæм Хаджейы-фырты бамбарын æмæ йыл алы тæригъæдтæ ма мысæм.

Фыццаг хатт базонгæ стæм, йæ «Фараст барæджы» мыхуыры куы фæзындысты, уый уæлвæд. Сфардæг Мæскуыйæ, Литературон институты бакаст, афтæмæй. Тыбар-тыбургæнгæ æрыгон поэт, Секъайы загъдау, «цонджы хъултæ тугæфсæстæй

тагъд-тагъд цавтой, зæрдæ йæхи арвы милтыл сæрфта»... Фысджытæн Реданты цы хæдзар уыд, уым, кæнæ та – æхца-иу куы уыдис, уæд – Мотелы номыртæй иуы, Хаджейы-фырт уарзта цард. Æз афтæ æнхъæл дæн, æмæ йæ хуыздæр æмдзæвгæтæ ныффыста уæд æмæ уым. Хатгай-иу фæзынд Гуыцмæзты Алеш, хиуылхæцгæ æмæ æфсармджын Алеш, фидæны стыр фыссæг. Уыцы рæстæг уыд фæрнджын, уымæн æмæ Таймураз дæр æмæ Алеш дæр уыдысты æвзонг æмæ цæджджинагау æхсидгæ курдиатæй хайджын. Уымæ гæсгæ – «аргъ кодтам æрмæстдæр ивгъуыйаг уымæн»...

Поэтæн, нывгæнæгæн йæ фыццагдæр знаг у рæстæг.

Æз афтæ дæр зæгъин: сфæлдыстадæн йæ арфдæр, æмбæхстдæр миниуджытæй иу у – рæстæгимæ ерыс æмæ хъуырдухæн. Ам дæр та Секъайы хъуыды: «Мах базæронд стæм, æмæ нæ рæстæг дæр немæ базæронд». Нæй мыггагмæ æрыгон уæвæн. Уыцы хъуыдыимæ зонд сразы вæйиы, фæлæ уæддæр зæрдæ разы кæнын нæ фæкомы. Уæлдайдæр поэты зæрдæ. Хаджейы-фырты зæрдæ нæ бафидыдта, æрыгон никуал уыдзынæн, зæгъгæ, ахæм хъуыдыимæ. Æмæ ссардта иунæг ирвæзынгæнæн дзырд: мæлæт.

Мæнмæ гæсгæ, йæ зæрдæ бынтондæр асаст Хуссары хæсты рæстæг. Æнæфæразгæ кæй уыд æмæ йæ къухмæ ныфсджынæй хæцæнгарз райсын йæ бон кæй нæ уыд, уыцы уавæр æй тынг æфхæрдта. Фæмард Алеш. Бацарæфтыд сты йæ уарзон хъæутæ. Таймуразæн йæ цæстытæ мынæгæй-мынæгдæр кодтой...

Æз æргом зæгъын, – уырны мæ, йæ зæрдæ мыл нæ фæхудтаид, йæхицæн дæр ын æй куы загътаин, уæд, – йæ фæстаг мæйы арты æмдзæвгæтæ йын нæ уарзын. Æвæццæгæн, уый æгæр цæхгæр ныхас у, фæлæ Таймураз йæхæдæг дæр уарзта цæхгæр ныхæстæ кæнын – бамбæрстаид мæ. Чи зоны, æмæ æз дæр нæ рагбонты хæлардзинады рæстæг, мæлæтæн нæм йæ кой дæр куынæ уыди, уыцы рæстæг арæхæй-арæхдæр кæй мысын, уый тыххæй.

Фæлæ куыд хъуамæ уарзон æнкъард рæнхъытæ мæнæ ахæм æмдзæвгæйы раз:

*Горæт аныгъуылд мигъы,*
*Тар æууилы йæ рæстæджы хай.*
*Мах, хъæдласæджы дзоныгъау, уигъы*
*Афтид трамвай...*

...Кæд æмæ ма мæ цæстытыл ног ауад уыцы гыбар-гыбургæнаг афтид трамвай (кæй зæгъын æй хъæуы, цæуы Реданты ‘рдæм), уыцы трамвайы – æрыгон Хаджейы-фырт, цас æмбæлы, уымæй йæм æввахсдæр лæугæйæ, иу саурæсугъдæн уарзондзинады ныхæстæ сусу-бусу кæны...

Уыцы поэзи æнусмæ баззайдзæн ирон литературæйы.

***Гусалты Витали***

*ХАДЖЕТЫ Таймураз*

# У ДУНЕ МÆ АРТДЗÆСТ

## ИР – МÆ НЫЙЙАРÆГ

Мæ чысыл Ир! «Æз дæр дæ фырт дæн!» –
Ædæрсгæ сдзурын мæ фæнды:
Мæ рухс бæллицтимæ фæзындтæн
Ирон куыстдзагъд лæджы кæрты.

Æмæ-иу мын ысдæрдта ‘взонг мæй
Кæддæр мæ саст авдæны хъæд.
Дæ зæххыл мæ фæндыди сонтæй,
Сосланау, уадзын арвыл фæд.

Сырдтон-иу сабийæ фыдрасыг
Тæхгæ дымгæйы зилгæ рыг;
Уыдтон, куыд калдта ‘хсæвы талынг
Нæ хуымтыл сусæггаг цæссыг.

Фыдæлты намысæн йæ дзырддаг:
Ирон фæдæ, уæд у фæрнæй;
Æфсарм – дæ ном, лæгуарз – дæ мыггаг,
Æндæртыл баивæн сæ нæй.

Зыдтон, хъызт боны уад куыд симы,
Зымæг нæ къулхæдзар куыд рызт.
Лæджы зынæвзарæнты чиныг
Æрцыд мæ къахвæндæгтыл фыст.

Æз хæрзтæй равзæрстон лæгдзинад –
Фæнды мæн самонын хъæрæй
Фыдæлты зард. Сæ ныфс – зæрин саг,
Мæн сайы урс хæхты сæрæй.

## МÆСКУЫ

Мæскуы, æз дын мæ дард хæхтæй хæссын,
Æнæзонгæ фыдызæххау, мæ зæрдæ.
Нæ зонын, чи дæн: уазæг йе фысым
Дæ бæлæстæ, дæ арвæмбæрц хæдзæрттæн.

Цæуын сындæггай, фестъæлфын æваст:
Кæд бæлæстæ иронау дзурынц мемæ?
Кæд ацы ранæй сонт læппу фæраст, –
Ныр уал азы бæллыдтæ ды йæ фендмæ.

Цæуын: æвзæгтæ, адæмтæ – сæдæ,
Фыдызæххау дыл барджын ысты иууыл.
Кæд сын ды уыцы иу хæдон фæдæ,
Æмбисонды æфсымæртæн уæгъд чи уыд?

* * *

Æз буцхаст læппу дæн мæ мадæн мæ чысылæй,
Уæд хивæнд, æнæрцæф куыд нæ уон мæ зарæджы.
Тæлфаг вæййы байраг, стæй хауаг у цъысымы,
Уæд уый тыххæй азымы ма дарут барæджы.

Æз буцхаст læппу дæн мæ райгуырдæй абонмæ,
Зынæвзарæн азтыл æз рогвадæй рахызтæн.
Мæн бонты къух кодта, сывæллонау, амондмæ,
Рæвдыдæй фæцыдтæн фыдох æмæ уарзты ‘хсæн.

Мæ мадæн цы уыдтæн? Ыстъалы фæсхурныгуылд.
Йе масты сæр? Чи зоны? Зонын уый – хæстæй дæр,
Æфстауист къæрмæгæй дæр-иу чысыл дзулы гуыл
Нæ фæсарынг дардта йæ сабиты кæстæрæн.

Нæ, дохтыр нæ уыд, фæлæ уынгæй, фæндаггонау,
Мæ уæраджы хъæбæр æрхастон æвдæрзт-лыгтæй, –
Æвдадзы хосæн-иу мæ хъæдгомы саггомыл
Æвæрдта уый дугъы сыф æмæ йæ цæссыгтæ.

Кæм ныл уыд фæхæцæг та!.. Авдæны бастмæ мыл
Нæ хардз кодтой номдзыд поэттæ æмдзæвгæтæ.
Нæ тæрскъул хæдзары æлыгæй конд астæрдыл
Æз царды хъæр фехъуыстон миты фæлдзæгъдæнтæй.

Нынныхст-иу бæзджын фæздæг пецæн йæ нарæджы,
Хуылыдз сугты тъизын-иу райхъуыст йæ гом фæрстæй.
Мæ мад-иу йæ цуры æрбадт æмæ зарæджы
Йæ хъæбулы фидæн нывæзта фæндон-хæрзтæй.

Ныр мæнæ, Æфсатийы фыртау, ысдарддзæст дæн,
Фæлæ йын нæ фæдæн йæ фарсмæ æрцæрджытæй:
Фæндаггонау, искуы куы ‘рхауын нæ артдзæстмæ,
Мæ сæр уæд, лæварау, æруадзын йæ уæрджытыл.

Æз дунемæ райгуырдтæн адæмы уарзынæн,
У дуне мæ артдзæст, нæ дзыллæ мæ фысым у.
Ныббарут, мæ хивæнд мын ма хæссут азымæн –
Æз буцхаст лæппу дæн мæ мадæн мæ чысылæй.

## УАЛДЗЫГОН МОТИВТÆ

Сæпп-дугъæй уайынц даргъ ауæдзыл бонтæ,
Мæ уæнтыл хур, цыхцырæгау, кæлы...
Ныр афонмæ нæхимæ, сахъ хæстонау,
Мæрдвынæй кæмтты уалдзæг гъæйтт кæны.

Æмæ уынæргъынц арф рæбынты зæйтæ,
Фæллад бæхау, йæ царм ныууигъы зæхх.
Ысхойы дон æмбыд къодæхтæ, къæйтæ,
Йæ былгæрæттыл бæхгæрдæг фæцъæх.

Ыскъуыры цæргæс цыргъытыл йæ базыр,
Йæ быны айнæг, урс ыстæгау, фаст.
Мæ риу та ам у афтид æмæ сабыр,
Цыма мæ зæрдæ у кæдæмдæр хаст.

Мæ циныл райын нал зонын æвастæй,
Фæкæсы мæм, æнæбын уæрмау, арв.
Лæгмæ цы у æмхиц æфхæрдæй, мастæй,
Нымбæхстон уыдон æз мæ риуы арф.

Фынæй уынгтæ æхсæв тæфсынц мæ зардыл,
Ыстыр горæт мæм тугдзæстæй кæсы.
Ныр нал хъарын мæ уд поэты кадыл, –
Мæ сыгъдæг сæнттæн ивддзагæй тæрсын.

Фæнды ма мæ цæрын, кæддæрау, адæн,
Кæй ферох кодтон, уыдон уарзын ног;
Адджын ныхасы боныцъæхтæм бадын,
Тæргæ бæхыл нæ кæмтты уайын рог.

Мæ уæнгæл фесты ивгъуыд царды ностæ:
Къæдзвæндæгтæ ‘мæ поездты цъæхахст;
Уырдыг лæууын сылгоймæгтæ ‘мæ ностæн, –
Æртæфстысты мыл амонд æмæ уарзт.

Кæны мæ зæрдæ ‘хсызгон хъыдзы, хатын.
Мæ дард къæсмæ та у, фыртау, мæ каст.
Ныр афонмæ уым фæндаджы был бады
Мæ зæронд фыд – нæ рох уæзæгмæ баст.

## МÆ ФЫДЫ НЫХАС

Æз æрцыдтæн фыдæбæттæн а зæхмæ, –
Уый мæ чысылæй нырмæ зыдтон.
Джихæй ма кæс мæ тызмæг, зыд къахдзæфмæ,
Дурджын зæххыл ызнæт вæййы дон.
Цард мын радта афтид къух фæндаггагæн,
Стæй æххуырсты, мæгуыр лæджы ном:
Æз фæцыдтæн æвæдты дæллаг галæй,
Куысты нал зыдтон ‘хсæв æмæ бон.

Згъордтой тымыгъты зул-мул мæ фæндæгтæ,
Æз, хъызты сырдау, не ‘взæрстон фæд.
Фидæн бонты ныссагътон мæ дæндæггæ
Æмæ атардтон царды мæ фæнд.

Ныр æрбакалд мæ зæрондыл хъарм дымгæ
Æмæ ‘взарын мæ кæстæрты цин.
Мах уæд не ‘вдæлд кæрæдзи рæвдауынмæ,
Ныр сымах та рæстмæ дуг фæци.

Æз фыдæбæттæн райгуырдтæн а зæххыл, –
Уый мæ чысылæй нырмæ зыдтон.
Джихæй ма кæс мæ тызмæг, зыд къахдзæфмæ, –
Дурджын зæххыл ызнæт вæйиы дон.

## ХЪÆДЛАСÆН ÆФЦÆГЫЛ

Хур æрбадти къæдзæхы фæсонтыл
Æмæ йын хъыдзы кæны йæ фæрстæ.
Мады фæдыл лидзæг саби – сонтау,
Фæндаг бафтыд къæбыртæн сæ фæстæ.

Хауынц рындзæй комы кæхцмæ дуртæ,
Уый дæр сæм йæ риуы гуыдыр дары.
Хох – чъынды лæг, саст къæйдуры муртæ
Арæхстгай йæ фæдджитæм æвзары.

Арвы дзыхъхъы хивæнд цæргæс зилы, –
Афады рæсуг уæлдæф йæ фындзæй...
Ихсаггæмтты цъитийы дон хилы,
Стæй йæхи ныззыгъгъуытт кæны рындзæй.

Абон та сæ сусæггаг ныхасмæ
Комы фынгыл рабадтысты хæхтæ.
Гъемæ сæ куы нал феноны тасæй
Мæн уæлæмæ нал хæссынц мæ къæхтæ.

## ФÆЗЗЫГОН ИЗÆР

Хъæд, бæгънæг чызгау, мигътæй йæ зæнггæ æмбæрзы,
Арвы уазал цæссыгтæм æнкъардæй кæсы.
Дымгæ бастади, доны был афæлдæхт хъæзыл
Æмæ миты хъæпæнтæ йæ фыны хæссы.

Дон ныссабыр. Йæ хъæлæс ныффæсус и сæрды
Æмæ дурты къæбуттыл, хуыснæгау, хъуызы.
Кæсаг хуыры хъæццулæй йæ фæрстæ ныуæрды.
Уый цы домы: нæ йыл зоны зымæг хъызын.

Талынг цадæггай алвæста комæн йæ нарæг.
Мæнæ хосласæг галтæ йæ разæй тæры.
Чидæр фæндаджы былæй ныццæлхъ кодта зарæг
Æмæ куыйтæй æрбайрох æхсæвæр хæрын.

## ИДИЛЛИ

Сæрсæфæны тигъæй æрвгæроны хахмæ
Зырнæйзылд дзæбидыр йæ цæхæр цæст дары.
Цъæх айнæг ысбыцæу, трамплинау, йæ къахмæ,
Уæддæр ын йæ фидар сæфтæгæй æвзары.

Болатриу уынгæг комы уазал нæ хаты:
Кавказы цыргъытæ – йæ хъазæн, йæ цæуæн.
Уый систа нæ зæххæй арв йе здыхт сыкъатыл,
Лæууы йæм, Антейау, æнустæм быцæуæй.

## ЦУАНОНЫ КУЫВД

Уæ, Æфсати, цуанон лæджы Уастырджи,
Айс лæгау æрра лæппуйы куывд.
Равзар мын дæ рæгъауы ‘хсæн нард сычъи, –
Никуы уыдтæн зыд æмæ фæлывд.

Бафсад æй дæ амæддаджы холлагæй,
Уа хæрзад – йæ фыд, нывыл – йæ сы.
Адæмы нæртон фынгмæ, нæртон лæгау,
Уый хуынæн куыд фæразон хæссын!

## ЗÆРОНД ЛÆДЖЫ ГАДЖИДАУ

Æз хохаг дæн. У, маргъы ‘хсырау, стæм
Фырдзырд лæг уым. Æгъдау ыскæ ‘мæ баназ.
Фæлæ, Хуыцау, дæумæ кувæг ыстæм
Фыдæй фыртмæ, æмæ нын бакæн ахъаз.

Мæн уый фæнды: кæд царды фос у лæг,
Кæд сыджытæй ыстоны, билцъау, рухсмæ.
Уæд-иу ын, Хуыцау, мауал кæн хæлæг
Рæстаг цард дæр. Æфтау ын хор йæ мусмæ...

У не ‘намонд нæхи аххос: лæуу рæвдз,
У денджыз – цард, зон де ‘нгуырæн йæ рæстæг.
Фæлæ уæддæр лæгæй фидауы æрдз
Æмæ йын, Хуыцау, бахай кæн дæ хæрзтæй.

Мæнг кады хъæр, егъау барты бынат
Йæ тарф фыны дæр раууатмæ кæй тæрынц,
Уый басдæрдзæн къæйдур хохы хъуына,
Фæлæ йæ ма ‘взар хицауæй, уæлдæрæй!

Кæмæн судзы йæ тугдадзинты арт,
Ыстонг бирæгъау, зыд æмæ кæрæфæй,
О стыр Хуыцау, гъе, уый дæр у дæ бар,
Æмæ йæ бафсад хус дзулæн йæ тæфæй!

Лæгæн йæ хъæнтæй къаддæр у йæ зонд,
Цыбыркъух у æххæст хорзæй дæр царды,
Фæлæ ды ма скæ – уый дæр у дæ бон, –
Æмсæр лæгтæ рæстуд æмæ мæнгардæй.

Пырх лыстæнау нын иумæйаг у зæхх:
Æппæт адæмтæ уæнт æмдзæрин Ирæн!
Цы лæг æмбæхса сау дзул æмæ цæхх,
Фæхæрын сæ кæн уымæн, Хуыцау, бирæ!

## ФЫЦЦАГ ÆМДЗÆВГÆ ЧИ НЫФФЫСТА, УЫМÆН

Цымæ цы рыст дæ удæй та, мæгуыр,
Цы феккуырстæ, хуыцауысконд зæххон лæг?
Дæ сонт хъуыды, дæ фыццаг хъæр, дæ дзырд
Цæуыл уыди, цы номхæссæг, цы домæг?

Рæстдзинад, тох, уæззау царды æргъом,
Йе уарзты суадон фенкъуысти дæ риуæй?
Рæхуыст галау, ныббогъ кодтай æргом,
Æви ыстыдтой фарны зæлтæ цинæй?

Мæ дард фыдæл, нæ мæм æрцыд дæ фыст, –
Æнусты тары байгомыг дæ зарæг.
Фæхъуысы мæм дæ дæндæгты хъыррыст, –
Ыскъæфы ма йæ рæстæджы ныйиазæлд.

Уынын: уый мамонт цуанæтты кæрды,
Йæ даргъ фындзæй кæйдæр астæу ныссаста.
Æххуысмæ йæм дæу бацæуын фæндыд.
Фæлæ æдзæмæй, хины сырдау, кастæ.

Æмæ фыццаг хатт бамбæрстай, кæм ис
Сæ хъауджыдзинад адæм æмæ фосæн.
Ысдзырдта дæм дæ хъæддаг царды рис:
Цæмæн фæзындтæ а зæххыл, цы хосæн?

Мæн дæр ыскодта ацы фарст хъуырмæ,
Нæ уыд мæнмæ дæр а дунемæ хонæг.
Мыййаг, кæд æз дæ хуызæн дæн нырмæ, –
Хуыцауысконд æргъиухъуыды зæххон лæг?..

## ДАРД РУДЗГУЫТЫ РУХС

У æхсæв сабыр. Арвыл ноггуырд мæй,
Сæгъы сыйау, æрцауындзæг и, бахус.
Куыствæллад горæт рагæй у фынæй,
Æрмæст ма хъары дард рудзгуытæй хъарм рухс.

Фæллад цуанонау, адæргъ не ‘хсæн уынг,
Йæ уæлхъус бады хæдзар-куыйтæй алчи.
Цы и сæ мидæг: амонд, катай, зын?
Цæмæн у, цымæ, рудзгуыты рухс саджил?

Кæд мын, мыййаг, йæ дывзагон дзыхæй
Хæссы мæ удæн хæдзæртты рис хосæн.
Æви нæ царды судзæгты тыххæй
Фæлдисы рухсмæ ног фæндтæ философ?..

Æви кæсы йæ сæфт хъæбулмæ мад,
Йæ иунæгмæ. Фæмард ын, бецау, хæсты.
Нæ йын кæны йæ фæлмæн хуыссæн ад.
Нæй радзурæн йæ катайæн ныхæстæй...

Ныгъуылдæй уаты – уарзæттæ. Зыны,
Кæй не ‘фсæдынц сæ фидæныл ныхасæй.
Сæ амонд сын æппæт дуне уыны,
Фæлæ цæрынц, цы, уыдон дæр æдасæй?

Æз хорз зонын, лæджы рæстæг у цъус,
Фæлæ фæнды мæ: дард рудзгуыты хъармæй
Куы судзид сабыр алы ‘хсæв дæр рухс,
Куынæ сæм кæсид иу уд дæр хæрамæй.

*ЦОМАРТАТЫ Изæтбег*

# ЦЪÆХДЗАСТ ДОНЫЧЫЗГ

*Уацау*

Дыккаг хай

Йæ хъустыл дыууæ адæймаджы сусу-бусу уайы, фæлæ сын сæ хъæлæстæ нæ иртасы, æмæ йæ уый дызæрдыг хъуыдытыл æфтауы. Йæ хъаймæты фыдæбæттæ йыл фыны ‘рцыдысты æви æцæгæй? Мæрдтыбæсты ис æви уæлæуыл? Фыны искæй ныхас арф кæмдæр йæ мидæнкъарæнæй фæахсы, ам та йæм æргомæй хъуысы. Æгас у, æвæццæгæн. Æмæ ахæм хъуыддагæн уæвæн куыд и? Æгъатыр гуылфæн æй йæ быны куы ассæста, уæд дзы сæрхызтæй куыд аирвæзти? Кæд мард у, æмæ йæ уд арвмæ стахти. Æмæ удтæ дæр кæрæдзимæ зæххон цæрджытау дзурынц? Йæ зонд сабыргай куыд ирддæргæнгæ цæуы, афтæ тынгæй-тынгдæр æмбары, уæлæуыл кæй ис, æмæ йын йæ кой цардæгас сылгоймаг æмæ нæлгоймаг кæй кæнынц, уый. Кæд Зоя æмæ Барсæг сты?! Нæ, нæ! Уыдонимæ фембæлыны бæсты фæстæмæ йæхи донмæ баппардзæни!

– Хуыцау адæймаджы куынæ мара, уæд ын дурты бын дæр ницы уыдзæн. Йæ цурмæ дæ уымæн барвыста, цæмæй йæ сæфын ма бауадзай.

– Ды раст дæ, æндæр уыцы афон уым цы агуырдтон?

---

* Дарддæр. Райдайæн журналы фароны 9-æм æмæ 10-æм номырты.

– Æцæг, æцæг. Æхсæвдзу куынæ дæ, уæд дзы цы куыстай?

– Мæ афтид къуымы иунæгæй сфæлмæцыдтæн æмæ йæм, фæстиæттæгæнгæ, фæцæйцыдтæн. Куы ничи мæм дзы ‘нхъæлмæ кæсы, уæд æм, зæгъын, цы тагъд кæнын? Сагъæстыл фæдæн æмæ ацы æнамонды æрæджиау ауыдтон. Хидæй куы атахти, уæд мæ цæстытыл нæ бауæндыдтæн. Афтæ мæм фæкасти, цыма уыцы æбуалгъ ныв мæ фæлгæнæны февзæрди, æмæ цалдæр уысмы æдзæмæй алæууыдтæн, стæй йæ фæдыл мæхи фехстон. Бауырнæд дæ, кæдæм ныххаудзынæн, ууыл дæр нæ ахъуыды кодтон, цы мæ фесхуыста, уый дæр нæ зонын.

– Дохтыры къæрцхъус зæрдæ, дохтыры. Мæлæг адæймаджы ирвæзын кæнын дæ туджы и æмæ уый дæ хъуыдыйы разæй фæци. Мæлыны тас дæр дæ нæ баурæдта.

– Æвзæргæ дæр мæм нæ ракодта. Цы æвирхъау уаваæры бахаудтæн, уый æрæджиау бамбæрстон. Æгæрон тас мæм фæзынди, куынæ йæ ардтон, уæд. Цыма йæ куынæ ‘рцахстаин, уæд йæ мæлæты аххосджын æз уыдаин, уыйау дыууæрдæм силлæг дæн. Мæхи куы иуырдæм æппæрстон, куы иннæрдæм, æмæ ме уæнгтæ ныууæззау сты. Абухгæ уылæнтимæ тохгæнгæйæ, куы бастадтæн, æмæ мæ ныфс бынтондæр куы асасти, уæд ын йæ дзыккутыл фæхæст дæн. Сулæфдзæн ма, уый æнхъæл дæр нал уыдтæн, фæлæ йæ, дæ загъдау, йе сфæлдисæг нæ мардта. Уæвгæ йын нырма цы бæрæг и? Йæ бон æрчъицын дæр куынæ у, мæгуыр. Рынчындонмæ йæ куы ахæццæ кодтаин, уæд æм уым мæнæй хуыздæр базылдаиккой, фæлæ мæм уыцы рæстæг нæ машинæ уыди, нæ телефон. Стæй мæ фырадæргæй æппындæр ницæмæуал арæхстæн. Дæлгоммæ йæ фæфæлдæхтон, йæ дон ын суомын кодтон æмæ йæ нæхимæ ‘рбахастон.

– Дæ бонæй у: дæ хал схаудта. Хуымæтæг чызджытыл не ‘рвæссыс, æмæ дæм Лæгтыдзуар рудзынгæй зæд æрбалæвæрдта. Къахæй-сæрмæ йæм иу аипп дæр нæй.

– Æнæсахъатæй баззайæд æмæ йæм йæхи марыны зонд мауал æрцæуæд, æндæр дзы мæн ницы хъæуы. Исты куы кæна, уæд æй мæ зæрдæмæ хæсдзынæн, цыфæнды зынæй дæр æй дохтыртыл сæмбæлын кæнын хъуыди, зæгъгæ.

– Цавæр дохтырты кой ма кæныс? Терапевт дæ æмæ йæ дæхæдæг федтай, травматологæн æй фенын кодтай. Уый дæм фаг нæ фæкасти æмæ ма йæм мæн дæр æрбахуыдтай. Куыд невропатолог, афтæ дын фидарæй зæгъын: æппындæр ницы

хъуаг у. Цыдæр бæллæх ыл æрцыди, стæй доны фæтарсти, уый æдде ма йæ сæр дæр ныццавта æмæ бауадзыг и. Тагъд йе ‘муд æрцæудзæни, æмæ йæм дæ цæст фæдар. Йæхи дзæгъæлы нæ мардта, æмæ йыл дæу хуызæн уынджын æмбаргæ лæппуйы фæлмæн ныхасæй хуыздæр ницы сахаддзæни, – фæстаг ныстуан дæттæгау ма йын, йæ мидбылты худгæйæ, загъта сылгоймаг æмæ, рог къахдзæфтæгæнгæ, ацыди.

«Казиччы ‘нгæс мæм чи фæкасти, мæлæты дзæмбытæй мæ уый скъахта, æвæццæгæн. Ахæм æдзæстихиз разындзæни, уый куы зыдтаин, уæд ма иучысыл мæхиуыл фæхæцыдаин, æмæ афонмæ мæ сагъæстæй фервæзтаин, ныр та хъуамæ ногæй удхар кæнын райдайон. Хуыцау мæ афтæ карзæй цæмæ ‘фхæры, цымæ? Уыйбæрц хæрам мæм цæуыл у? Мæлæт йеддæмæ мæ дзы ницы хъуыди, æмæ мын уый дæр йæ цæст нæ бауарзта. Мæ фæндæгтæ иууылдæр æхгæд куы ‘рцыдысты, уæд ма ардыгæй кæдæм ацæудзынæн?» – фæрсы Изетæ йæхи, фæлæ йæ фарстæн дзуапп нæ ары æмæ тыхстæй мæлы. Цы дунейæ алидзынмæ хъавыди, уырдæм æй здæхын нæ фæнды, фæлæ кæйдæр хæдзары цъындæй дæр кæдмæ хуысдзæни? Йæ цæстытæ æвæндонæй байгом кодта æмæ цармæ æдзынæг кæсы, цыма дзы, дарддæр цы кæна, уый фыстæй агуры.

– А-а, æрчъицыдтай?! – бахъæлдзæг и фысым, æмæ фæлмæн мидбылхудтæй йæ цæсгом зынгæ фæрæсугъддæр, чызгмæ хæстæгдæр балæууыд æмæ ма йæ ныхасмæ ноджы разæнгарддæрæй бафтыдта: – Иугæр дæхи æрæмбæрстай, уæд дын ницыуал тас у!

Рæстæмбисрæзт мызыхъхъарæзт мыдхуыз лæппу. Йæ зæрдæхæлар тымбыл цæсгом æмæ йæ сæгъдзаст фæлмæн цæстытæ – худæнбыл. Цæудзæн ыл аст æмæ ссæдз азы бæрц. Йе уæлæ – æрвхуыз цыбырдыс хæдон æмæ тæнæг спортивон хæлаф. Йæ къæхтыл – фæсмын дзабыртæ. Иуварсырдыгæй бакæсгæйæ, афтæ зыны, цыма тынг амонджын у æмæ, йемæ чи уа, уымæн дæр йæ амондæй фæхай кæндзæни.

«Цæуыл цин кæныс, цымæ? Дæ хæдзармæ цы мард æрбахастай, уый куы зонис, уæд де ‘нæрхъуыды мийыл фæфæсмон кæнис. Цалдæр азы размæ йæ фырцардбæллонæй артау чи сыгъди, уымæй ма уазал æртхутæг баззади, æмæ йыл цыфæнды ‘хсидгæ цæхæры дæр зынг нал фæхæцдзæни», – йæхинымæр æм æнкъардæй дзуры Изетæ æмæ йæ дæ зæрдæ-мæ зæрдæйæ фæрсы:

– Ды мæ фервæзын кодтай?
– О.
– Цæмæн?
Лæппу йæм ахæм фарстмæ не ‘нхъæлмæ касти, æмæ йæ хуыздзыд тæнæг æрфгуыты мигъ абадти, стæй та йæ цæсгом бахудызмæл æмæ хъазгæмхасæн афтæ бакодта:
– Барастырæн æгæр æвгъау дæ æмæ уал ам лæуу.
– Мæн ацы ‘лгъаг дунейы цæрын нæ фæнды.
– Хъыгагæн, хуыздæр дуне никуы и. Ды кæдæм тырныдтай, уырдæм дын нырма раджы у, æмæ йæм ма тагъд кæ.
– Мæ дзаумæттæ дæр мын ды раластай?
– О. Лакъон доны счъизи сты, æмæ сæ ныхсын хъуыди.
– Цы сæ фæкодтай?
– Итувæрдæй сæ шифанеры сæвæрдтон.
– Рахæсс сæ, æз цæугæ кæнын.
– Кæдæм?
– Ды мæ кæцæй раздæхтай, уырдæм...
– Æндæр кæдæм ацæуай, уый дын нæй?
Чызг æм дзæвгар рæстæг æрхуымæй фæкасти, стæй йæ цæстысгтæ ставд цæппузыртæй æрызгъæлдта. Лæппу йæ цуры ‘рбадти æмæ, мад йæ сывæллоны куы рæвдауа, уыйау йæ ныхæстæ лæгъзæй уафын райдыдта:
– Теркмæ дæ чи батардта, уый æз нæ зонын æмæ дæ фæрсгæ дæр нæ кæнын, фæлæ дæ иугæр дæ хъысмæт мæныл бафæдзæхста, уæд дын æй комкоммæ зæгъын: дæхи марын дæ нæ бауадздзынæн, æмæ уыцы хъуыды дæ сæрæй аппар. Æгъатыр цæфтæ чи ‘взары æмæ уынгæджы бон кæуыл и, уыдон иууылдæр сæ къухтæ сæхимæ куы сисиккой, уæд зæххы къорийы цæрджытæн се ‘рдæджы ‘рдæг дæр æгасæй нал баззаид. Фыццæгтимæ уаин æз, уымæн æмæ мæ ныйййарджыты зонгæ дæр нæ кæнын. Мæ мад мæ уынджы къæйыл ныууагъта, æмæ уым схъомыл дæн. Ацы ныхæстæн сæ зæгъын æнцон у, фæлæ сæ фæстæ цы хъизæмæрттæ ‘мбæхст и, уыдон бауромынæн æндон фæрстæ хъæуы. Мæхи ‘рцауындзынмæ иу æмæ дыууæ хатты нæ хъавыдтæн, фæлæ та мæ-иу фæстаг минут иу хъуыды баурæдта: мæрдты дзæнæтæй уæлæуыл зындон хуыздæр у. Дæ зындзинæдтæм рогдæр цæстæй кæс, æмæ дыл уæззауæй ма ‘нцайой. Кæд дын хæдзар нæй, уæд ам цæр. Ацы уат нæ дыууæйы фаг дæр у.

– Куынæ мæ зоныс, уæд мыл куыд æууæндыс? Уæд та бынтон сæфт дæн.

– Бынтон сæфтмæ ацы дуне ‘лгъаг никуы фæкæсдзæн æмæ йæхи марынмæ не ‘рцæудзæн. Мæстæй сыгъдæг зæрдæ скъуыны...

– Бузныг, фæлæ...мæнæн ам лæууæн нæй...

– Цæуыннæ?

– Æнæзонгæ лæппуимæ цæрын аив нæу.

– Æмæ базонгæ уæм. Мæ ном у Æфсæн. Ноггуырдæй миты сæрыл мæлын кæй нæ бакуымдтон, уый тыххæй мæ адæм афтæ рахуыдтой, æмæ мыл уыцы ном баззади.

– Мæ ном та – Изетæ. Кæй дæ базыдтон, уый мын æхсызгон у, фæлæ æз мæ ныхасы ‘ндæр хъуыды сæвæрдтон...

– Кæрæдзийæн æцæгæлон уæвгæйæ, иу агъуысты цы уавæры уыдзыстæм, уый дæ тыхсын кæны?

Изетæ йын йæ цæстытæй «о», зæгъгæ, дзуапп радта, æмæ йæ цæсгом асырх и.

– Мæнæй ма тæрс. Рæсугъд сылгоймæгтыл йæхи сонтæй чи ‘ндзары, æз уыдонæй нæ дæн. Семæ цыфæнды уавæрты уæвгæйæ дæр мæхиуыл хæцын фæразын, æмæ мын æппæтæй æнæуынондæр сты, чызджытæн сæ лæмæгъдзинадæй чи пайда кæны, уыцы лæппутæ.

– Æз дыл æууæндын æмæ дæ нæ тæрсын, фæлæ...

– Фæлæ цы?

– Ус куы курай, уæд дæ куы бахъыгдарон...

– Куыд мæ бахъыгдардзынæ?

– Хахуыргæнæджы дзырд калмы цæфæй риссагдæр у æмæ алкæмæ дæр хъары.

– Тæлтæг гæркъæрæгты дзæнгæдамæ чи хъусы, ахæм сылгоймаг мæ цардæмбалæн нæ, фæлæ сыхагæн дæр нæ хъæуы, æмæ йæ ницыхуызы ракурдзынæн. Лæг æмæ усы кæрæдзиуыл хъуамæ фидар æууæнк бæтта.

– Æцæгæлон лæппу кæмæ цæры, ахæм чызджы куы бауарзис, уæд ыл нæ фæгуырысхо уаис æмæ йын йе ‘гъдауæй никæй бафæрсис?

– Нагъ. Йæ амонд, чъизи тауыстæ ‘мбырдгæнгæйæ, чи аразы, уый ничи у, æмæ йæ цард иунæгæй куы ‘рвита, уæд хуыздæр у...

– Æз дæу хуызæн нæлгоймагыл никуыма сæмбæлдтæн.

– Стæй йыл нæ сæмбæлдзынæ æмæ йæ агургæ дæр ма кæ, фæлтау дæхи цынай, æмæ исты бахæрæм. Дæ мæрдон цæсгоммæ кæсгæйæ, мæ хъуыры къæбæр нæ цыди, æмæ сæххормаг дæн. Ды дæр, мæнмæ гæсгæ, æфсæст нæ дæ.

Æфсæн сыстади, ваннæ ныхсадта æмæ йæм хъарм дон рауагъта, къæндзыйыл сыгъдæг хисæрфæн сауыгъта, йæ уазæджы дзаумæттæ табуреткæйыл сæвæрдта æмæ йæм хионхуызæй æрбадзырдта:

– Кæд дæм фæкæсын хъæуы, уæд мæ ма ‘фсæрмы кæ: æз дохтыр дæн…

– Бузныг, мæхæдæг ацæудзынæн.

– Дæ сагъæстимæ иунæгæй куы баззайай, уæд та дыл дæ хæйрæджы хай нæ фæтых уыдзæн?

– Ма тыхс, мæн тыххæй цъысымы нал бахаудзынæ.

– Мæхиуыл нæ тыхсын…

– Зонын æй…

– Дуар-иу къæпсырæй ма сæхгæ уæдæ. Куы дæм-иу бадзурон, уæд мын-иу æвæстиатæй дзуапп ратт, мæ зæрдæ дæм куыд нæ ‘хсайа, афтæ.

– Хорз, – йæ сæр зына-нæзына банкъуыста Изетæ, æмæ лæппу райгондæй цæлгæнæны фæмидæг и.

* * *

Æрæджиауы хорзæх дæр хорзæх у. Йæ дæлгоммæгæсæг дымысдæры фæрцы йæ къухы тыхамæлттæй чи бафтыди, уый хабар æм дард æрвнæрды мынæг гуыр-гуырау Терчы уазал улæфтимæ куы ‘рбахæццæ, уæд йæ сау цæсгом фыртæссæй ныффæлурс и, æмæ йе ‘мцæдисон æмбалмæ æххуысагур фæсидти, йæ кусæнуаты, катайгæнгæ, дыууæрдæм фæрацу-бацу кодта, стæй йæ цуры ‘рлæууыди æмæ йын сусæгвæндгæнæгау йæ хъусы бацагъта:

– Уыцы чызг мæ куы банымудза, уæд мæ нæ дыдзæсгом хицæуттæй мæ мадыфсымæр дæр нал ферваæзын кæндзæни. Сæхи сыгъдæгæй равдисыны охыл мæ мæ куыстæй фæсурдзысты, æмæ ардыгæй куы фæхауон, уæд дæуæн дæр дæ амæлæты бонмæ дæ мæгуыры тæф кæлдзæни…

«Арсы йас сырæз æмæ дæ риуы тæрхъусы зæрдæ хæсс. Фыртæссæй ма йæ хъæлæс дæр бамыр и. Тæппуд!» – йæхинымæр ыл бахудти Зоя æмæ йын сабыргæнæн хос дарæгау æнæмæтæй афтæ бакодта:

– Ма дзы тæрс. Барон адæймаг у. Артмæ йæ куы ныддарой, уæддæр ницы зæгъдзæн, дæ кой та æппындæр не скæндзæн.

Тасы цæсты мыст дæр хохы йас у, æмæ йæ ныфсæвæрæн ныхæстæ Барсæгмæ нæ бахъардтой. Цъæххудджынтæм ма иуцасдæр, фесхъиу-фесхъиугæнгæ, фенхъæлмæ касти, фæлæ йæм куынæ зындысты, уæд йæхиуыл æрхудти, сындæггай æрсабыр и æмæ та адæммæ былысчъилæй дзурын райдыдта. Иуæй иннæ дзæбæхдæр чызджытæ сæхицæн æнхъæл дæр кæй не сты, уыцы сæрыстыр директорæн цавæрдæр æнæфенд хъæуккаг сæмпæрчъи тасын кæй нæ бакуымдта, стæй ма йæ хæзгул суæвыны бæсты мæлæт дæр кæй равзæрста, уыцы дыууæ карз æфхæрды йын йæ хиуарзондзинад сæ къæхты бын ссæстой, фæлæ йæ уыдон дæр куыдфæстæмæ суагътой, æрмæст ма иу хъуыддаджы тыххæй йæ зонд йæ гаччы сбадын нæ фæразы. Рæстæг куыд цæуы, афтæ, цы диссаджы зæрдæагайгæ сылгоймагæй фæхауæццаг и, уый тынгæй-тынгдæр æнкъары. Æмæ йæ куыд нæ ‘нкъара. Изетæ йын, дурау хуысгæйæ, æвæндонæй цы ‘хсызгондзинад радта, уый йын йе ‘ппæт хæзгултæ барвæндæй, йæ хъæбысы тæлфгæйæ, нæ радтой. Фынæйæ дзы уыйбæрц циндзинад кæм райста, уым ма дзы хъалæй та йæ фæлмæн буары узæлдимæ цас райсид! Уыцы бæллиц ын бонæй-бон æнæсæххæстгæнгæдæр кæны æмæ йын æнцойад нæ дæтты. Йæхи афтæ ‘нкъары, цыма йæ туджы чи ахъардта, ахæм хъылма бадымдта, æмæ дзы йæ бон фервæзын нал у. Хуыссæны йæхи куы ‘руадзы, уæд æм чызг кæцæйдæр æрбахъуызы æмæ йæ фарсмæ ‘рхуыссы, йæ фæтæн риуыл бæгънæгæй фæратул-батул кæны æмæ йыл арт бандзары. Барсæг ма йын суанг йæ хъæлæс дæр фæхъусы:

– Мæ дунейы рухс, мæ цæстытæ дæм æнхъæлмæ кæсынæй куы ныуурс сты, уæд мæм куыд æрæгмæ цыдтæ? Иунæгæй мæ мауал ныууадз, æнæ дæу амæлдзынæн.

Йе ‘ндæрджы бæсты йæм йæхæдæг куы ‘рбацæуид æмæ йын ацы ныхæстæ йæ сæнтты йе ‘мыджырæн дзурыны бæсты йæхицæн æргомæй куы зæгъид, уæд ын, чи зоны, йæ рæдыд ныббарид æмæ йемæ бацæрид. Бæгуыдæр бацæрид, уымæн æмæ йæ зæрдæйæ иу минут дæр нæ цух кæны. Æнхъæл уыди, иннæ сылгоймæгтау дзы ‘рбайрох уыдзæни, фæлæ йæм уыдонæй хъауджыдæр, æрцахсын чи нæ комы, ахæм æрвон тых ис, æмæ йын уый йæ буары алы чырæгæн дæр удцырынгæнæн хос дары.

Ноджы ма йын Зоя дæр йæ ардауæн ныхæстæй йæ туг æхсидын кæны:

– Зондджын уæвгæйæ, тынг æнæрхъуыды дæ, æвæдза.

– Цæй тыххæй зæгъыс?

– Дæ къухтæм дын дзæнæтон маргъ радтон, æмæ йæ ауагъ-тай.

– Æз æй нæ ауагътон, фæлæ йæхæдæг атахти.

– Ай-гъай фæтахти. Де ‘буалгъ фидистæ дын куы фехъуыс-та, уæд дæ фæтарсти, æмæ йæ сæр йæ кой сси.

– Фынæй куы уыди, уæд сæ кæцæй фехъуыста?

– Ницы уыди фынæй.

– Цæмæй йæ базыдтай?

– Йæ зæрдæйы уагæй.

– Куы йын балæгъстæ кæнин, уæд йæ тæргай нал ссæуид, цымæ?

– Балæгъстæ кæныны размæ уал æй ссарын хъæуы.

– Горæтæй дарддæр нæ ацыдаид. Бацагур æй, дæ мæлгъæвзаг æм ауадз æмæ йæ сразы кæ.

– Цæуыл?

– Мемæ бацæрыныл.

Зоя йæм фæрсæгау бакасти æмæ йæ хъавгæ фелхыскъ кодта:

– Уæд дын хæлд æмæ æдзæсгом куы уыди…

– Уыцы дзырдтæ мæ мæ фырмæстæй схаудтой.

– Куы та дзы алгъæд уай æмæ та дæхи куынæ бауромай… Æххормагæй иуырдæм дзурыс, æфсæстæй та – иннæрдæм, цыма дзадджын фынгыл бадыс…

– Мæхицæн дæр сæ нал зæгъдзынæн, æрмæст мæм æй фæстæмæ ‘рбаздах.

– Æз Хуыцау нæ дæн.

– Кæд мæ дæ хæларыл нымайыс, уæд ма мын иу хорзы бацу, дæ куырысдзауы миниуджыты къуыбылой райхал æмæ йæ ‘рбакæ.

– Де знаджы дæ уæрагыл сбадын кæ æмæ йæм дæ цæст дар, йæ алы къахдзæф дæр ын куыд уынай, æмæ дын куыд ницы фыдбылыз скæна, афтæ – ахæм зондимæ йæ агурыс æви дæ æцæгдæр дæ цард саразынæн хъæуы?

– Нæ зонын, нæ зонын. Куы ацыди, уæдæй фæстæмæ мæ зæрдæ йæ бынаты нал и. Мæ хъуыдыты йыл æхсæвæй-бонæй мæхи ирхæфсын æмæ дзы мæ бон фервæзын нæу. Ахæм уавæры фыццаг

хатт дæн, æмæ йын йæ фарсмæ амондджын лæг куы фенон, уæд сæ дыууæйыл дæр нæ бацауæрддзынæн.

– Кæд æм ахæм зæрдæ дарыс, уæд дын æй ссардзынæн.

Адæймаджы цы бафæнда æмæ цы нæ бакæндзæн. Уæвгæ, «цы бафæнда» бынтон раст нæу. Йæ былыцъæрттæ йæм нæ хæры, фæлæ агуры, зилы, фæрсы. Хицау дæм цыфæнды ‘ргомздæхт куы уа, уæддæр хицау у, æмæ йæ коммæ куынæ бакæсай, уæд дæ гуырæй райгæ у. Уымæ гæсгæ йын йæ курдиат æххæст кæны, стонг куыдзау смуды æмæ кæртытæ сгары. Фыццаг хатт кæй фены, уыдонмæ дæр йæхи байсы æмæ сæм аивæй йæ хъус фæдары. «Сылгоймæгтæ хосы мæкъуылы лыстæг судзин куы ссардзысты, уæд сын, йæхи чи мардта, уый æнæ раргомгæнгæйæ, куыд аирвæздзæни?» – уыцы æууæнк ыл базыртæ ныссагъта, æмæ нæ фæрæдыди. Куыддæр Изетæ йæ ног фысымы къæсæрæй рахызти, афтæ йыл сыхы устытæ сæ цæст æрæвæрдтой æмæ йын уайтагъд йæ хъуыддæгтæ базыдтой. Цы нæ бакодта, уыдон та йыл сæ фырхæлæгæй ныххуырстой. «Кæд æм цæсты тигътæ нæ лæууынц, уæддæр нæ хуыздæр ницæмæй у, уымæн æмæ мах уымæй хъауджыдæр æгъдауджын æмæ хиуылхæст стæм». Ахæм хиуылæрвæссондзинадимæ йын йе ‘цæг æмæ æрымысæггаг хабæрттæ кæрæдзийæн дзырдтой. Иу хатт нæ, фæлæ бирæ хæттыты, æмæ Зояйæн йæ хъул сах абадти. Йæ директоры зæрдæ балхæныны фадат та йын фæци, æмæ сæм лæмбынæг æрыхъуыста.

– Йæхицæй сæфтдæр чызг нæй. Скъоладзау ма куы уыди, уæд лæппутимæ хатти, æмæ йæ йæ мад йæ хæдзарæй ратардта.

– Уый фæстæ горæты фыдгæнджытимæ йæхи сбаста, æмæ йын бæгънæгæй йæ гуыбыныл къамæй хъазыдысты.

– Уыдон дзы куы схъыг сты, уæд иу хъæздыг лæджы ‘рцахсынмæ хъавыди, фæлæ йæ къухы нæ бафтыди, æмæ йæхи доны баппæрста.

– Йæ сины саст фæрæстмæ и. Комы йаргъ лæппуйыл фæхæст и, æмæ йæхи афтæ дары, цыма йыл нæл бындз дæр никуы абадти.

– Æфсæнæн дæр цы загъдæуа? Уынджы, удхаргæнгæйæ, схъомыл у, дæхицæй æрдхæрæны дохтыр рауайын кæ æмæ ахæм хæлд чызджы дæ хæдзармæ ‘рбакæ.

– Мæнæн ыл мæ зæрдæ нæ худы. Сылгоймаг уæвгæйæ æз йæ уындæй æрратæ куы кæнын, уæд æнæус лæппуйыл цы фæрстæ и?

– Уыцы рæсугъд гацца йын йæ сидзæр удæй куыд фæхъаздзæн, уый фендзынæ.

– Кæй кой кæнут, уый кæм цæры? – нымдгæнгæйæ, сæ бафарста Зоя, æмæ йæм халассæр ацæргæ ус йе ‘ргом раздæхта.

– Мах дыууæ адæймаджы кой кæнæм. Дæу дзы кæцы хъæуы – Æфсæн æви Изетæ?

– Æфсæн.

– Æмæ дзы цы кæныс?

– Дæсны дохтыр æй хонынц, æмæ йæ мæ зæрды цæмæйдæр бафæрсын ис.

– Йæ фатер уæртæ уыцы кооперативон хæдзары. Кæройнаг къæсæрæй мидæмæ куы бахизай, уæд фыццаг уæладзыджы рахизырдæм базил. Зæронд æнæахуырст дуар ын. Æртæ азы размæ йæ куыд балхæдта, афтæмæй йын æнæвнæлдæй лæууы. Йæ бынаты ‘ндæр исчи афонмæ рынчынты гæртæмттæй йæхицæн цъæхсæртæ аскъæрдтаид, уый та йæ иунæг уат дæр нæма сцалцæг кодта. Æхцайы коймæ йæ цæсгом асырх вæййы, æмæ адæймаджы йæ кабинетæй рарвиты.

– Ныр сæхимæ и, цымæ?

– Æнхъæл нæ дæн. Йæ рынчынтæй æрæгмæ суæгъд вæййы, æмæ йæм-иу фæстæдæр æрбауай.

– Хорз. Бахъыгдардтон уæ, æмæ мын ныббарут, уæ хорзæхæй, – къæмдзæстыгхуызæй сæ хатыр ракуырдта Зоя æмæ сæхимæ атындзыдта, Изетæйы дзаумæттæ, йе ‘хцайы муртæ æмæ йын йæ документтæ рагацау цы гыццыл чумæданы сæвæрдта, уый фелвæста æмæ фæстæмæ фездæхти, фæндагыл уардитæ алхæдта æмæ Æфсæны дуар бахоста. Чызг æм куы ракасти, уæд ын хъæлдзæгæй салам радта, дидинджытæ йын йæ къухы фæсагъта æмæ, ныхасгæнгæ, барджынæй йæ иувæрсты мидæмæ бацыди:

– Доны сæ нывæр, æмæ тынгдæр райхæлой.

Изетæйæн фыртыхстæй йе ‘фсæртæ кæрæдзиуыл бандæгъдысты. Цыма йæ цуры тугдзых сырд и, уыйау æм æгомыгæй кæсы æмæ ницы дзуры.

– Куыд дæ ссардтон, ууыл дис кæныс? Адæмы цæст уынаг у, æмæ дзы бамбæхсæн ницы и. Дæ сыхæгтæм куы байхъусис, æцæг дисы уæд бацæуис. Цынæ дыл æрымысыдысты, ахæм нал баззади. Скъолайы ахуыр кæнгæйæ, хъæуы læппутимæ родтæм кæй цыдтæ, уый тыххæй дæ дæ мад хъиладзагъдæй фæсырдта

æмæ ныр уым иунæгæй тухæнтæ кæны, ды та ам дæ уды дзæбæхæн фыдгæнджытимæ хæтыс. Сæ ныхæстæм гæсгæ ма дын бæгънæгæй дæ гуыбыныл къамæй дæр фæхъазыдысты. Барсæджы ‘рцахсыныл афæлвæрдтай, фæлæ дын дзы ницы рауади æмæ доны дæхи баппæрстай. Кæдæмфæнды куы лидзай, уæддæр уыцы фидистæ дæ фæдыл зилдзысты æмæ дæ тухæнæй мардзысты. Цæмæй сæ фервæзай, уый тыххæй мæм фæстæмæ ‘рбаздæх...

– Давыныл мæ бафтыдтай, фынæйы хос мын бадардтай æмæ мæ де ‘нæгъдау æрдхордæн хынджылæг кæнынмæ радтай. Цы ма дæ хъæуы мæнæй? – йе ‘фсæрты баст райхæлд Изетæйæн, æмæ йæ йæ цæстыты æнæуынон цæхæрæй судзы. – Кæд уæхицæн æрцахсынæй тæрсут æмæ мæ ‘рлæгъз кæнынмæ хъавут, уæд æрсабыр ут. Никæдæм уыл бахъаст кæндзынæн. Цы стут, уый базыдтон, уæ чъизи митæ уе ‘мбыд удыхъæдæй кæй цæуынц, уый бамбæрстон æмæ уыл нал дис кæнын, фæлæ ма мæ уæддæр дæумæ иу фарст раттын фæнды.

– Табуафси, ратт æй. Цы у?

– Дæ ахсæн байдзаг кæныны тыххæй хъуамæ цæргæбонты цагъайраджы къæлæт хæссай æмæ де ‘нæуаг хицауы раз дæ уæрджытыл лæууай?

– Хуыцауæй дæ бауырнæд, мæхи тыххæй нæ архайдтон. Дæуыл мæт кодтон. Æнхъæл уыдтæн, уе ‘хсæн цы ‘фсæн уарт и, уый куы айсон, уæд дæ бон базондзынæ æмæ дæ уавæрыл сразы уыдзынæ, мæгуыр чызг уæвгæйæ, хъæздыг цардмæ бахаудзынæ æмæ дæ зынтæй фервæздзынæ.

– Ныр та кæуыл мæт кæныс? Мæныл æви ууыл?

– Уæ дыууæйыл дæр.

– Æмæ мæ йæ хæзгул уымæн аразыс?

– Йæ хæзгул дæ нæ аразын, фæлæ йæ цардæмбал.

– Ома?

– Йæ бон дæ ферох кæнын нæу æмæ дæ курынмæ хъавы.

– Къайады хæдзары мемæ йæхи ‘рфысдзæни?

– О.

– Æмæ уæд æдзæсгом гацца нал уыдзынæн, æгады гакк ыл нал æвæрдзынæн æмæ йæ адæммæ чъизийæ нал æвдисдзынæн?

– Уыцы ныхæстæ ферох кæ æмæ дæ цард сараз.

– Ахæм ныхæстæн ферохгæнæн нæй, уæлдайдæр сæ де ‘лгъаг тыхгæнæгæй куы фехъусай, уæд.

– Хуыздæр æй куы зонис, уæд æй нæ къахис. Йæ кусджытæм куыд лæгъзæй дзуры, ахæм къухылтухгæ лæг нæу. Йæ мадыфсымæр обкомы кусы, æмæ йæ директоры къæлæтджыны уый дары, æндæр ахæстонæй æддæмæ нæ цæуид. Йæ сонт миты тыххæй дзы цалдæр азы фæбадти æмæ бынтондæр сфыдæх и. Мæстыйæ йæ хуылфы хъæддаг сырд райхъал вæйиы æмæ æппындæр никæуылуал фæцауæрды. Уый æдде ма æнæфсис у æмæ иу ранæй дæр йæ фарчы хай æнæ ратонгæйæ нæ уадзы. Иугæр дын дæ адджын буарæй фæхъæстæ и, уæд дæм ногæй æмæ ногæй йæ бæттæнтæ тондзæни æмæ дæ йæхимæ здахдзæни. Куынæ йын бакомай, уæд та дын дæ уд сласдзæни.

– Ласинаг мæм ницыуал и. Цы лыстæг халыл ма хæцыди, уый сымах стыдтат, æмæ мæ риу сафтид и, фæлæ уæм уæддæр фыд зæрдæ нæ дарын. Уе ‘наккаг митæ уын хатыр кæнын, æцæг мæ иу ран ныууадзут.

– Æз дæ уадзын, фæлæ дæ Барсæг нæ ныууадздзæн. Ардæм дæр мæ уый æрбарвыста, æмæ йын-иу цы зæгъон?

– Цы зындзинад мын сарæзта, уый йыл авд ахæмæй æфтыд фæуæд.

– Дæ фидæныл бæстондæр ахъуыды кæ. Кæмæ цæрыс, уый гæвзыкк у æмæ дын мæгуырдзинадæй дарддæр ницы ратдзæн. Йæ сыхæгты ныхæстæм гæсгæ йыл хъуын-æрду никуы ‘рхæцдзæн. Дзуарылæгæй йæ сыгъдæгдæр хонынц, æмæ йыл дæ зæрдæ ма дар. Дæ хабæрттæ дын куы базона, уæд дæ уынгмæ аппардзæн, æмæ дын фыдгæнджытæ æцæгдæр дæ бæгънæг гуыбыныл къамæй хъаздзысты.

– Дзæгъæлы йæ тæрсын кæныс. Цытæ дзы радзырдтай, уыдонæй æвзæрдæр хабæрттæ ма дзы куы фехъусон, уæддæр ыл мæ зæрдæ нæ сивдзынæн æмæ йæ мæ хæдзарæй нæ атæрдзынæн, – агъуыстмæ ‘рбахызти Æфсæн æмæ ма йæ ныхасмæ карзæй бафтыдта: – Дæуæй та иу хъуыддаг курын. Дæ хицауæн зæгъ, æмæ мæ усæн йæ кой дæр куыд никуыуал скæна, афтæ.

– Ахæм зондимæ дæхи байсафдзынæ. Барсæг хæлæггæнаг æмæ æгъатыр у. Йæ рæсугъд хæзгул искæй рæвдауа, уый йæ нæ бафæнддзæн æмæ дæ ингæнмæ батæрдзæн, – бартхъирæн æм кодта Зоя æмæ дуар йæ сæрыл ахаста.

Изетæ йæ фысыммæ бузныджы цæстæй бакасти, стæй хуыссæныл ныддæлгом и æмæ кæуыныл схæцыди. Йæ зæрдæ цæй тыххæй суынгæг и, уый Æфсæн нæ бамбæрста æмæ йæхи раст кæнынмæ фæци:

– Мæ ус дæ кæй рахуыдтон, кæд дын уый фæхъыг, уæд мын бахатыр кæ. Цæмæй дæ мауал хъыгдарой, уый тыххæй йæ загъ-тон. Æнæуи та... бар дæхи...Мæ бинойнаг уæвын дæ куы бафæн-да, уæд дæ 'хсызгонæй скæндзынæн, куынæ дæ бафæнда, уæд та дæм æфсымæры зæрдæ дардзынæн æмæ дæ, кæй бауарзай, уымæн мæхи хойау ратдзынæн.

– Адæм мæ цъыфимæ куы сызмæстой, æмæ зæххæй сисынмæ дæр куы нал бæззын, уæд дæ цард мемæ куыд бæттыс?Дæхицæн счъизи уæвынæй нæ тæрсыс?

– Искæмæн дæ уд раттынмæ куы тырнай, уæд уый стыр амонд у, амонд та сыгъдæггæнæн суадон у, æмæ йыл чъизи нæ хæцы. Ды мын Хуыцауæй лæвæрд дæ, æмæ мыл демæ иу рыджы мур дæр нæ абаддзæни.

«Ды мын Хуыцауæй лæвæрд дæ...» Ацы ныхæстæ кæддæр йæхæдæг Хъазыбегæн дзырдта, ныр та йын сæ Æфсæн йæхицæн дзуры. Цы зæрдæйы уагæй сæм хъусы, йæ уарзон дæр сæм уыцы зæрдæйы уагæй хъуыста, цымæ? Хуыздæр зæрдæйы уагæй сæм куы хъуыстаид, уæд æй ницавæр цæлхдуртæ баурæдтаик-кой, æмæ йæм йæ фазыл дæр æрбабырыдаид. Кæд æцæгдæр афтæ у, уæд æй йæ зæрдæйæ цæуыннæ арæцугъы æмæ дзы ацы сызгъæрин лæппуйы цæуыннæ сæвæры? Йæ бон нæу? Æмæ уæд цæуыл хъынцъым кæны? Хъазыбеджы бынаты йын æвæрын кæй нæ комы, æмæ йæхи хорз адæймагæй кæй æнæхай кæны, ууыл? Æви йæ зæрдæ йæ коммæ кæй нæ кæсы æмæ йæ иудадзыг сæрсæфæнмæ кæй тæры, йæ цæссыгтæ уромын уый тыххæй нæ фæразы?

– Æрсабыр у, дæ хорзæхæй. Чи дын смаст кодта, уыдон дæ иу цæссыджы аргъ дæр не сты, æмæ сæ ферох кæ, – дзуры йæм Æфсæн æмæ йын йæ дзыккутæ сабыргай дауы. – Мацæмæ сæ дар. Амæй фæстæмæ дæ 'фхæрын никæмæнуал бауадздзынæн. Кæд дæ мад æцæгдæр хъæуы иунæгæй тухæнтæ кæны, уæд дын æй æрбахондзынæн, æмæ ам демæ уыдзæни, раздæрау та дæ рæвдаудзæни æмæ дæм æнкъард хъуыдытæ хæстæг нæ уадз-дзæни.

Изетæ фæхъус и æмæ исдугмæ æдзæмæй алæууыди, стæй йæ сæрыл схæцыди, йæ хуылыдз цæсгом æм разылдта æмæ, йæ цæстытæ ныхъхъоппæг кæнгæйæ, тыххæйты сфæрæзта зæгъын:

– Мæ мады дæр ма дæхимæ хоныс?

– Ды кæм цæрай, уым дæ мадæн цæуыннæ и цæрæн?

– Диссаджы адæймаг дæ, адæймаг нæ, фæлæ зæд. Уынджы куы схъомыл дæ, уæд дæм уыйбæрц уæздандзинад кæцæй ис?

– Уый уæздандзинад нæу, фæлæ хиуарзондзинад у. Мæ мадæй цы тавиц нæ райстон, уый дæ мадæй исдзынæн...

Йæ хъæлæсы фæлмæн мыртæм хъусгæйæ, Изетæйæн йæ цæссыгтæ ноджы тынгдæр фемæхстысты. Йæ зæрдæйы уаг æм куы аивид æмæ йын йæ цард куы срæсугъд кæнид, уый йæ фæнды, фæлæ йæхиуыл йæ бон нæ цæуы. Хъазыбег æм аргъауы хъайтарау урс бæхыл кæй æрбацæудзæн æмæ йæ 'мбисонды дунемæ кæй ахæсдзæн, уый йæ уырны æмæ йæ бузныггады 'нкъарæнты йæ судзгæ уарзтыл уæлахиз кæнын нæ уадзы.

* * *

Бæласы къалиуыл рагхус æруад сыфтæр æрхауынæввонгæй куы лæууа æмæ, дзедзыройгæнгæ, йæ фæстаг минуттæ куы нымайа, уыйау арвæй зæххы астæу мæнгуд халыл кæй хæцы æмæ йæ йæхицæн исты сæрфат скæнын кæй хъæуы, уый æмбары. Кæд йæ фысым цыфæнды быхсаг æмæ зæрдæхæлар у, уæддæр, рæсугъд цыбæлгæнæг чызджы фарсмæ хуысгæйæ, мархо дарын бирæ кæй нæ бафæраздзæн æмæ дзы иу афон дзуапп кæй æрдомдзæн, ууыл дызæрдыг нæ кæны. Сæ хуыссæнты 'хсæн дыууæ метры дæр нæй, æмæ йæм цардбæллон æвзыгъд лæппу йæхи тыххæй уромы. Æхсæв-бонмæ йæ диваны тыхст рынчынау рафт-бафт кæны. Рæстæгæй-рæстæгмæ ма йæ хъæрзын дæр ссæуы. Куыд хъизæмхар кæны, уый Изетæ уыны æмæ йæм афтæ кæсы, цыма уæларвон сыгъдæг уды цæхæрмæ дары, æмæ йын абон нæ, райсом йæ тæригъæдтæ фидын райдайдзæни. Йæ уарзоны азарæй цы зындзинæдтæ бавзæрста, уыдон ыл сау сынтытау куы 'ртыхсынц æмæ йæ гæбазгай куы фæтонынц, уæд Æфсæнмæ йæ зæрдæ ногуагъд цъиуы пакъуыйау æрфæлмæн вæййы, æмæ йæ 'рфæнды йæ хъæбысы 'рсабыр уæвын æмæ йе 'ппæт æлхынцъытæ дæр уыцыиумæ райхалын.

«Цы дын уыдзæни? Хъахъхъæнинаг дæм куы ницыуал ис, уæд ма цæмæй тæрсыс?» Ацы æгадгæнæн ныхæстимæ йæм Хъантейау кæй нæ лæбуры æмæ йын йæ дæлбар уавæрæй кæй нæ пайда кæны, æрмæст уый тыххæй дæр ын аргъгæнæн и. «Аргъ, аргъ...Ехх! Аргъ кæнын æмæ уарзын кæрæдзимæ афтæ дард куынæ уаиккой...» «Уæд цы? Казиччы ныууадзис æмæ Æфсæнмæ смой кæнис?» «Нæ». «Цæуыннæ? Æгæр хорз дын

у? Мæлæты дзæмбытæй дæ скъахта, йæ уаты дæ ‘рфыста, зæдау дæм кувы æмæ дын алыхуызон адджинæгтæ хæссы. Дæ мады дын йæхимæ хоны. Цæмæй дæ зæрдæйы их стайа, æмæ йæм смой кæнай, уый тыххæй ма дын цы хæрзты хъуамæ бацæуа?» «Казикк куынæ уаид, уæд мæхицæн Æфсæнæй хуыздæр лæг нæ равзарин». «Куы уаид…Куынæ уаид… Равзарин… Нæ равзарин…Казикк нал и, фесæфти, зæххы скъуыды ныххаудта. Кæй йæ нæ хъæуыс, уый ма дын цы хуызы бамбарын кæна? Зæрдæ дын цы æртæ азæй бавæрдта, уыдон кæд аивгъуыдтой, уый ма дæ рох дæр куы фæци, уæд дзы дæхи кæдмæ сайдзынæ? Иу уыйбæрц ма сыл куы бафта, уæддæр дæм нал фæзындзæн, æмæ иунæгæй баззайдзынæ. Цалынмæ Æфсæнæй дæр нæ фенæхай дæ, уæдмæ йæ дæ риумæ ‘рбалхъив. Уый дæ тавицæй самонджын кæндзынæ, дæхи та йæ уарзондзинады артмæ тавдзынæ». «Нæ, иугыццыл ма банхъæлмæ кæсон. Йемæ цæргæйæ мæм Казикк куы ‘рбацæуа, уæд фырфæсмонæй мæхи бахæрдзынæн».

Йæ бонтæ, йæхиимæ тохгæнгæйæ, æрвиты. Йæ фысымæй æфсæрмы кæны, фæлæ йæ æбæрæг уаваræй куыд фервæза, уый нæ зоны. Йæ къах æй хъæумæ дæр нæ хæссы, æнæус лæппуйы хæдзары цæрын дæр йæ цæсгом нæ хъæцы. Йæ мидхъуырдухæнæй куы сфæлмæцы, уæд йæхиуыл йæ къух ауигъы æмæ йæ хъысмæты лæварыл сразы вæййы, йæ дзаумæттæ раласы æмæ, йæ зæрдæйы гуыпп-гуыпмæ хъусгæйæ, Æфсæны хуыссæнмæ йæ къахфындзтыл фæцæйцæуы, фæлæ йын Хъазыбег йæ фæндаг æрæхгæны æмæ йæ фæстæмæ аздахы. Йæхи афтæ цæмæ дары, уый лæппу нæ зоны, фæлæ йæ цыдæр кæй хъыгдары, уый йæ кæцыдæр æнкъарæнæй хаты æмæ тухæнæй мæлы. Кæд æй йæ сагъæстæ сæ быны ‘вдæрзынц, уæддæр ахæм хуыз æвдисы, цыма Изетæ йæ цуры кæй ис æмæ йемæ иу уæлдæфæй кæй улæфы, æрмæст уый тыххæй дæр амонджын у. Адæм сын лæг æмæ ус æнхъæл сты, æмæ сæ рæстæгæй-рæстæгмæ цымыдисæй куы иу афæрсы, куы иннæ:

– Цæй, ницыма æви?

Æфсæнæй ма йе ‘рдхорд хынджылæг кæнын дæр райдайы:

– Кæд дзæдæл дæ, уæд искæмæн балæгъстæ кæ, æмæ дæ хæдзарæй сывæллоны цъæхахст райхъуыса. Дзуттæгтæм цы ныхас и, уый нæ зоныс?

– Цы?

– Гал кæйфæнды уæд, род нæхи уыдзæн.

Фидистыл сахуыр и, æмæ йыл уыйбæрц нал ахадынц, фæлæ ахæм дудаг æлхысчъытæ иудадзыг куы хъусай, уæд сæ æнæ удхъизæмарæй куыд хъуамæ быхсай? Ноджы ма дæ зæрдæ алыхуызон мæстытæй куы байдзаг уа, æмæ дæ дæ рыст фæрогдæр кæныны тыххæй искæмæн дæ зæгъинæгтæ зæгъын куы фæнда, уæд цыфæнды хиуылхæстæй дæр дæ дзыхыл куыд хъуамæ ныхæцай? Æмæ иу бон йе ‘мбалмæ йæхи нал баурæдта:

– Ныууадз мæ, дæ хорзæхæй! Изетæ мæ ус нæу!

– Уæдæ иумæ куыд цæрут?

– Хо æмæ ‘фсымæрау.

– Æмæ дыл йæ зæрдæ нæ худы?

– Нагъ. Кæй йæм не ‘валын, уый ма йын æхсызгон дæр у. Мæнмæ гæсгæ, кæйдæр уарзы æмæ йæм æнхъæлмæ кæсы. Йæ бон дзы куы базона, уæд мæм, чи зоны, йе ‘ргом раздаха.

– Æмæ ахæм æгуыдзæг бынаты уæвыныл куыд разы кæныс?

– Хуыздæр гæнæн мын нæй.

– Ис.

– Цы?

– Арвит æй.

– Æмæ дзы уæд цы рамбулдзынæн? Утæхсæнæй уæлдай ницы. Диссаджы хорз чызг у, сабыр, фæлмæн, цæстуарзон. Йæ уд ын куы бацагурин, уæддæр мын æй аваæрид. Иуæй-иу хатт ыл цыдæр зæд атæхы, æмæ мæ бинойнаг суæвынмæ сцæттæ вæйиы. Уыцы рæстæг æй мæ хуыссæнмæ куы бахæссин, уæд мын «нагъ» зæгъын нæ бафæразид, фæлæ кæмæйдæр йæхи суæгъд кæнын нæ фæразы, æмæ йæ ахæм уаваæры мæхимæ раздахын мæ зæрдæ нæ комы. Мæн сылгоймагæн йæ къодах нæ хъæуы, фæлæ йæ уарзондзинад. Æмбарыс мæ?

– Æз дæ ‘мбарын, фæлæ дæ Изетæ кæй не ‘мбары, уый мын мæ тъæнгтæ цæгъды. Кæд дын дæ судзгæ монц дæ цæстытæ ‘хгæны, æмæ йын йæ гæды митæ нæ уыныс? Дæу хуызæн адæймагæн чи нæ аргъ кæны æмæ йæ бинойнаг суа, уымæ чи нæ тырны, уымæн зонджынæй тас нæу.

– Гæды митæ йæм нæй, аргъ дæр мын кæны, æдылы дæр нæу, хорз ын кæй уыдзынæн, уый дæр зоны, фæлæ уæддæр йæхиуыл хæцы, уымæн æмæ мæ йæ цард мемæ сбæттыны фаг нæ уарзы. Бузныджы тыххæй мæм смой кæна æмæ фæстагмæ йæ сæр хойа, уый та мæн нæ фæнды.

– Æмæ, афтæ удхаргæнгæйæ, кæдмæ цæрдзынæ?

– Цалынмæ йæ зæрдæйы сæйраг бынат не ‘рцахсон, æмæ мемæ цæрын йæхицæн стыр амондыл нæ банымайа, уæдмæ.

Адæймагæн йе сæфт йе ‘взагыл баст у. Йæ сусæгдзинад раргом кæнгæйæ, йæхи чызджы къæхты бынмæ кæй æрæппæрста, уый ма фембæрста, фæлæ дзырд нæмыгау у, куы аирвæза, уæд ын æрцахсæн нал и. Йе ‘мбал сæхимæ куы бахæццæ и, уæд йæ къухтæ кæрæдзиуыл ныццавта æмæ йæ усмæ, хъæрæй дзургæйæ, бацыди:

– Царциаты диссæгтæ! Æфсæн æмæ Изетæ, кæрæдзи фарсмæ хуысгæйæ, хо æмæ ‘фсымæры цард кæнынц!

– Кæцæй йæ зоныс? – цымыдисæй йæ афарста ус.

– Йæхæдæг мын æй загъта.

– Чи? Æфсæн æви Изетæ?

– Æфсæн.

– Изетæйæн ма æнæсгæрстæй ды баззадтæ æмæ, зæгъын, кæд дæу сцыбæл кæныны тыххæй йæхицæй æнæвнæлд чызг сарæзта, – былысчъилæй бахудти сылгоймаг æмæ ‘мбисонды хабар йæ хæлæртты хъусы бацагъта. Уыдон æй дарддæр ахастой, æмæ Зоямæ бахæццæ и. Уый йæ йæ хицауæн аппæлыди. Лæг цы фенхъæлдта, Хуыцау – йæ зонæг, æмæ Изетæйыл сагъуыди. Чызг йæ ныхмæ цæхгæр ныллæууыди, æмæ йæм Барсæг бартхъирæн кодта:

– Мæ мады ‘хсыр мын хæрам фæуæд, æз дæ дæ фыды уæларт куынæ баззайын кæнон! Иугæр мæн нæ дæ, уæд макæй у!

– Куыдз рæйы, æмæ йæ дымгæ хæссы, – куыдфæндыйæ йыл йæ къух ауыгъта Изетæ æмæ ма, арф ныуулæфгæйæ, йæ ныхасмæ бафтыдта: – Кæй дзы фервæзтæн, уый цы хорз у!

Æнхъæл уыди, йæ хиуарзондзинад ын цы ‘фхæрæн ныхæстæй фæхоста, уыдоны фæстæ йæ иу ран ныууадздзæни, фæлæ фæрæдыди. Уæвгæ, цы бæрæг и? Чи зоны, Æфсæны мæлæтмæ æппындæр ницы бар дары. Чидæр æй кардæй куы барæхуыста, уæд Барсæг Сау денджызы был йæ фæллад уагъта æмæ йæ райдзаст уаты, уырыссаг чызджытимæ дзаджджын фынгыл бадгæйæ, йæ дынджыр гуыбын алыхуызон хæринæгтæ æмæ ностытæй дзаг кодта. Мæгуыр адæймагæн йæ цард дæр мæгуыр, йæ мард дæр. Æфсæныл фæхæцæг нæ фæци, æмæ йын йæ марæджы агургæ дæр ничи бакодта. Кæд Барсæг Ялтæйы уыди, уæддæр Изетæйы зæрдæ уымæ фехсайдта, сыхæгтæ та йын йæхи фæазымджын кодтой:

– Афтæ кæй уыдзæн, уый æз зыдтон æмæ уын æй дзырдтон, уыцы рæсугъд гацца йын йæ сидзæр удæй фæхъаздзæн, зæгъгæ.

– Æвирхъау уавæрты схъомыл æмæ æвирхъау мард акодта. Ацы кæлæнгæнæгыл куынæ сæмбæлдаид, уæд йæхи хуызæн уæздан сылгоймагимæ исты амонд федтаид.

– Йæ роны калм бавæрдта, æмæ йыл фæхæцыди.

– Иу хатт æй уæддæр куы барæвдыдтаид. Хæстæг дæр, дам, æм не ‘рцыди.

– Уый мæтæй марди. Йæ хæдзар æй хъуыди ‘рмæст. Йæхи дзы ‘рфыссын кодта æмæ йыл йæ фыдгæнджыты сардыдта.

– Йæ гуыбыныл къамæй кæмæн хъазыдысты, уымæй цæмæ ‘нхъæлмæ кастыстут уæдæ?

Сæ ныхæстæ Изетæйы хъустыл æрцыдысты æмæ сын се ‘гъатырдзинадыл дисæй амарди. Бынтон дисы та йæ Барсæг бафтыдта. Цыма йын æппындæр ницы ‘взæрдзинад сарæзта, уыйау æм йæ ног «Волгæ»-йыл фæзынди, Хъарсы фидар басæттæгау йæ разы фæуæлахизуæвæджы лæуд æркодта æмæ йын хъæлдзæгæй салам радта:

– Дæ изæр хорз, мæ хæххон æхсинæг.

– Мæн марынмæ та дæхæдæг æрбацыдтæ?

– Уымæй цы зæгъынмæ хъавыс?

– Дæхицæй æдылы ма араз. Тынг хорз мæ ‘мбарыс...

– Дæ дæлгоммæ ныхæсты цы ‘мбæхсыс, уый æз нæ зонын, стæй мæ хъæугæ дæр нæ кæны. Ды ацы чъизи хъомдонæн æгæр æвгъау дæ æмæ мемæ цом.

– Демæ ‘ргъæу галуаны цæрыны бæсты ацы «чъизи хъомдоны» мæ бонтæ иунæгæй æрвитдзынæн.

– Цæмæн?

– Раздæр дæм æрмæстдæр æлгъ кодтон æмæ дæ ме сæфт уыдтон, ныр та ма дæм марыны зæрдæ дæр дарын.

– Афтæ тынг мæм цæуыл смæсты дæ?

– Æфсæны хуызæн зæдмæ кæй къух батасыди, уый адæймаг нæу, фæлæ тугдзых сырд у, æмæ дзы цас дарддæр уон, уыйас – хуыздæр.

– Кæд æм æцæгдæр ахæм цæстæй кастæ, уæд йæ ус суæвыныл цæуыннæ сразы дæ?

– Уымæн æмæ мæ риуы иу зæрдæ йеддæмæ нæй. Казиччы дзы сæвæрдтон æмæ йæм æхсæвæй-бонæй æнхъæлмæ кæсын. Уæвгæ, мæ сызгъæрин доны цы калын?

Фынæй чызгæн чи тых кæны, уый уарзондзинадæн цы ‘мбары?

– Фынæй æнхъæл дын нæ уыдтæн. Зоя мын афтæ, йæхи, дам, барæй сфынæйхуыз кодта. Фынæйы хос дын бадардта, уый дæр нæ зыдтон, æндæр дæм нæ бавнæлдтаин.

– Уæ дыууæ дæр мæнгард фæлитойтæ стут æмæ уын уæ иу ныхасыл дæр не ‘ууæндын.

– Мæныл бауæнд. Куынæ дæ уарзин, уæд дæм не ‘рбацыдаин.

– Ма мæ ‘фхæр. Фосмæ фосы монцæй сыгъдæгдæр æнкъаræн нæ гуыры…

– Дæ дзых мæм æгæр не суагътай?! Мæн сабырæй чи нæ ‘мбары, уыимæ карзæй дзурын дæр зонын!

– Æппындæр дæ нæ тæрсын! Ацу, æмæ мæ тæфтыл дæр куыд никуыуал ауайай, афтæ! Æрмæст дæ уындæй дæр мæ зæрдæ хæссы!

– Фаджысы хъæндил мыды куы стулай, уæддæр ын йæ ад нæ бамбардзæн! Цы уавæры цæрыс, уымæй хуыздæры аккаг нæ дæ æмæ дзы цæр, фæлæ йæ дæ зæрдыл дар, цалынмæ æз æгас уон, уæдмæ дæм хæстæг никæй бауадздзынæн, æмæ куырм уырыйау иунæгæй ныммæлдзынæ! – мæстæлгъæдæй загъта Барсæг, йæ уадул ын ныдздзæхст ласта æмæ феддæдуар и. Чызг иуцасдæр пъолыл фæхуыссыди, стæй йæ лæмæгъ уæнгтыл тыхамæлттæй схæцыди, Æфсæны къаммæ ‘нкъардæй кæсы æмæ йын уайдзæфтæ кæны:

– Цæрын мæ куынæ фæндыди, уæд мæ донæй цæмæ сластай? Цæмæй дæ ингæныл æвæстиатæй сæмбæлай, мæн та уæлæуыл, хъизæмаргæнгæ, ныууадзай, уый тыххæй? Æз амондæн нæ райгуырдтæн, æмæ мæ ирвæзын кæнын нæ хъуыди…

* * *

Кæд цæфæй нæ мæлыс, уæд дын уый та –ræхуыст.

– Хъазыбег ус кæй куры, уый зоныс?!

Зæхх йæ быны куы нынкъуыстаид, уæд афтæ тынг нæ фесхъиудтаид, йæ рæдæнг æмкъласоны дæрзæг ныхасæй куыд фесхъиудта. Æхсæз æгæрон азы ‘рвылбон дæр цы æбуалгъ хабар фехъусынæй тарсти, уый йын хæларау сабырæй куы бакой кодтаид, уæд æй, чи зоны, афтæ зынæй нæ райстаид, фæлæ йын æй ахæм хъæлæсы уагæй загъта, цыма дзы йæ маст иста, æмæ Изетæйæн йæ цæсгом афæлурс и. Сырхзынг электрон телтæ йæ

буары маргхъæстæ фаттау атахтысты, æмæ йæ нервытæ дудгæ рыст скодтой. Йæ сæр адурдзавд и, ноджы ма дзы уыцы æнæбайрайгæйы судзгæ телтæ дæр дыууæрдæм стырындз сты, æмæ куыройы цалхау разылди. Цæмæй зæхмæ ма ‘рхауа, уый тыххæй йæ марæг уац æрбахæссæджы цонгыл фæхæцыди æмæ йæ саст хъæлæсæй бафарста:

– Кæй куры, уый чи у?

– Мæ-гъа. Нæхи хъæуккаг нæу. Йæ фыд ын йе ‘рдхорды чызджы банымыгъта. Адæм æндæр дис ницæуыл кæнынц, Аркади, дам, йæ рæсугъд лæппуйæн ахæм фыдынд хæйрæджы куыд равзæрста?

– Кæд æй хæссынц?

– Абон.

Чызг ма йын йе ‘мыджыры налатдзинады тыххæй цыдæртæ дзырдта, фæлæ уыцы лыстæг хабæрттæ йæ цæсты ницыуал ахадыдтой, æмæ сæ хъусгæ дæр нал кодта. Йæ сæрымагъзы фыдæлгъыстау ныффидар иу хъуыды: «Казикк ус куры! Казикк ус куры!» æмæ йæ тухæнæй мардта. Ифтыгъд куклайау цыди, йæхицæй фылдæр кæй уарзта æмæ йæ цард кæмæн снывонд кодта, йæ бæллæхтæн кæй тыххæй быхста æмæ æнæрхъæцæй кæмæ ‘нхъæлмæ касти, уымæ. Дун-дунетыл æй æндæр ницыуал хъуыди. Хъуамæ йæ фена, æмæ йæ цæй тыххæй уадзы, уый базона. Цалынмæ йын йæ цæстытæм æдзынæг бакæса, æмæ йыл гадзрахатæй цæмæ цæуы, уый бамбара, уæдмæ не ‘рсабыр уыдзæни. Йе ‘мхъæуккæгты уынын æй æппындæр нæ фæнды. Уынджы бонасадæнгæнæг сылгоймæгты раз къæмдзæстыгæй лæуу æмæ сын сæ былдауæн ныхæстæм рохстæй хъус, се ‘дзæлгъæд фæрстытæн сын дæлвæд-уæлвæд дзуæппытæ дæтт, æмæ сæ кæд фервæздзынæ, ууыл хъуыды кæ. Йæхи сæ бахизид, фæлæ йын æнæ цæугæ нæй. Хъазыбегыл æвæстиатæй куынæ сæмбæла æмæ йæ йæхимæ куынæ раздаха, уæд ыл арв æрхаудзæни. Йæ риуы йын цы рæсугъд дидинджытæ байтыдта, уыдон кæд æфсады иппæрдæй баруадысты, уæд ын сæ хъуамæ фæстæмæ райгас кæна. Уый куыд уарзта, кæй куры, уыцы чызджы афтæ тынг нæ уарзы æмæ йæ ныууадздзæни. Фæсивæды ‘хсæн ахæм цаутæ иу æмæ дыууæ хатты не ‘рцыди. Лæппу ус фæкуры æмæ ‘ндæр чызджы аскъæфы, чызг чындзы фæцæуы æмæ ‘ндæр лæппуйы фæдыл алидзы. Алчидæр йæ цард аразы, куыд æм хуыздæр кæсы, афтæ.

Йæ цæстытыл уайы, йæ уарзонимæ иумæйаг æвзаг куыд ссардзысты æмæ, кæрæдзи къухтыл хæцгæйæ, куыд афардæг уыдзысты, уыцы удрухсгæнæн ныв æмæ йæм уæлæрвты тæхы. Хъазыбег æй куы фена æмæ йемæ зæрдæйæ зæрдæмæ куы аныхас кæна, уæд йæ фæнд аивдзæни, æмæ йæ ничиуал бауромдзæни, уымæн æмæ йын зæххыл уымæй адджындæр адæймаг нæ уыди, нæй æмæ нæ уыдзæни. Цавæрдæр æцæгæлон чызджы йын тыххæй курын кæнынц. О, о, тыххæй! Æмæ уыцы бæллæх æрцæуын хъуамæ ма бауадза, уымæн æмæ рæдийгæ кæнынц. Сæдæ гуырды чи ракæна, уый дæр сын сæ лæппуйы Изетæйы йас нæ бауарздзæни æмæ йын уыйбæрц амонд нæ ратдзæни.

Чындзы куы ‘рбахæссой, æмæ йæ цыд куы фæдзæгъæл уа, уымæй тæрсгæйæ, йæ фатермæ дæр нал бахæццæ. Йæ ногæлхæд хæринæгтæ ‘фсæн асыччы ныппæрста, цы ‘хцайы муртæ ма йæм баззади, уыдонæй такси баххуырста æмæ хъæумæ. Ныртæккæ йæ Хъазыбеджы дуармæ бауромдзæн æмæ йæм комкоммæ бацæудзæн. Уæддæр ын уæлдай нал у. Цæхх цы цæхджын у,уымæй цæхджындæр нал фæуыдзæни. Нæ, сæ дуармæ – нæ. Адæммæ галдзарм куы рахæссай, уæд дзы уафсхор дæр нал равзæрдзæни. Бинонтæ æмæ йын хæстæджытæ йæ хъуыддæгтæ фехалдзысты. Хицæнæй сæ ныхас кæрæдзиуыл хуыздæр сбаддзæни.

Машинæ сыхаг уынджы баурæдта, йæ алыварс аивæй акасти, æмæ йæ цæст куы никæуыл æрхæцыди, уæд ныллæг кауыл цæхæрадонмæ хъавгæ бахызти. Бæрзонд цъæх нартхæртты ‘хсæнты сындæггай цæуы, æмæ сæ коцораты рыг йæ хæмпус дзыккутæм згъæлы. Горæты мæлæты ныфсджын уыди, фæлæ ныр йæ ныфс асасти, æмæ йе ‘ууæнк фæцудыдта. Йæ нысанмæ куыд хæстæгдæр кæны, афтæ тынгæй-тынгдæр тыхсы. Йæ зæрдæ риуы къултыл йæхи хойы æмæ йæ бæттæнтæ æддæмæ тоны.

Дыууæ цæхæрадоны астæу сæрдыгон ныллæг фæткъуыбæлæстæ фаззæттау кæрæдзи фæдыл ныххал сты, æмæ сæ къалиутæ фырзадæй цъæх нæууыл æндзæвынц. Ацы ‘мбисонд дунейы цы амонджын уыди, æвæдза! Йе ‘мбæлттимæ дзы хъазынæй не ‘фсæсти. Мыды хуызæн адджын тутаты, туагбын хæрзад балты æмæ хæрздæф курагаты раз æй хæринаг дæр нæ хъуыди, ныр та сæ уынгæ дæр нæ кæны, уымæн æмæ йæ хъуыдытæ иууылдæр Хъазыбегимæ сты. Ехх, ардæм æм куы рацæуид, аргъауы хъайтартау урс къадзтæ куы фестиккой æмæ, æппындæр хæрамдзинад кæм нæй, уырдæм куы атæхиккой! Уыцы

уæздан урс мæргътæ, дам, кæрæдзиуыл тынг æнувыд сты æмæ, дам, æдзухдæр иумæ вæййынц...

Чындзы разгæмтты цы уаты ‘рлæууынмæ бæллыди, уый гом рудзынг æм разынди æмæ йæм дзы цыдæр хъарм уддзæф раивылди,фæлæ уайтагъд æрбайсæфти, æмæ йыл зымæджы уазал атыхсти. «Рæхджы йæ рæбинаг къуымы дæ бæсты ‘ндæр чызг æрлæудзæни, адæм ыл фæцин кæндзысты, стæй сæ хæдзæрттæм ацæудзысты. Казикк æй йæ хъæбысы сисдзæни æмæ йæ йæ хуыссæнмæ ахæсдзæни...» «Нæ, нæ! Уымæн уæвæн нæй!» «Ис, мæ хæдзар, ис». «Уый æнæсрастгæнгæ хъуыддаг уыдзæни æмæ куыд нæ ‘рцæуа, ууыл бацархайын хъæуы». «Дæ бон нæ бауыдзæни æмæ дзы дæхицæн зæрдæтæ мауал æвæр», – дзуры йын йæ мидхъæлæс, фæлæ йæм нæ хъусы. Стыр бæласы ауон балæууыди æмæ ‘нхъæлмæ кæсы. Удхарæй йæ марынц адæмы дзолгъо-молгъо, сывæллæтты хъæрахст, фæндырдзагъд æмæ къæрццæмдзæгъд. Цыма йын йæ зæрдæйы уаг бамбæрстой, уыйау фæхъус сты, стæй кæрты азæлыди нæлгоймаджы барджын хъæлæс:

– Æмбал кæмæн нæй, уыцы домбай Хуыцау нын нæ хъуыддæгтæ фæрæстмæ кæнæд!

– Оммен, Хуыцау! – хъæрæй ныййазæлыдысты кæстæрты тыхджын хъæлæстæ.

– Нæ хъæуы кадджындæр æмæ зондджындæр лæг Аркади йæ хæдзарæй æвзаргæ хистæрты æмæ цæрæццаг фæсивæды чындзхæссæг æрвиты, æмæ нæ куыд дзæбæхæй цæуынц, фæстæмæ дæр нæм афтæ дзæбæхæй æрбаздæхæнт!

– Оммен, Хуыцау!

– Дыууæ рæзгæ уды сæ амонд баиу кодтой, æмæ æмзайæмзæронд бауæнт!

– Оммен, Хуыцау!

– Сæ буар кæрæдзийæн мыдау фæадджын уæд!

– Оммен, Хуыцау!

– Лæппуйы ус курын куыд нал бахъæуа, чызджы мой кæнын, се сфæлдисæджы цæст сын уый бауарзæд!

– Оммен, Хуыцау!

– Дуне кæстæрæй ног кæны, æмæ, кæрæдзиуыл узæлгæйæ, бирæ цот рауадзæнт!

– Оммен, Хуыцау!

Хистæр цыма йæ тызмæг ахуыргæнæгæн кæйдæр æдзæхх æмдзæвгæ кæсы æмæ фæрæдиинæй тæрсы, уыйау, мин хатты

кæй фехъуыста, уыцы ихсыд ныхæстæ æнæрлæугæйæ дзуры æмæ дзуры. Чынтæй Кæсæгмæ ахæццæ и, хохы дзуæрттæ æмæ быдыры зæдтыл фæзылди, Хоры Уацилла æмæ Фосы Фæлвæрайæ бирæ хорздзинæдтæ фæкуырдта, стæй та ногæй «дыууæ рæзгæ удыл» æрæнцади. Се стыр амондмæ сын кæй бæллы, уый равдисыныл йæ тых-йæ бонæй архайы, æмæ Изетæмæ афтæ кæсы, цыма йæ уды быцъынæг уый мæстæй марынæн скъуыны. Фæнды йæ кæртмæ бахизын æмæ кувæгæй, омменгæнæгæй, цингæнæгæй се ‘ппæтæн дæр алывыдтæ акалын. Йæ хорз дæр æмæ йе ‘взæр дæр кæмæн нæ зонынц, сæ цæсты кæронæй дæр кæй никуы федтой æмæ сæ мисхалы бæрц дæр кæй хъысмæт не ‘ндавы, уыцы æцæгæлон чызгæн зæрдæбын арфæтæ кæнынц, се ‘хсæн чи схъомыл и æмæ усгурыл æрхъæцмæ дæр чи нæ хъæцы, уый та, сæ цин æвдисгæйæ, къуымых кардæй æргæвдынц. «Фæлывд дыдзæсгом дуне калмау йе ‘мбыд хæрв кæд аппардзæн, йæ ног буар хурмæ кæд рарттивдзæн, æмæ дзы мæ хуызæн æфхæрд адæмæн бынат кæд разындзæн?» Куыддæр уыцы хъуыды йæ сæры февзæрди, афтæ иу сабийы, цæхæрадонмæ рацæугæйæ, ауыдта æмæ йæм йæ къух батылдта. Лæппу йæ уæлхъус алæууыди æмæ йæ уæндонхуызæй афарста:

– Цы мæ кæныс?

– Ус чи куры, уый нæ зоныс?

– Хъазыбеджы?

– О.

– Куыннæма йæ зонын. Мæ кæстæр хойыл мын ном Сыбырæй ардæм уый куы сæвæрдта.

– Цы ном ыл сæвæрдта?

– Изетæ.

– Бадзур-ма йæм уæдæ.

– Æз – ныртæккæ, – сдзырдта саби æмæ кæрты фæмидæг и.

«Цы дзæбæх у. Дзыхы къæбæл. Цал азы йыл цæуы, цымæ? Фондз, æвæццæгæн. Мæ сывæллон дæр афонмæ уый карæн уаид», – йæхиимæ ныхæстæ кæны Изетæ. Æнкъард хъуыдытæ йæ сæ фæдыл куы асайой, йæ цæстытæ та донæй куы байдзаг уой, æмæ йæ Хъазыбег фыдындæй куы раййафа, уымæй тæрсы æмæ йæ цæсгомыл райдзаст хуыз æвдисы. «Кæд ын мæ ном афтæ зынаргъ у, уæд мыл йæ зæрдæ нæ сивта. Тæхуды, мемæ куы ацæуид!»

Кæимæдæр ныхасгæнгæйæ, кулдуарæй, мидбылхудгæ, рахызт

мыдхуыз хъуымбылдзыкку бæрзонд гуырвидауц чызг. «Адæм ыл кæрты ‘ргомæй куы цин кæнынц, уæд æй иннæтæй хъауджыдæр фæскъуым сусæгæй чи агуры?» – дисы бацыди йæхинымæр æмæ йæ алыварс цымыдисæй афæлгæсыди. Бæласы бын Изетæйы фендзæни, уый йæ фæсонæрхæджы дæр нæ уыди æмæ фæуыргъуыйау и. Фæстæмæ аздæхыныл афæлвæрдта, фæлæ йæхи æнæуæзданæй равдисыны тæссæй йæ фæнд аивта æмæ йе ‘нæхуынд уазæгмæ ‘лхынцъæрфыгæй цалдæр къахдзæфы ‘рбакодта. Хъазыбеджы бæсты йæм йæ хо рацæудзæни, уый æнхъæл нæ уыди Изетæ дæр æмæ йын цы зæгъа, уый нæ зоны. Йæ уарзонæй райдайын æм аив нæ кæсы æмæ йын куыдфæндыйæ салам дæтты:

– Дæ бон хорз, Андинæ.

– Æгас цу.

– Диссаджы рæсугъд чызг сдæ.

– Бæстырæсугъд куы суон, уæддæр дæу нæ баййафдзынæн.

– Скъолайы ма ахуыр кæныс?

– Нагъ. Техникум каст фæдæн æмæ бухгалтерæй кусын.

– Горæты æви ам?

– Горæты.

– Кæм цæрай, уый дын ис?

– Мæ хæстæджытæм уал вæййын...

– Кæд дæ фæнды, уæд мæнмæ рацу.

– Бузныг. Тагъд мын хъуамæ фатер раттой...

– Кæй дæ федтон æмæ дын дæ хабæрттæ кæй базыдтон, уый мын æхсызгон у, фæлæ æз лæппуйы Казикмæ барвыстон. Бадзур-ма йæм, дæ хорзæхæй.

– Цы дзы кæныс?

– Йæ амонд кæй ссардта, уый тыххæй йын раарфæ кæнон.

– Ам нæй. Кæдæмдæр ацыди æмæ, куы ‘рбацæуа, уæд ын æз дæ арфæтæ ратдзынæн.

– Раст адæймаг кæй дæ, уый дæ цæсгомыл бæрæг у, æмæ дыл сайын нæ фидауы.

– Æцæг дын зæгъын, ам нæй.

– Уый аххосæй куы фенамонд дæн æмæ ‘хсæз азы цардæй мæлæты ‘хсæн куы цоппай кæнын, уæд мæ цы зæрдæйæ ‘рвитыс?

– Уый аххосæй нæ фенамонд дæ.

– Уæдæ?

– Дæхиуыл хæцын кæй нæ бафæрæзтай, уый тыххæй.

– Гъемæ, афтæ дæр фæуæд, фæлæ, æнæ йæ фенгæйæ, нæ ацæудзынæн, æмæ йæ ардæм ракæ. Ма йын тæрс. Кæд мæ цыфæндытæ дзурынц, уæддæр лæппуты хæрын нæма райдыдтон.

– Тæрсгæ йын нæ кæнын, фæлæ йæм бадзурын нæ уæндын.

– Цæуыннæ?

– Мæ фыд мæ куы базона, уæд мын смаст кæндзæн.

– Кæд ды нæ уæндыс, уæд æм æз мæхæдæг бацæудзынæн.

– Нæ, нæ! Фæлæуу! – тыхстхуызæй сдзырдта Андинæ æмæ кæртмæ атындзыдта. Чызджы ахастæй Изетæйы уæнджы цыдæр тас бацыди æмæ йæ къахæй-сæрмæ уигъы. Æппæтæй йын зынаргъдæр чи у, уый йемæ фембæлыныл куынæ сразы уа, уæд цы фæуыдзæн? Нæ, сразы и æмæ йæм æрбацæуы. Бæлвырд фæлæгдæрхуыз и æмæ йæ йæхимæ ноджы тынгдæр ælвасы. Фæнды йæ йæ хъуырыл атыхсын æмæ та йæ раздæрау йæ хъæбысы барæвдауын, фæлæ йæм йæ ныфс нæ хæссы. Зæды бынаты йæ чи æвæрдта æмæ йыл цин кæнынæй чи не ‘фсæсти, уыцы Казикк нал у, æвæццæгæн, æндæр æм ахæм уазал цæстæй нæ кæсид.

– Куыд ма мыл барвæссыдтæ?

Йæ хъæлæс дæр ыл æнахуыр тыхæй ахады. Йæ зæрдæйыл ын дзæм-дзæмы доны ‘ртæхтæ тадзы æмæ йын йæ дызæрдыгдзинад сафы.

– Цæмæн афтæ зæгъыс? – фæрсы йæ дисхуызæй.

– Куы мыл æрвæссыдаис, уæд мын мæ писмотæн дзуапп лæвæрдтаис.

– Кæугæйæ дæм æхсæвæй-бонæй æнхъæлмæ кастæн, фæлæ дæ иу хахх дæр нæ райстон æмæ ‘нхъæлдтон, дæ зæрдæ мыл сивтай. Кæд мæм æцæгдæр фыстай, уæд Аркадийы бафæрс, дæ писмотæ цы фесты, уымæй. Æфсадмæ дæ куы ‘рвыста, уæд дын куыд загътон, уый ма хъуыды кæныс? «Кæд афтæ у, уæд нал фембæлдзыстæм... Дæ фыд æй зоны, цы кæны, уый...» Мæнмæ дæ кæй нал æрбауадздзæн, уый æмбæрстон æмæ дæ мæ тых-мæ бонæй мæ риумæ нылхъывтон, фæлæ дæ бауромын нæ бафæрæзтон.

– Дæхи дзæгъæлы рæстытæ кæныс. Цæмæй мæ суæгъд уай, уый тыххæй ма мын мæ сывæллоны дæр аппæрстай.

– Æз цы зынтæ бавзæрстон, уыдон знаг дæр ма бавзарæд. Габола мын æй адæмы фидисты фæстæ æппарын кодта, фæлæ йæ коммæ нæ бакастæн, æмæ мын къахæй мæ гуыбын фæхоста. Мæ туг кæлгæ мæ рынчындонмæ аскъæфтой, æмæ мæ дохтыр

фервæзын кодта, фæлæ сывæллонæн йæ бон ницыуал баци...

– Горæтмæ дæр дæхи уый тыххæй айстай?

– Иууылдæр мæм фыдгæнæджы цæстæй кæсын райдыдтой, æмæ мын мамæ афтæ, кæм фæхудинаг дæ, уым, дам, иу бон дæр мауал лæуу. Мæ хойы чызгмæ, дам, ацу æмæ, дам, ын...

– Йæ лæджы байс, нæ?

– Уый дæр дæм ныффыстой?

– Уæдæ ма мæ службæйы фæстæ ‘фсады æртæ азы цæмæ ‘рдаудтон? Дæ хабæрттæ дын куы фехъуыстон, уæд мæ зæрдæ асасти, æмæ уым ныллæууыдтæн...

– Зыбыты дзæгъæлы. Уæд ма мæ, чи зоны, уарзтай, æмæ дæм мæ рыст бахъардтаид. Расыггæнаг бынмиз Хъанте мын батых кæнынмæ хъавыди, фæлæ Рифузæ, куыстмæ цæугæйæ, фæстæмæ фездæхти æмæ мæ йæ дзæмбытæй скъахта.

– Йæ лæгимæ хуысгæ дæ кæй баййæфта, уый тыххæй дæ куы ратардта, уæд цытæ дзурыс?!

– Уыцы тауыс мыл, мамæйы зæрдæхудтæй тæрсгæйæ, æрымысыди.

– Барсæгимæ кæй хаттæ, фыдгæнджытæ дын дæ бæгънæг гуыбыныл къамæй кæй хъазыдысты, Æфсæнимæ кæй цардтæ æмæ йæ де ‘рдхæрдтæн йæ хæдзары тыххæй кæй амарын кодтай, уыдон дæр дыл, дæ мады зæрдæхудтæй тæрсгæйæ, æрымысыди?

Изетæйæн та судзгæ телтæ йæ сæры дыууæрдæм скатай сты æмæ йæ тухæнæй марынц. Йæ зæнгтæ бæмбæгæй кондау ныллæмæгъ сты, æмæ, ‘рхауынæй тæрсгæйæ, бæласыл ныддæвдæг и. Хъазыбеджы риссаг æлхысчъытæ йын йæ уд скъуынынц, фæлæ йæ уæддæр нæ уырны, уыцы æбуалгъ ныхæстæ йæ уарзоны дзыхæй хауынц, уый æмæ йын лæгъстæ кæны:

– Бауунд мыл, дæ хорзæхæй. Уыдон иууылдæр хахуыртæ сты. Æз дæ разы ницы аххосджын дæн. Зоя мын фынæйы хос бадардта æмæ...

– Лæппу, уыцы родтæмдзогимæ æгæр нæ фæстиат кæныс?! Разæй дæм ног цард æнхъæлмæ кæсы, ды та дæ зæронд фæлхæрттыл зилыс! – йæ ныхас ын æрдæгыл фескъуыдта Аркадийы тызмæг хъæлæс, æмæ йын цыма йæ зæрдæйы кард атъыста, уыйау йæ цæстытæ азарæй айдзаг сты.

– Фæцæуын, фæцæуын, – разыхуызæй йæм адзырдта Хъазыбег, æмæ Изетæ къахæй-сæрмæ базыр-зыр кодта. Æгъатыр хуыдымы кæй бахаудта, æмæ йæ бынмæ кæй фæласы, уый æнкъа-

ры æмæ дзæгъæлтæ кæны, фæлæ ма уæддæр йæ уарзонмæ йæ фæстаг хъарутæй хаты:

– Ма ацу, Казикк. Мæ уд æрмæстдæр дæуыл лæууы, æмæ мæ куы ныууадзай, уæд аскъуындзæни. Кæй мæ ракурдзынæ, уый тыххæй мын ард куы бахордтай...

– Ам куы баззадаис æмæ нæ рæсугъд ахастдзинæдтæ куы бахъахъхъæдтаис, уæд мæ ныхасы сæрты нæ ахызтаин, фæлæ нын ныр иумæ уæвæн нал и. Дæхи æгæр счъизи кодтай, æмæ мæ ахæм усимæ æгадæй цæрын нæ фæнды.

– «Ды райсомы ‘ртæхæй сыгъдæгдæр дæ.Чъизи дæ чи хоны, уыдон сæхæдæг сты чъизи. Æппæт дунейы дзыллæтæ дыл куы бахъоды кæной, уæддæр мæнæн мæ удæй зынаргъдæр уыдзынæ, уымæн æмæ мæм рухс дæ цæстытæй цæуы, хъарм – дæ зæрдæйæ». Ацы ныхæстыл æууæндон, æви мын ныр кæй дзурыс, уыдоныл?

– Цы уыди, уый аивгъуыдта, æмæ дзы дæхи мауал рæвдау.

– «Æз æрмæстдæр дæу дæн æмæ мæ амæлæты бонмæ дæр дæу уыдзынæн. Чи нæ фæхицæн кæна, ахæм тых зæххыл нæ разындзæн». Ацы ныхæстæ дæр дæу сты. Тыххæй дын сæ нæ зæгъын кодтон.

– Ферох сæ кæ æмæ дæ цард дарддæр араз, – хъæрзæгау загъта Хъазыбег, цыма йе ‘ккойы зæххы къори хæссы, уыйау ныггуыбыр и æмæ кулдуары ‘рдæм уæззау къахдзæфтæй араст и. Изетæ йæ фæдыл æнкъардæй кæсы, æмæ йæ зæрдæ риссы, нырмæ куыд никуыма рысти, ахæм рыстæй. Ацы æвирхъау ныв ма кæмдæр федта, фæлæ кæм, уый нæ хъуыды кæны æмæ йæ йæхинымæр агуры. Æваст йæ сæрымагъзы цыдæр рухс ферттывта, æмæ ныккæрзыдта. Фыны дзы ацыди, Барсæг ын куы батых кодта, уæд! Цы йыл æрцæудзæни, уый йæ зæрдæ рагацау базыдта æмæ йын æй йæ фыны равдыста, фæлæ йыл чызг нæ бауæндыди æмæ йæ ныр йæхи цæстытæй уыны.

– Мæ дуне мыл куы баталынг и, уæд мæ дарддæр куыд цæрын кæныс? – мæлæг адæймаджы хъæлæсæй фæрсы йæ кæддæры ныфсæнцойы, фæлæ йын уый ницы дзуапп дæтты, уымæн æмæ йæ нæ зоны. Изетæйæн йæ зæрдæ сафтид и æмæ йæ риуы дзедзырой кæны. Дзæвгар рæстæг бæласыл æдзæрæг-æмæлæгæй фæхæцыди, стæй, фæткъуыбæлæсты цурмæ, цудтытæгæнгæ, бацыди, йæ зæнгты хъару атади, æмæ æваст цыдæр æрбаци. Боныцъæхтыл йæхи æрæмбæрста æмæ сæхимæ æвæндонæй араст

и. Сæ дуармæ Албег æмæ Димыры фарсмæ цалдæр лæджы куы ауыдта, уæд фыртæссæй йæ буар сисбын абадти. Йæ зæронд сыхаг фæхсбандонæй сыстади æмæ йæ разы сæркъулæй æрлæууыди. Цыма ‘хсæв-бонмæ кæм уыди, уый зыдта, уыйау æм æмсагъæсгæнæджы цæстæй бакасти æмæ ‘рдæг хъæлæсæй афтæ бакодта:

– Рухсаг уæд Зариффæ... Дысон аивгъуыдта, мæгуыр... Диссаг у мады зæрдæ, цыфæнды зындзинæдтæн дæр быхсы, фæлæ хъæбулы рыстæн нæ фæразы...

Изетæ мидæмæ бацыди, æмæ йын æппæтæй зынаргъдæр чи уыди, ууыл ныддæлгом и. Нырма йæм ныр бахъардта, йæ уды хъарм æй кæуыл хардз кæнын хъуыди, уый æмæ йын кæуы йæ мардыл, кæуы йæхиуыл, кæуы сæ бæллицты сæфтыл, кæуы се ‘лгъыстаг хъысмæтыл, кæуы, цард йæ иувæрсты кæй ацыди æмæ дзы срастгæнæн кæй ницыуал и, ууыл.

– Æрсабыр у, дæ хорзæхæй.

– Дæу йеддæмæ йæ мад никæмæн амарди? – сбустæ йыл кодтой сылгоймæгтæ, фæлæ йæхи уромын нал фæрæзта. Фыркуыдæй йæ зæрдæ куы атона, уымæй йын старстысты æмæ йын йæ цæнгтыл схæцыдысты. Цикъæ кæуыл нæма байтыдтой, уыцы айдæны цур æй куы ‘рбадын кодтой, уæд дзы йæхимæ фæкомкоммæ и æмæ, йæ рæсугъд æрттиваг дзыккутæ иу æхсæвмæ куыд аурс сты, ууыл дисы бафтыди, фæлæ сыл тынг нæ батыхсти. Цы уæлдай ма йын у? Уæддæр æй йæ уарзон нал ракурдзæни, æгъуыз бонтæ та афтæмæй дæр æрвитæн и...

* * *

Зиан æмæ цин æфсымæртæ сты. Хъæуæн йæ иу кæрон адæм æрдиаг кæнынц, иннæ кæрон та – кафгæ æмæ заргæ. Иу ран æнамонд чызг фыдохы ‘вдылд агъуысты судзаггаг марды уæлхъус сау къабайы бады æмæ йæ цæссыгтæ згъалы, иннæ ран та амонджын чындз хурæфсæст уаты урс разгæмтты лæууы æмæ йæ мидбылты худы. Тагъд иу хæдзар афтид суыдзæн, æмæ дзы халæттæ ахстæттæ кæндзысты, иннæ хæдзар та дзаг бауыдзæн, æмæ дзы сывæллæтты хъæлдзæг уынæр хъуысдзæн. Уый царды фæтк у æмæ йын аивæн нæй, фæлæ ‘фхæрд зæрдæ уыцы æцæгдзинадимæ нæ разы кæны. Уæвгæ уый чи фæрсы? Дæлæмæ дæр, уæлæмæ дæр æфхæрд зæрдæ. Йæ хицауы куынæ хъæуы æмæ, йæ куыстæй куы ныллæууид, уымæ куы бæллы, уæд дзы

æцæгæлæттæ цы кæнынц? Æцæгæлæтты нæ, фæлæ хиуæтты дæр нæ хъæуы. Уыдонмæ гæсгæ, адæймаг хъуамæ схонау фидар уа æмæ цыфæнды уавæрты дæр ма рæдийа. Куы рæдийа, уæд та йæ йæ уды хъизæмарæй фида. Изетæйы мæлдзой цæстæнгасмæ кæсгæйæ, ахæм хъуыдытæ бирæтæм æвзæры, æмæ йыл йæ мады ныгæнæн бон дæр нæ ауæрдынц:

– Къухтæ-къухты кæй ацыди, Хъазыбег йемæ цæрыныл уымæн нал сразы, æндæр æй уадзынмæ нæ хъавыди.

– Æмæ йын куыд хъуамæ сразы уыдаид? Кæм цы 'взæргæнæг ис, уыдонимæ сбæндæн, æмæ дзы фæхынджылæг кодтой, стæй йыл къахæй ахæцыдысты.

– Бырæтты кæй ссардтой, ахæм æнæмыггаг сидзæр къæбылайæ аборттæ фæкодта, æмæ йæ хуылф фехæлди.

– Йе 'нæуаг митæй йæ мады ингæнмæ батардта æмæ йыл ныр мах цæстмæ йæхи мары.

Æвзаг алырдæм дæр тасы. Иу ран бæстон кæй бахуыйы, уый иннæ ран зыгъуыммæ рафæлдахы. Уымæ гæсгæ, Аркадийы кæрты цы цымыдис сылгоймæгтæ æрæмбырд и, уыдоны 'хсæн та бынтон æндæр ныхас цæуы:

– Кæсут-ма сæм, кæсут, æнæхъæн бинонтæй дæр хæртты куыд хауынц. Мæгуыр чызгæй фервæзтысты æмæ йыл фырхудæгæй гуыбынхæлттæ кæнынц.

– Зариффæйæн йæ зæрдæ адоны мæстæй аскъуыди, æндæр нырма цæринаг уыди.

– Хуыцаумæ алцыдæр нымад у, абон куынæ уа, уæддæр сын райсом сæ тæригъæдтæ бафидын кæндзæн.

– Мæнмæ гæсгæ Хъазыбеджы бирæ 'нхъæлмæ кæсын нæ бахъæудзæн. Донласт гæдыйы хуызæн цы 'рхаста. Нæ дзы конд и, нæ уынд. Ахæмы фарсмæ 'рхуыссыны бæсты æнæ усæй амæл.

– Йæ фыдынддзинадæн ын, чи зоны, бабыхса, фæлæ йын йæ цъаммардзинадæн нæ бабыхсдзæн.

Байхъус сæм, уæд иууылдæр пехуымпартæ сты æмæ алцыдæр уынынц, алцыдæр æмбарынц. Æппындæр дызæрдыг ницæуыл кæнынц. Æдылыдæр чи у, уыдон сæхимæ зонджындæр кæсынц æмæ дзурынц, тæрхæттæ кæнынц, суанг ма адæймагæн йæ фидæнмæ акæсыныл дæр архайынц. Цард та 'рмæст йæхи закъæттæ хынцы. Адæм æм сасктæй уæлдай нымады дæр не сты æмæ 'взæрæй, хорзæй никæуыл ауæрды. Йæ уазал комулæфт ын Изетæ йæхиуыл æнкъары æмæ йæ ныйярæгмæ хæлæг кæны.

Уый уаваер æм йæхи уаваерæй хуыздæр кæсы. Ай-гъай! Йæ зынтæй фервæзти æмæ йе ‘нусон бынаты æрæнцади. Царды цыдæриддæр хорздзинадæй ис, уыдонæй йæ æппындæр ницыуал хъæуы. Йæ былтыл кæй дардта, уыцы чызг йæ фæстæ иунæгæй кæй баззади æмæ йæ афтид уаты кæй дзыназы, уый дæр æй нал æндавы.

Уыйхыгъд Аркадийæн йæ бæллицтæ йæ къухы бафтыдысты, æмæ цинæй мæлы. Йæ цæстысындз æнæнхъæлæджы мæрдтæм кæй бацыди, æмæ йын йе ‘нæуаг чызгæй бынтондæр кæй суæгъд и, стæй йæ фырт йæ коммæ кæй бакасти æмæ йын йæ хæлары ‘гъдауджын чызджы ракурыныл кæй сразы и, уый тыххæй йе сфæлдисæгмæ кувы æмæ дзы йæ цотæн амонд куры. Йæ чындзы йæ дыккаг хатт æрхæссын кæй бахъуыди, уымæй дæр нæ батыхсти. Иугæр фыдæлтæй чындз скъæфыны ‘гъдау баззади, уæд ын аргъ кæнын хъæуы. Дыккаг гал дæр ма аргæвста æмæ та ногæй дзаджджын фынгтæ æрæвæрдта. Хуындзæутты дæр сбуц кодта æмæ сæ кад æмæ радæй арвыста. Иу адæймаг дæр дзы хъаст нæ ахæсдзæни, æмæ йæхицæй тынг бузныг у, æрмæст ма Хъазыбегмæ йæ зæрдæ ‘хсайы. Изетæйæ куы фæхицæн, уæд нырхæндæг, æмæ йæ дзыхæй сым дæр нал хауы. Уæвгæ йыл цы тыхсы? Абон куынæ уа, уæддæр райсом йæ усыл сахуыр уыдзæни æмæ йæ уарзоны ферох кæндзæни. Ахæм рæсугъд чызгмæ чифæндыдæр бацыбæл уыдзæни, æмæ йын чындзы куы ацæуа, уæд ыл йæ къух ауигъдзæни.

Аркади ‘рсабыр и, фæлæ Хъазыбегæн йæ бон æрсабыр уæвын нæу. Изетæйы сурæт уысмы бæрц дæр йæ цæстытæй нæ хицæн кæны. Кæд ыл адæм цъыф фæкалдтой, уæддæр ын йæ сыгъдæгдзинадыл æууæнды æмæ йæм йæ хъуыдыты ногæй æмæ ногæй здæхы. «Мæ уд æрмæстдæр дæуыл лæууы, æмæ мæ куы ныууадзай, уæд аскъуындзæни». «Мæ дуне мыл куы баталынг, уæд ма мæ дарддæр куыд цæрын кæныс?» – йæ хъусты зæлы йæ кæуын хъæлæс, æмæ йæ йе ‘фсарм æфхæры. «Уæд ма мæ, чи зоны, уарзтай, æмæ дæм мæ рыст бахъардтаид». Ацы ныхæстæ зæгъдзæн, æцæгæй чи фæрысти, ахæм адæймаг. Æмæ йæм йæ рыст бæгуыдæр бахъардтаид, фæлæ, алырдыгæй цы æбуалгъ писмотæ фæиста, уыдоныл бауæндыди æмæ йæм йæ зæрдæ фæуазал и.

Стъолы уæлхъус йæ фæйнæфарс бады дыууæ læппуйы – къухылхæцæг æмæ ‘мдзуарджын, йæ акомкоммæ та – йæ цард-

æмбал Зуретæ. Урс разгæмтты ма йын ницы уыди, фæлæ ныр хуымæтæг къабайы цыдæр фыдынд у. Сау цыбыркъуырд сæрыхъуынтæ, гыццыл мæллæг тарбын цæсгом, гуыбыр фындз, тæнæг былтæ. Кæд хæрдмæ не сræзыди, уæддæр йæ ракæнонхуыз цæстæнгасæй бæрæг у, йæхионтæ йæхимæ кæй сты, уый. Йæ уарзонимæ йæ бары æмæ дис кæны, йæ фыдæн сайын куыд æнцонæй бакуымдта, ууыл.

Сæ разы æртæ уæлибæхы, карк, графины дзаг арахъхъ, халсартæ, дыргътæ æмæ адджинæгтæ. Нуазынц, хæрынц æмæ рæстæгсафæн ныхæстæ кæнынц. Къухылхæцæг ма уыйразмæ дæр нозты хъæстæ фæци, йæ рохтæ суагъта æмæ, ног бинонтæн сæ хæстæ куыд æххæстгæнгæ сты, уый тыххæй, къуыхцытæгæнгæ, цыдæртæ дзуры. «Диссаг та куыд нæ у адæймаг. Æдзухдæр хъуамæ расыг æрвонджы раст цæуыныл ахуыр кæна, æдылы куырыхонæн зонд амона», – йæхинымæр хъуыды кæны Хъазыбег. Сфæлмæцыди дзы æмæ йæ сæхимæ арвитид, фæлæ йæ йæ хæрдзты æмæ йæ фыдæбæтты тыххæй быхсы.

– Сæхи бар сæ уадз. Сывæллæттæ нал сты æмæ æнæ дæу æххуысæй дæр сарæхсдзысты... – иуафон æм хъазгæмхасæн сдзырдта ‘мдзуарджын æмæ сыстади.

– Æз куы ницы... Æгъдаумæ гæсгæ цы ‘мбæлы, уый... – йæ фындзы бын багуым-гуым кодта къухылхæцæг æмæ йæ фæдыл, хæкъуырццытæгæнгæ, ацыди. Хъазыбег æмæ Зуретæ сæ уаты дыууæйæ баззадысты, фæлæ цæуыл дзурой, уый нæ зонынц. Æмæ йæ зонгæ дæр куыд кæной? Аркади сæ иумæ ‘рлæууын дæр нæ бауагъта. Куыддæр йæ фырт æфсадæй ссыди, афтæ йын, Изетæйæ тæрсгæйæ, ус курынмæ фæци.

Чындз фынг бафснайдта æмæ хуыссæн бакодта. Хъазыбег тæнæг хъæццулы бын йæхи ‘рнорста æмæ къулырдæм азылди. Агъуыст æрталынг, æмæ Зуретæ йæ фарсмæ ‘рхуыссыди. Хъазыбегæн йæ зæрдыл æрлæууыд, йæ уарзонимæ фыццаг æхсæв куыд арвыста, уый. Уæвгæ дзы рох та кæд фæци? Æнхъæл уыди, æфсадæй куы сыздæха, уæд æй йæ хъæбулимæ сæййафдзæни æмæ йæ ракурдзæни, фæлæ дзы цы хабæрттæ фехъуыста, уыдонæй йæ зонд аивта. Иуцасдæр йæхиимæ фæтох кодта, стæй йæ хъысмæтыл йæ къух ауыгъта æмæ йæ фыды ныхасыл дыккаг нал загъта. Хинæй йыл кæй цыди, уый куы зыдтаид, уæд æм нæ байхъуыстаид. фæлæ ма ныр цы? Уæлдæф тымбылкъухæй хойæгау фæнды дзур, фæнды ма. Байрæджы. Афтæ йæм кæсы,

цыма йын Аркади йæ къухы сызгъæрины бæсты згæ тасмачъи нывæрдта æмæ йæм мæстæй мæлы. Йæ лæмæгъдзинады тыххæй мæсты кæны йæхимæ дæр. Йæ усы йæ барæвдауын кæй хъæуы, уый æмбары, фæлæ йæ йæ зæрдæ йæхимæ хæстæг нæ уадзы. Чындз ыл йæ цæнгтæ ‘рбатыхта æмæ йæм мынæг хъæлæсæй дзуры:

– Де‘ргом мæм уæддæр раздах. Æз цардæгас сылгоймаг дæн…

«Кæдæм тагъд кæныс? Уыцы хъуыддагæн фæстæдæрмæ аргъæвæн нæй? Æнæмæнг хъуамæ ахсæв æрцæуа?»

Уыцы уайдзæфæй йæ усы не ‘фхæры, фæлæ йæхи раст кæны, уымæн æмæ йæ æнæ уарзгæйæ ракуырдта, æмæ йæ зæрдæ йæхи-уыл худы. Йе ‘ндзæвдæй йын тыхсы, æмæ йæм куынæ ‘валид, уымæ бæллы. Цæмæй йын йæ уазал ахаст ма бамбара, уый тыххæй йæм иучысыл разылди æмæ æбæрæг сырдæй тæрсæгау йæ мидбынаты бандзыг и. Уымæй хæстæгдæр ахастдзинæдтæм цæттæ кæй нæма у, уый йын йæ уагæй æвдисы, фæлæ йæ Зуретæ не ‘мбары, ныддæлгом ыл и æмæ йын батæ кæны йæ былтæн, йæ цæсгомæн, йæ риуæн. Хъазыбегæн йæ улæфт тынгæй-тынгдæр æхгæны, æмæ дзы йæхи иуварс ласы. Йæ зæрдæ йæ æппындæр куынæ райса æмæ йæ цард йемæ, фæсмонгæнгæйæ, куы арвита, уымæй дæр тæрсы, дзæдæл æнхъæл ын куы фæуа æмæ йæ адæмы цæсты куы бафтауа, уымæй дæр тæрсы æмæ адæргæй йæ хиды мæцы.

– Кæд дæ нæ хъæуын, уæд мæ мæ хæдзары уагътаис. Дæ рæсугъд уарзонимæ бацардаис æмæ амонджын уыдаис, – хъуысы йæм йæ тæргайхуыз хъæлæс, æмæ йæхи ахæм æнахъинон уавæры хаты, цыма йæм арвайдæнæй кæсы æмæ йын йæ хабæрттимæ йæ хъуыдытæ дæр ахсы. Йæ ныхæстыл ын кæй нæ баууæнддзæни, уый зоны, фæлæ йæ уæддæр сайы:

– Уый куы уарзтаин, уæд дæу нæ ракуырдтаин.

– Мæн уарзыс уæдæ? – фæцырд æм Зуретæ, æмæ Хъазыбег къуырцдзæвæны бахауд. Дзуапп дæттынмæ йын нæ хъавы, фæлæ йæ сылгоймаг иу ран нæ уадзы: –Уарзыс мæ æви нæ?

– Куынæ дæ уарзин, уæд демæ нæ уаин.

– Уæдæ мыл цæуыннæ узæлыс?

– Фæллад дæн, æмæ мæ буар фынæй у.

– Куы мæ уарзис, уæд уыдæттæ ницæмæ ‘рдарис…

– Суадз мæ, дæ хорзæхæй. Мæ зæрдæ тæвд кæны.

– Иу лæппу дæр мыл нæма андзæвыди, æмæ æппæтæй

тынгдæр ацы минутмæ бæллыдтæн. Æнхъæл уыдтæн, æнæхæлд кæй дæн, уый тыххæй мæ фылдæр уарздзынæ, – уынгæг хъæлæсæй дзуры Зуретæ æмæ хæкъуырццæй кæуы.

«Кæйдæр хæлд чызгыл зæрдæхъæрмттæ кæныс, де ‘нæхæлд усы та ‘рдумæ дæр нæ дарыс». Чи зоны, йæ ныхæсты уыцы хъуыды нæ сæвæрдта, фæлæ Хъазыбег афтæ фенхъæлдта, цыма йын Изетæйы йæ цæстмæ бадардта, æмæ йæм æрбамæсты и. Фæнды йæ сылгоймаджы уадул ныдздзæхст ласын æмæ йæ йæхицæй ассонын, фæлæ йын уыцыиу рæстæг тæригъæд дæр кæны. Æрдз ын фаг зонд кæй нæ радта æмæ, кæм цы дзурын хъæуы, уый кæй нæ зоны, уым цы аххосджын у?

– Ма ку. Иугæр нæ цард баиу кодтам, уæд æй, нæ бон куыд уа, афтæ араздзыстæм, – загъта йын тæфæрфæсгæнæджы хъæлæсæй æмæ йыл уæнгмардæй йæхимæ ‘рбахæцыди.

* * *

Хъысмæт æгъатыр у, адæймаджы кæдæм нæ батæрдзæн, ахæм нæй. Æрæджы дæр ма сæрджын сагау схъæлбæрзæйæ чи цыди æмæ адæммæ зулцæстæй чи касти, уымæн исчи куы бакой кодтаид, рæхджы дæ сыгъдæг кусæнуат чъизи хъомдонæй баивдзынæ, зæгъгæ, уæд æй нæ бауырныдтаид æмæ йæ куырысмæдзæуæджы кæлæныл банымадтаид. Æнхъæл уыди, хъæуы цæрджытæй йæ ныхмæ сдзурын ничи бауæнддзæни, æмæ сын йæ царды кæронмæ разамынд дæтдзæни, фæлæ фæрæдыди. Кæстæртæ рахъомыл сты, уæлдæр скъолатæ каст фесты, æмæ йын йæ кæддæры дыууæ къласы ницæмæуал æрдардтой. Колхозы сæрдар иумæйаг исбон кæй бахордта, уый тыххæй ахæстоны хай баци æмæ йæ йæхи сагъæстæй уымæ нал равдæлди. Уыйадыл дзы хъомгæс рауади. Æдзухдæр царды бын чи уа, уымæн хъизæмæрттæ ‘взарын афтæ зын нæу, бæхæй хæрæгмæ чи ‘рхиза, уымæн куыд зын у. Йæ зæрдæйы æдде ма йæ сæрыстырдзинад дæр хъæрзы...

Сæ хæзгулты дæрдджын дзабыртау хæрзæнцонæй чи раивбаив кæны, уыдоныл цас æууæндæн и, фæлæ уæддæр Аркадимæ афтæ касти, цыма йын сылгоймæгтæ йæхи уарзынц, цыма йыл йæ лæгдзинæдты тыххæй æнувыд сты, фæлæ та йæ ам дæр йæ зæрдæ фæсайдта. Цæргæс йæ мæлæты размæ фæстаг хатт йæ базыртыл зивæггæнгæ куы схæца æмæ йæ хæтæнтыл куы афæлгæса, уыйау ма сыл йæхи асæрфы, фæлæ йæ сæхимæ ‘вна-

лын нал уадзынц. Йæ раздæры ахуырæй дзы йæ арм кæй синысæртыл æрхæссы, уый йыл йæ къухтæ сцæгъды:

– Ауай-ма иуварс, зæронд гацца!

Æмæ ма уыцы ныхæстæн истыхуызы бабыхсид, фæлæ дзы «уфф-уфф-уфф, фосы тæф цы тынг кæныс», зæгъгæ, сæхи иуварс куы азилынц, уæд æй йæ астæуыл дыууæ дихы акæнынц. Аркади сæм бакæсид, уый хуызæн æнæхъæн бон хуры къæймæ, сæ хид калгæйæ, хъомты фæдыл куы цæуиккой, стæй ма сын изæры смаггæнаг фермæйы холлæгтæ дæр куы дæттиккой, уæд цы тæф скæниккой, уымæ. Дзæвгар хæрзты йын бацыдысты, æмæ сæ ‘хсызгонæй æрымысы, фæлæ йын уæддæр хъыг у, йæ быны йæ пъагæтты тыххæй кæй бырыдысты, уый. Æ-æ, уыдон æй цасфæндыдæр куы ‘фхæриккой æмæ йæ фермæйы сæргъæлæууæг иу ран куы ныууадзид. Цыма, фосæн горæтæй цы ‘нтыд ласынц, уый иууылдæр йæ гуыбынмæ цæуы, уыйау нынæрсти æмæ йæм хъæхъхъаг куыдзау иудадзыг йæ дæндæгтæ зыхъхъырæй дары. Фæлмæн къæлæтджыны бадгæйæ, ахæм ницæйæгты уынгæ дæр куынæ кодта, уæд йæ зæрдæхудты цæмæйдæр бацыд, æвæццæгæн, æмæ дзы ныр йæ маст исы, ауæдзы галау æй баифтындзы æмæ йыл æдылы фосдарджыты ‘хсæн хъæртæ кæнын райдайы:

– Ай дын хицауы бонасадæнгæнæн бынат нæу! Ам кусын хъæуы, кусын! Ацу æмæ хъомтæм базил!

Уæлбæхæй бардзырдтæ дæттын æнцон у, фæлæ сæ сæххæст кæнынæн бирæ хъарутæ хъæуы, Аркадийæн та уыйбæрц гæнæнтæ нал и. Æрæджы дæр ма йе уæнгтæ йæхи бар уыдысты, фæлæ йын фæстаг рæстæджы бæлвырд фæлæмæгъдæр сты. Уæвгæ ма афтæмæй дæр куыд баззадысты. Æхсæвыцæстæй дæрддзæф цырагъы мынæг рухсмæ хъуццытæн сæ кæвдæсмæ цъупдзаг гуыффæйæ хос куыд калдта, афтæ æрыгон лæппу йæ цалхджын трактор æнæрхъуыдыйæ размæ батардта, æмæ лæг хъайваныл йæ сæр бакъуырдта, бетон пъолмæ рахаудта, æмæ йæ, хъæрзгæйæ, рынчындонмæ аскъæфтой. Дохтыр æм цыма æнæрхъæцæй æнхъæлмæ касти æмæ йын алидзынæй тарсти, уыйау ын уайтагъд йæ хæлаф ласынмæ фæци. Иуцасдæр ын йæ мæхстæттæ хъуыддагхуызæй фæрасгар-басгар кодта, стæй сæ йе ‘нгуылдзты кæрæттæй, æлгъгæнгæйæ, скъуырдта æмæ йæ йæ фæсауунмæ дзурæгау æлхысчъытæ кæнын райдыдта:

– Гъе, уæууæй, гъе, мæ мæгуыр райгуырæн хъæу, куыдзæй,

хæрæгæй дын разамынд чи нæ дæтты æмæ дын дæ сылгоймæгты чи нæ рæвдауы! Сæ сæрымæгъзтæ ‘нгуырстуаны дзаг йеддæмæ не сты, æмæ сын уыцы лæмæгъдзинад барæм, фæлæ ма сæм уый æдде нæлгоймаджы хотыхтæ дæр нæй. Æз æнхъæлдтон, йæ хæцæнгарзæй мæ дисы бафтаудзæн æмæ – ницы. Гъер ын нæ гаццатæ ацал-ауал азы ацы фыды мурæй æппæлынц? Æмæ ай мæнæ цыдæр мард уаллон куы у!

Йæ фыддзых дохтыræн Аркади раздæр ахæм ныхæстæ нæ ныббарстаид, фæлæ ныр йæ къухты ис æмæ йын быхсы, ноджы ма йæм йæ мидбылты бахудыныл дæр архайы.

– Гъе, Кади,уый кæддæр дзаума уыди, дзаума! – æрæджиау йæхицæй тыххæйты ралæмæрста æмæ йын æй цыма лыг рачындæуыди, уыйау ныууынæргъыдта.

Дохтыр ыл бахудти,йæ хæлафыл ын схæцыди æмæ йæм зилын райдыдта. Хостæ йын фæдардта æмæ йæ фæстæмæ йæ къахыл слæууын кодта, фæлæ йын йæ сæр сдзæбæх кæнын нæ бафæрæзта. Уыйхыгъд æй адæмы цæсты бафтыдта, æмæ йæ «мард уаллон»-æй тонын райдыдтой. Уыдоны фидистæн дæр бабыхсид, фæлæ йæ сæры рыстæй цы фæуа, уый нæ зоны. Сатæджы йæ суадзы, æмæ дзы рæстæгмæ сулæфы, фæлæ йын æнтæфы æмæ цъенгæйы ныддур вæййы æмæ, кæдæм фæцæуы, уый нал фембары.

– Нæ уарзон паддзахадæн фаг бакуыстай æмæ дæ фæллад суадз, – цæмæй йæм ма фæхæрам уа, уый тыххæй йын аивæй фæзæгъы колхозы ног сæрдар, фæлæ йæм кæддæры сæрыстыр хъæуыхицау нæ хъусы. Йæ хæдзары ‘нцад куы сбада, уæд фæцъынд уыдзæни, æмæ йæ нырма мæлын нæма фæнды. Æрыгон æмæ æнæниз куы уыди, уæд Хуыцауы фыдæхæй дæр нæ тарсти, адæмы зæрдæхудтæй дæр. Йæхи сæ чи хъахъхъæдта, уыдоныл кæл-кæлæй худти, фæлæ ныр сæ койæ дæр æмризæджы ризы. Уæлдай тынгдæр та йыл æлгъыстытæ ахадынц. «Мæ мæгуыр хъæбулы тæригъæд дæ бинонтыл æфтыд фæуæд! Цы зындзинад ын сарæзтай, уый дунесфæлдисæг дæ чызджы удæй сисæд æмæ дын, адæммæ хæлæггæнгæйæ, фæцæрæд, дæ фырт кæй æрхæсса, уыимæ амонды цъыртт ма фенæд, дæхæдæг та адæмы къæхты бынмæ ‘рхау!» – йæ хъустæ йын риссын кæны Зариффæйы хъæлæс.

Удæгасæй хуымæтæг æнæфенд сылгоймаг уыди, æмæ йын йæ ныхæстæ рынчын фысы сым-сымæй уæлдай ницæмæ дардта,

фæлæ йæм мардæй цыдæр сусæгдзинад фæзынди, йæ фæлгæнæны пехуымпары хуыз райста æмæ йыл æгæрон тас æфтауы. Йе ‘лгъыст ыл кæй æрцæудзæн, ууыл дæр ма æууæнды. Æмæ йыл куыд нæ æууæнда. Чындз куы ‘рхаста, уæдæй фæстæмæ йæ бинонты цард æппындæр нал рæстмæ кæны. Назирæ ‘руæззау и, йæхи бон дæр ницыуал у. Æмæ ма уæддæр уыдон цыдæртæ федтой, фæлæ кæстæртæ сæхимæ цæрыны зæрдæ куынæ исынц, уæд цы фæуыдзысты? Йе стыр ныфс йæ фырт уыди æмæ дзы фæфыдæнхъæл и. Цыма йæ донмæ баппæрстæуыди, æмæ йæ былмæ рахизын нæ фæнды, уыйау йæ бонтæ куыдфæндыйæ ‘рвиты. Фæд-фæдыл ын дыууæ чызджы райгуырди, æмæ мæрдджынау нырхæндæг и. Хурыскастæй хурныгуылдмæ уæзласæн машинæйæ колхозы быдырты хæрæджы хафт кæны. Куысты фæстæ йæ хæлæрттæй искæмæ арахъхъ баназы, фæсахсæвæрты сæхимæ расыгæй æрбацæуы æмæ йæ сынтæджы ныффæлдæхы.

– Гъе-е, лæгай, мæ хъæуæй мæ де ‘рдхæрдтæ, заргæйæ, дæ хуыр-хуырмæ хъусыны тыххæй не ‘рбаластой...

– Ахæм зæрдæисгæ сылгоймаг дæ фарсмæ хуыссæд, æмæ йын уымæй уæлдай дæ бон мацы уæд...

– Стыр рæдыд мыл æрцыди... Къобор лæппутæм бæллыдтæн, æмæ лæмæгъ лæгмæ ‘рцыдтæн...

Уыцы иударон æдзæхх ныхæстæй йын Зуретæ йæ игæр цæхæрыл афыцы æмæ йын йæхи бынтон сæнад кæны. «Демæ куыд, хъизæмаргæнгæйæ, цæрын, уый куы зонис, уæд мæн не ‘фхæрис, фæлæ дæхи ‘рцауындзис. Дæ амонд у, æмæ дæ фырæдылыйæ адæймаджы миддуне бамбарын нæ фæразыс», – йæ уайдзæфæн ын мидуайдзæфæй дзуапп ратты Хъазыбег, йæ домæн ын йæхицæн тыхгæнæгау æвæндонæй сæххæст кæны æмæ йæм йæ чъылдым раздахы. Иумæйагæй сæм æппындæр ницы и æмæ тъæпп-рæхуыстæй цæрынц. Аркади сын сæ хъаугъатæй сфæлмæцыди æмæ сын зонд бацамонынылæ афæлвæрдта, фæлæ йын дзы ницы рауади. Йæ фырт æм тарæрфыгæй æрбакасти æмæ мæстыйæ срæцыгъта:

– Мæ цард мын фехæлдтай æмæ мын мæ зæрдæ мауал къах, науæд мæ дæ цæсты кæронæй дæр нал фендзынæ!

Аркади бамбæрста: йæ фырт слæг и, æмæ йæхиуыл сахсæн æвæрын нал бауадздзæни, фæлæ ностыл цæмæ фæцалх, уый нæ бамбæрста, уымæн æмæ йæхæдæг ахæм уаваæры никуы уыди.

Йæ усы дæр уарзгæйæ ракуырдта, йæ хæзгултимæ дæр уарзгæйæ царди æмæ æвронг лæгæн æнад сылгоймаджы рæвдауын куыд зын у, уый нæ зыдта.

* * *

Хæрзæгъдау фырнымд Андинæйыл йæ хиуарзон гацца фыды æгаддзинад уæззау уаргъ æвæрдта, æмæ, куы рахъомыл и, уæдæй фæстæмæ адæмы ‘хсæн къæмдзæстыгæй цыди. Йе ‘фсымæр Изетæимæ куы ‘рмуд и, уæд та бынтон фæныхкъуырд и. Афтæ йæм касти, цыма сын æнæхъæн бинонтæй дæр хæлд æнхъæл сты æмæ сыл æлгъ кæнынц. Дæсæм къласы ахуыр кæнгæйæ, йæ хъæуккаг лæппуйы куы бауарзта, уæд дæр æй зæгъын никæмæн бауæндыди.

– Атарбег мысыраг киноактёр Омар Шарифы ‘нгæс у, æмæ ахæм рæсугъд лæппу хуымæтæг чызгыл нæ барвæсдзæни, – иудадзыг йæ хъусты зæлыдысты йе ‘мбæлтты ныхæстæ, æмæ йæ ныфс тынгæй-тынгдæр састи. «Дæхи ма йæ цæсты цы бафтауай, æндæр дæ къухы нæ бафтдзæни, æмæ йæ дæ зæрдæйæ аппар», – дзырдта йын йæ мидхъæлæс дæр, æмæ фырмæтæй тади. Атарбеджы рæвдаугæ цæстæнгас-иу йæхиуыл куы банкъардта, уæд-иу йæ зæрдæ йæ риуы скатай и æмæ-иу æддæмæ рацæйтыдта, фæлæ йе ‘нкъарæнты фæдыл никуы ацыди. Лæппу цалдæр хатты йемæ фембæлыныл ацархайдта, фæлæ йын чызг ницы ком радта. «Йемæ мæ чи фена, уый мæ цы зæгъдзæни?» Уыцы фарст ын йе уæнгтæ баста æмæ йæ фезмæлын нæ уагъта, стæй æрмæст уый – нæ. «Аркадийы туг кæмæ ис, уый æнцонæй кæй æртасын кæндзæн, ууыл дызæрдыг нæ кæны æмæ мæ йæхи ирхæфсынмæ агуры. Нæ, ме ‘фсармыл къæм абадыны бæсты мæ ницы хъæуы», – хъуыды кодта йæхинымæр æмæ йæм, йæ бæттæнтæ тонгæйæ, æввахс цæуын нæ уæндыди. Назирæ йын йæ уавæр бамбæрста æмæ йæ тыхстхуызæй бафарста:

– Цæуыл сагъæс кæныс, мæ чызг?

– Ницæуыл.

– Исты дæ риссы?

– Нагъ.

– Уæдæ ‘хсæв-бонмæ фынæй цæуыннæ кæныс?

– Хуыссæг мæ нæ ахсы.

– Æрыгон чызджы хуыссæг цæуыннæ ахсы, уый æз хорз зонын, æмæ мæ ма сай. Кæй бауарзтай?

– Никæй бауарзтон, мамæ.

– Æз дæ мæ сæр бæрзæндты хæссын, æмæ мын æй ма фæхудинаг кæ. Искæимæ дæ ‘рмæст лæугæйæ чи фена, уый дæр дыл дæ фыд æмæ де ‘фсымæрмæ гæсгæ истытæ æрымысдзæни…

– Ма тæрс, мамæ. Уыцы хъуыддаг мæ иу минут дæр нæ рох кæны. Мæн тыххæй дæ сæркъулæй цæуын нæ бахъæудзæн, – зæрдæ йын бавæрдта Андинæ æмæ йæ монцы хурхыл ныххæцыди. Йæхи йæ тых-йæ бонæй бæргæ урæдта, фæлæ йæ лæппуимæ цы фидар тæгтæ бастой, уыдон атонын нæ фæрæзта. Ноджы ма, уый фæстæ ‘фсæрмы кæмæй кодта, ахæм фынтæ дæр уыдта, æмæ йыл пиллон арт æндзæрстой. Атарбег æм-иу, цы уыди, уымæй авд ахæмы рæсугъддæрæй æрбацыди æмæ йыл-иу æхсæв-бонмæ ‘мбисонды узæлдæй фæузæлыди. Йемæ цæргæйæ дæр ын афтæ адджын кæй уыдзæни, ууыл æууæндыди æмæ-иу æй йæ фырмондагæй ферра уæвынмæ бирæ нал хъуыди. Йæ буар сывæллæттæ арынмæ цас тынгдæр цæттæ кодта, уыйас æм тынгдæр тырныдта, æмæ йæ фæндыди, йе ‘фсармы сæрты ахизын. Уæдмæ техникум каст фæци, цалдæр азы бухгалтерæй бакуыста æмæ иу агъуыст райста. Уымæй æнтыстджындæр та Атарбег разынди. «Мæхи куы акъæртт кæнон, уæддæр мын æнæ фæхæцæгæй ам хорз бынат ничи ратдзæни», – скарста йæхинымæр æмæ институты фæстæ йæ сырх дипломимæ Уæрæсемæ афардæг и. Стыр горæттæй иуы заводмæ хуымæтæг инженерæй бацыди, директоры зæрдæмæ фæцыди, æмæ йæ йæ хæдивæгæй сæвæрдта, стæй йын, йæ фæсонæрхæджы дæр чи нæ уыди, ахæм лæвар бакодта.

– Абон куынæ уа, уæддæр дæ райсом ус курын хъæудзæни, æмæ дæ рагацау сæнæмæт уон, – загъта, мидбылхудгæйæ, æмæ йын æртæуатон фатер радта. Лæппуйы йæ рæдау дисы бафтыдта, фæлæ йын уыцы уавæр бирæ нæ ахаста. Иу æхсæв æй лæг йæ даргъ æмбырды фæстæ сæхимæ ахуыдта. Атарбег ын йæ райдзаст хæрзæфснайд фатермæ куы бахызт, уæд саухил зæрдæмæдзæугæ чызг мидæггаг уатæй йæ размæ рацыди, йæ хæрззылд урс къух æм æрбадардта æмæ йын йæхи бацамыдта:

– Кристинæ.

– Атарбег.

– Кæдæй-уæдæй базонгæ стæм. Тынг æхсызгон мын у.

– Мæнæн дæр.

– Афтæ цæмæ зæгъын, уый зоныс?

– Нагъ.

– Папæ дæ йæхи хъæбулау бауарзта æмæ мын мæ сæрымагъз сдон кодта.

Æппæтæй æххæст лæппуйыл, дам, фыццаг хатт сæмбæлдтæн. Куы, дам, æй фенай, уæд, дам, æй ды дæр бауарздзынæ.

– Ма йыл æууæнд. Зæххыл æппæтæй æххæст адæймаг нæй. Мæнмæ дæр бирæ аиппытæ ис.

– Уæдæ сæ мæ фыд цæуыннæ уыны?

– Æмбæхсын сæ фæразын.

– Уагæр дын цытæ сты?

– Дæуæн сæ сусæгæй зæгъдзынæн, æмæ сæ макæмæн схъæр кæ. Мæ сæйрагдæр аипп у, нæ рæстæджы хъайтартæ ‘хсæнадон асинтыл хæрдмæ цы миниуджыты фæрцы хизынц, уыдон мын æнæуынон кæй сты, уый. Мæнгарддзинад нæ быхсын. Магусаты æмæ давджыты нæ уарзын. Гадзрахат мæхицæн дæр нæ барын. Йæ дзæгъæл дзæнгæдайæ ныл хуыссæг чи ‘фтауы æмæ, æгъуыз бардзы куыдфæндыйы ахастæй пайдагæнгæйæ, нæ сæрмæ чи хизы, бæрзонд къæлæтджынты чи бады æмæ нæ, фæсарæнтæй тæрсынгæнгæйæ, мæгуыры бынатмæ чи тæры, уыцы æдзæсгæмттæй та мæ удхæссæг уынын. Куы сæм баххæссин, уæд сæ мæлдзыджытау мæ къæхты бын ныссæндин.

– Папæ, ай мæм цыдæр тугмондаг залымы куы ‘рбакодтай, – зæрдиагæй ныххудти чызг.

– Ахæм тугмондаг залымтæ нæм фылдæр куы уаид, уæд нæ хъæздыг бæстæйы ‘рдхæræны цард саразиккам, æмæ дзы иу мæгуыр адæймаг дæр нал баззаид, – хъуыдыдзастæй загъта хæдзары хицау æмæ йæ уазæджы цонгмæ хионхуызæй бавнæлдта. – Цом, Атарбег Хазретович, мæ чызджы хæринæгтæй саход, æмæ дын цардæмбалæн сбæздзæн æви нæ, уый базон.

– Гъер цытæ дзурыс, папæ? Хæрзаг ма зæгъа, дæ чызджы йын тыххæй хъарыс, – нымæтын ехсæй цæвæгау ын лæгъзæй бауайдзæф кодта Кристинæ, фæлæ йæ сау цæстыты ‘рттывдыл ирдæй зыны, цардæмбалы кой йын æхсызгон кæй у, æмæ лæппуйы цур йæхи хæдæфсармæй равдисыныл кæй архайы, уый.

– Гыццыл хъуыддæгтæ лыстæг сасирæй чи луары æмæ дзы йæхицæн стыр хатдзæгтæ чи кæны, ахæм нæу, æмæ йемæ афтæ ‘ргомæй уымæн дзурын. Йæ зæрдæмæ куы фæцæуис, уæд дæ йæ къухтæм, цингæнгæйæ, раттин. Дыууæйæ дæр ахуыргонд æмæ зондджын стут. Кæрæдзи куы бамбариккат, уæд уæ диссаджы бинонтæ рауаид...

– Папæ, батæригъæд ын кæ. Фырæфсæрмæй йæ цæсгом ссыгъди, æмæ дын алидздзæни, – йæ хъæлæс фæкарздæр кодта Кристинæ æмæ Атарбегмæ хатыркурæджы цæстæй бакасти.

– Хорз, хорз, – йемæ сразы и директор æмæ стыр залы, цæхæркалгæ люстрæйы бынмæ, стъолы уæлхъус бандоныл, хъуыр-хъуыргæнгæ, йæхи ‘руагъта: – Мæ зæрды цы уыди, уый уын загътон, дарддæр та уæ бар – уæхи…

Чызг зæрдæхъæлдзæгæй алыхуызон хæринæгтæ æмæ ноз-тытæ рахаста, уæрæх лæгъзгуыбын агуывзæты коньяк рауагъта, æмæ цæл кæнын райдыдтой. Дзæвгар рæстæг куы абадтысты, уæд фысымтæн се ‘взæгты баст райхæлди. Атарбегыл дæр дзых базади æмæ йæ хицаумæ ‘ргомæй дзурын суæндыди:

– Пётр Иванович, уæддæр де ‘фсин кæм и? Куы никæцæй зыны… – Йæ фарстæн дзуапп нæ райста æмæ йæ ныхас дарддæр ахæццæ кодта: – Бон-изæрмæ дæ кабинетмæ иуæй иннæ рæсугъддæр сылгоймæгтæ цæуынц æмæ дыл сæхи ныхасынц, фæлæ сæ ды ‘рдумæ дæр нæ дарыс. Æз æнхъæлдтон, дæ бинойнагыл æрхъæцмæ дæр нæ хъæцыс æмæ семæ дæхи уымæн афтæ дарыс, фæлæ, мæнмæ гæсгæ, фæрæдыдтæн…

Лæг иуцасдæр хъусæй фæлæууыди, стæй арф ныуулæфыди æмæ йæхиуыл æнкъардæй бахудти.

– Æрхъæцмæ йыл кæй нæ хъæцыдтæн, уымæй нæ рæдиис. Мæ Хуыцау дæр уый уыди, мæ хъахъхъæнæг зæд дæр. Дундунеты хæрзтæй йæ ницæуыл баивтаин, фæлæ мæ дзидзидай сабиимæ кæйдæр фатеры, удхаргæнгæ, ныууагъта, иу къуым балхæнынæн цы капеччытæ фембырд кодтон, уыдон мæ зæронд балеткæйæ систа æмæ иу артисты фæдыл Мæскуымæ алыгъди, рæучи лæппу йæ уайтагъд фæуагъта, æмæ уынджы иунæгæй баззади, нуазыныл фæцалх æмæ æвæгæсæгæй амарди. Цард æгъатыр у. Иу адæймагæн дæр йæ рæдыд нæ бары. Хорз æмæ ‘взæр кæрæдзийæ чи нæ хицæн кæны, уыдоныл та æппындæр нæ ауæрды.

– Уæззау цæф дыл æрцыди, фæлæ уал азы дæхимæ кæй хъусыс, уымæй раст нæ кæныс. Дæу хуызæн домбай лæгæн нырма йæ къамтæ æрæвæрын афон нæма у. Иу дзæбæх сылгоймаджы куы ‘рхæссис, уæд ма цот дæр скæнис, æмæ та дыл ногæй хур скæсид.

– Æз дæр æм иудадзыг уый тыххæй хæцын, фæлæ мæм нæ хъусы. Ды йын стыр авторитет дæ, æмæ, чи зоны, дæ коммæ

бакæса...– бацинхуыз и Кристинæ, фæлæ йæ цин фæмæнг и.

– Мæнæй ницыуал рауайдзæни. Кæд мын уæ зæрды исты хорздзинад саразын и, уæд кæрæдзи бамбарут, сывæллæттæ мын балæвар кæнут, æмæ ма сыл æз дæр мæхи аирхæфсон.

– Папæ...

– Æз бафæлладтæн æмæ хуыссынмæ цæуын, сымах уал абадут. Атарбег Хазретович, ныр æнафон у, æмæ дæ уынджы исчи куы бафхæра, уæд æй мæхицæн нæ ныббардзынæн, фæлтау ам лæуу.

Йæ фысым ын бафхæрынæй кæй нæ тæрсы, уый уазæг æмбары, цæй тыххæй йæ уромы, уый дæр зоны, Кристинæйы цæстæнгас æй сæхимæ кæй нæ уадзы, уый дæр уыны, фæлæ сæм уæддæр бахсæвиуат кæнынмæ нæ хъавы. Иучысыл ма абадти, стæй сыстади æмæ йæхи растгæнæгау йæ былтæ зына-нæзына базмæлын кодта:

– Цæй, æз цæуон.

– Æмæ ам нæ лæууыс? – сывæллонæн йæ уарзон хъазæн куы айсай, уыйау æй скæуынæввонгæй фæрсы чызг. Йæ урсурсид æрдæггом риутæ кæй нæ цыбæл кæнынц, ахæм нæлгоймаджы фыццаг хатт уыны æмæ, кæй ацæудзæн, ууыл кæронмæ не ‘ууæнды. Цыфæнды уырыссаг лæппу дæр ахæм хорз фадатæй æнæ спайдагæнгæ нæ фæуаид, ацы ирон хæлиудзых та дзы лидзгæ кæны. Цæмæн, цымæ? Кæд йæхиуыл йæ зæрдæ нæ дары?

– Дæу хуызæн рæсугъд чызгимæ иу æхсæв арвитын дæр мæхицæн стыр амондыл нымайын, фæлæ мын æнæ цæугæ нæй.

– Кæд папæйæ тæрсыс, уæд дзæгъæлы. Куынæ дæ бахъæуон, уæд аххос мæхимæ райсдзынæн, æмæ дæ заводы нæ бахъыгдардзæн.

– Æз хъарм бынæттæм нæ тырнын æмæ никæмæй тæрсын.

– Уæдæ ам лæуу æмæ дæ рæстæг æхсызгонæй арвит. Цард цæстыфæныкъуылд йеддæмæ нæу. Цы дын дæтты, уый дзы æвæстиатæй райс, науæд фæтæргай уыдзæн æмæ дын фæстæдæр ницыуал ратдзæн, – хинхудт кæны чызг æмæ йæм йæ къухтæ ивазы. Атарбег æм кæсы æмæ, иу æрдзы сконд адæм, иу зæххыл цæргæйæ, куыд алыхуызæттæ сты, ууыл дис кæны. Аркади æмæ Андинæйы адоны бынаты йæхи цæстæй куы фенид, уæддæр æй нæ бауырнид. Аркади сонт, æнахуыргонд æмæ бынтыбыны хæлд у, фæлæ йæ чызджы искæй лæппуимæ иу агъуысты боныгон

дæр нæ ныууадзид. Йæ хиуылхæст директор та, ахуыргонд æмæ стыр хицау уæвгæйæ, йæ фырзæрдæрыстæй ус дæр нал ракуырдта, афтæмæй йæ чызгмæ кæйдæр лæппуйы ‘рбахуыдта æмæ ма йæ йемæ ‘хсæвыгон иу уаты дæр хуыссын кæны. Рагæй йæ чи зоны, уый дзы дæртты лидзы, фыццаг хатт æй чи уыны, уый та йыл йæхи ныхасы. Сæ дыууæйæ йыл æнувыддæр чи у? Йæхицæн дзы кæй равзара? Амондджындæр дзы кæимæ уыдзæн? Йæ фæрстытæй иуæн дæр дзуапп раттын нæ фæразы æмæ хъусæй лæууы.

– Кæд дын уæхимæ уарзон и æмæ дæм æнхъæлмæ кæсы, уæд мын æй зæгъ, æмæ дæ мæхицæн ныфсытæ ма æвæрон, – дзуры йæм Кристинæ. Атарбеджы æцæгæлон чызджы цур йæ зæрдæйы дуæрттæ гом кæнын нæ фæнды æмæ йын æбæрæг дзуапп дæтты:

– Ничи мæм æнхъæлмæ кæсы.

– Уæдæ ам цæуыннæ лæууыс?

– Цаутæ се ‘рдзон уагыл куы цæуой, уæд хуыздæр нæ уыдзæн? Сæ разæй згъорын цæмæн хъæуы?

– Куы нал мæм фæзынай, уымæй тæрсын.

– Ма тæрс, фæзындзынæн дæм, – æрсабыр кæныны охыл ын зæрдаивæй загъта Атарбег æмæ йæ джихæндзыгæй ныууагъта. Цалдæр боны, йæ хæццæ-мæццæ хъуыдытæ ‘мбырдгæнгæйæ æмæ йе ‘рдæгфыст гæххæттытæ скъуынгæйæ, йæ хабæрттæ æрдæгцъæрræмыхстытæй Андинæйæн фæкодта:

«...Цæмæй мын мæ зæрдæйы уаг бамбарай æмæ мæм де ‘ргом раздахай, ууыл бирæ фæцархайдтон, фæлæ мын дзы ницы рауади. Куыд дард мæм уыдтæ, афтæмæй баззадтæ. Мæ писмо мын куы райсай, уæд æй, чи зоны, æнæ бакæсгæйæ, аскъуынай, фæлæ дæм уæддæр мæ къуымых ныхæстæ стыр ныфсимæ фыссын, уымæн æмæ æнæ дæу цæрын нæ фæразын. Дæ сурæт дзуары нывӑу æдзухдæр мæ цæстыты раз лæууы æмæ мæ мæ мидхъуырдухæнæй фервӑзын нæ уадзы. Мæ къодах ам и, мæ зæрдæ та демæ æмæ æбæрæг уавӑры йæхи къултыл хойы. Ам мын диссаджы фадæттæ сарæзтой. Заводы директор мæм хорз цæстæй кæсы. Йæ хæдивæгæй мæ сæвæрдта, стæй мын замманай фатер радта, фæлæ æнæ уарзон бинойнагæй афтид у. Хур зæххыл куы атулы, уæддæр дзы хъарм æмæ рухс нæ вæййы. Дæ зæрдæйы тавс дзы куы бауадзис, уæд зæххыл мæнæй амондджындæр адæймаг нал уаид. Цæугæдоны сыр-сырæй мæм дæ рæвдаугæ хъæлæс хъуысы, мæйæ та мæм дæ ирд цæсгом æрттивы, æмæ

сæ, дæумæ бæлгæйæ, мæхи рæвдауын. Сылгоймагæн йæ цæст кæй уыны, уымæ здæхы, æмæ Ирыстоны дæхицæн æндæр лæппуйы куы равзарай, уымæй тæрсгæйæ, мæ бонтæ тыхст æмæ уырыдæй æрвитын. Дæ разы мæ уæрджытыл лæууын æмæ дæ ирвæзынгæнæн хос курын: мæ амонд дæ къухты и, æмæ мын æй ма бавгъау кæ...»

Йæ писмо фыст куы фæци, уæд ма йæ иуцасдæр йæхимæ, дызæрдыггæнгæйæ, фæдардта, стæй йæ, цы абада, уый абадæд, зæгъгæ, арвыста. Дзуапп ын кæй нæ райсдзæн, ууыл дызæрдыг нæ кодта, фæлæ йæм иуафон постхæссæг къонверт æрбалæвæрдта. Куы йæ райхæлдта, уæд дзы ауыдта ‘рмæстдæр æртæ дзырды: «Ænхъæлмæ дæм кæсын», æмæ йæ риу цинæй айдзаг и.

*Уыдзæн ма*

*ДАУЫРÆ*

# ÆЗ – ХÆХТЫ ЧЫЗГ

* * *

Азты бæрцæй цард нæ барынц, –
Сонт вæйиы лæгдæр.
Кад лæгдзинадæй æвзарынц, –
Мин азы мын цæр.

Фурдæн ис æртахгай рæзæн, –
Сабыргай, бæстон...
Нæй, мæ хур, къæдзæхы уæзæн
Бауромæн, зон.

Азты ис мæ царды исбон –
Мингай зæлты зард.
Арæх, дам, фыццаг фæдисон
Разыны æдзард.

Кафы та мæ зæрдæ, тоны,
Зарын æй фæнды, –
Уый мæ азты бæрц нæ зоны, –
Ма йыл бахуд ды.

* * *

Æз – хæхты чызг, дзæнхъа къæдзæх – мæ авдæн,
Ныджджих мæм вæйиы сусæны мæй хур,
Æз – се ‘вдисæн цъæх æхсæрдзæнты кафтæн,
Æртæхынц мæм ыстъалытæ зынггур.

Æз дæн тæрккъæвда рог дымгæйы разæй,
Фæсимы мемæ урсдидин сæрвæт.
Æз хуры цæст дæн – мигъты ‘хсæн гæбазæй, –
Æрфæны фæндаг – арвы астæу – фæд!

Мæнæн у æрдзы алы фæлгонц уарзон,
Æз хурхæтæны хурдзотыл тыхсын.
Æз зæххы лæппын – мин-мин хуызы фаззон –
Лæмæгъ, тæппуд, ныфсджын æмæ тыхджын.

## ГЪЕЙ, ЧЫЗДЖЫТÆ!

Гъей, чызджытæ, чызналджытæ,
Лæппуйы фын хъыгдарджытæ,
Уыгæрдæнты æрсимæм, –
Дзаджджын кæрдæг ыссивæм.

Гæдидымæг, дзындзалæг,
Хосдзауты зард – нæ дарæг.
Хъæсдарæг у цæвæгдау, –
Мæ уд, лæппу, дæ фæхъхъау.

Кæроджытæ, сæнчытæ,
Сæ зайæнтæ – лæнчытæ.
Дзæнхъаджын фæз-зæрæстон, –
Дыууæйы уарзт – æвæсмон.

Мырткæйы цъуппыл цъиу и,
Нæ иу хосдзау ныххиу и,
Къуыззит, æхситтæй зары, –
Къуыдипп хæдзар нæ дары.

Чызналджытæ, чызналæг,
Цæвæджы ‘хситт – нæ дарæг.
Тыччы, къори – нæ хъазæн,
Мах магуса нæ уарзæм.

* * *

Мæнæ куыд сæрра стæм
Æз æмæ ды!
Басхъиудтам, басхъиудтам
Иумæ мыды.

Нал дарæм ницæмæ
Хæс æмæ бар, –
Ферох нæ, ферох нæ,
Ферох нæ кар.

Адæм! Мæ сæр уын
Нывондæн хæссын,
Чи мыл фæхуддзæн,
Æргом уæ фæрсын?

Радта куырм лæгæн
Цæсты рухс Хуыцау!
Дуне ысуынæгмæ
Ма хæссут фау!..

## АРÆХ ÆРЫМЫСЫН

Задын, уæлкъæйдзыкка арæх æрымысын,
Баззад нырмæ дæр мæ дзыхы сæ ад.
Къада, хъуыдыды, къæлуа, къæпы-мисын, –
Ахицæн уыцы хæринæгты рад...

Ноджы æрымысын хистæрты буц рæвдыд, –
Цас уыд рæвдауæн ныхæстæ кæддæр!..
Суинаг чысылæй нæ вæййы æнæрæдыд, –
Фæлæ куы байрæзы – свæййы хуыздæр.

«Ма ку, мæ урс уæрыкк», «ма кæ, мæ хуры тын», –
Махмæ-иу хистæртæ хатгæ дзырдтой,
Канд сæхи цотæн нæ зыдтой ныфс æвæрын, –
Хъæубæсты алкæй сæ хъæбул хуыдтой.

«Фестон дын царды хос», «цу-ма, мæ зæрватыкк»,
«Цу-ма, мæ къона, дæ нывонд – мæ сæр», –
Авд хохы сæрты-иу тахтыстæм ам-уым цъыкк,
Цумайы бæхыл нæ хæцыд цæст дæр.

Абоны змæст дуг нæ домы фылдæр хæстæ,
Удæн уæздан ныхас – царды æнцой.
Хистæртæ! Хъуамæ уæ арфæйы ныхæстæ
Разæнгарды хос нæ кæстæртæн уой!

* * *

Оххай-гъе, абон та
мæнæ цы тынг тар у,
Уазал. Кæрæдзимæ
згъорæм зынггур, –
Сæрды куы асасти
хуры тыхджын хъару, –
Магниты тымыгъæй
буар дæр ныддур.
Уæнгтæ нындзыг ысты, –
цæсгом – цъæх-цъæхид.
Зæрдæ – æрхæндæг,
нæ дзы хъазы туг.
Гъæй-джиди, мигъ ма
кæддæртау куы тæхид! –
Суæззау. Ыздыйæ йæ
сифтыгъта дуг.
Раздæр æргом цыди
хæйрæг нæ фыдæлтæм, –
Йе стырдæр бæллæх уыд
фат æмæ ‘рдын.
Абон æндæр ысты
уымæн йæ фадæттæ, –
Оххай, цæгъддзæни нæ
Магнитты рын!

## ÆЦÆГ СОМЫ

Æцæг сомы рæстаг лæджы дзыхы
Лæууы æвдисæн алкæцы хъуыддагæн.
Зæххæй сомы æфтауы тых тыхыл,
«Зæххыстæн»-иу зæгъ де ‘мгарæн, сыхагæн.

«Мæ фыдыстæн» – фыды хъæбулæн зæгъ.
«Хъæбул цæра»-йæ басомы кæн мадæн.
Нæ асайдзæн – куы рафæлдæха зæхх –
«Мæрдтыстæн» зæгъæг, бауæндут ыл, адæм!

Бæрзонд хæхтæ цъæх арвмæ сты æввахс,
Хæхбæстагæй æрдз бирæ хъару домы.
Лæг æмæ хох æдзух ысты æвварс, –
Хæхбæсты цæрæг хæхтæй кæны сомы.

«Хæхтыстæн» дын ныссомы кодта лæг, –
Гуырысхо йын йæ раст ныхасыл ма кæн.
Куынæ ‘ууæнда æндæр бæсты цæрæг,
Уæд-иу æй хæхтæм уазæгуаты ‘рбакæн.

* * *

Мæнæн мæ уд æртæ уаваæры ис:
Æз саби дæн, сыгъдæгзæрдæ, æууæндаг.
Æз хъазын уарзын, дугъон бæх мын – уис,
Æбындур ныфс – Æрфæныфæд – мæ фæндаг!

Зæронд дæн æз, æнæхъару, æдых.
Мæ уæнгты уæз мæ уæрджытæн зæххуаргъ у.
Тыхджын дымгæ мæм сарæзта йæ ных,
Нæ хъæбысхæст, мæ фыдæнæн, цæй даргъ у!

Цæргæс дæн æз! Уæларвы тыгъд – мæ къæс!
Бæхбадт кæнын цыдæр фыдуаг хæрæгыл.
Фыдæбон, тох, тыхтухитæ – мæ хæс, –
Æз дæр нымад дæн а дуджы цæрæгыл!

Æмыдзаг у æртæ уаваæрæй риу,
Æртæ суадоны басæттынц мæ дойны,
Цæйнæфæлтау фæцыдæр уа сæ иу –
Æз разы дæн – фæдæлдзæх уæм æмбойны!

## УАЛДЗÆГ

Уалдзæджы тæф рудзгуытæй
Мидæмæ лæбуры,
Зымæджы æнуд фынтæ
Уаты къуымтæй суры.

Митвæллад зæхх бацагъта
Хурвæрсты йæ тæрттæ.
Донхæрис дæр ракалдта
Хъулон-бур къуыбæрттæ.

Хур-тынтæ сæ рухс тæгтæй
Зæрдæйыл æндзæвынц,
Иугай-дыгай сусæгæй
Сау сагъæстæ скъæфынц.

Æз, мæ бон, дывæр тыхтæ
Агурын мæхимæ, –
Гутондар æрлæудзынæн
Сагсурты фырттимæ.

* * *

Хъал дымгæ ныффæллад. Бастад.
Басасти йæ тых:
Сарæзтой йæм хæхтæ с' астæу,
Бæлæстæ – сæ ных.

Фæзтæ, быдырты паддзах уыд, –
Уыд йæ ном та – уад!
Цал хатты йæ сыстын бахъуыд,
Цал хатты æрбадт!

Бæлæстæ фæйлыдта тилгæ,
Сыстын кодта рыг.
Кафыд куы «кæсгон», куы «зилгæ»,
Слæууыд арв уырдыг...

Ныр æрхауд. Кæм и уæлахиз! –
Агуры ингæн.
О Хуыцау, фысымæй бахиз
Бонуазæгæн мæн!..

* * *

Мæ Хуыцауы хай мыл
Куы кала цæссыг,
Мæ дымгæйы бардуаг
Куы сызмæнта рыг,
Куы ‘рбалæууа зымæг –
Мæ удхон – мæ цуры,
Мæ фыдгултæ – мигътæ –
Куы бамбæхсой хуры, –
Мæ фыды мыггагыл
Фæдзæхсын мæ зын!..
Ды дæр-иу нымдгæнгæ
Фæрсагæй фæзын.

* * *

Кæны гуызавæ ас кары дæр лæг, –
Æнæ рæдыд, дам, никуы уыди зæд дæр.
Æрду-хидыл мæ комкоммæ цæуæг
Мæхицæй уæд кæддæриддæр фæлтæрддæр.

* * *

Хæрзаг ныл хæхтæ худæгæй мæлынц:
«Куыд ыстæм у уæззаузонд лæг, куыд ыстæм?!.»
Кæсы нæм уалæ уайдзæфгæнгæ рындз, –
Мæлдзгуытау æм быræм хæрдмæ, зæххыстæн.

Æрхъуыды кодта мин æххуырсты лæг, –
Бырсынц фæйнæрдæм монцифтыгъдæй наутæ.
Йæ кæрæфæй нæ рæстæджы цæрæг
Нæ фиппайы нæ рынчын дуджы цаутæ.

* * *

Карз зымæджы уардиты сырх тау
Апырх и æрвон зынджытæй митыл...
Разынди мæ зæдыхай рæдау, –
Бафтыдтæн сызгъæринты кæритыл...

Асырдтон мæ комулæфтæй хъызт:
Рифмæбыдтæй царды рæхыс уафын...
Ды, мæ хур, куынæ кæсай мæ фыст,
Уæд мæ рæстæг сау дзæгъæлы сафын!..

* * *

Фыды ном хæссын нæу æнцонтæй, нæу:
Дæ фыды фарн дæ домдзæни дæ хъæу.

Нæ дын ныббардзæн мисхал дæр рæдыд:
«Нæ бакодтаид афтæтæ дæ фыд!»

Фыды фарны цæйбæрц намыс и, цæй!
Æмбал гъе уымæн Иры дзыхъхъы нæй!

Дæ кадимæ дæ фыды ном цæрдзæн,
Дæ худинаджы уый ном дæр мæлдзæн.

*ТЫЛАТТАТЫ Бексолтан*

# ХÆДДЗУ

*Новеллæ*

Кæрæфæн йæ ускурыны афон раджы аивгъуыдта. Уындæй, кондæй дзы ницы зæгъæн ис, уæдæ кусгæ дæр хорз бынаты кæны. Мызд дæр исы цæрыны фагæй бирæ фылдæр.

Цыбыр дзырдæй, йæ бон уаид йæ ныйарæг мадимæ бухъ цард кæнын. Æрмæст æй иу чысыл хъуыддаг хъыгдары. Хъæбæр нозт. Хъæуы цæрджытæ йæ иууылдæр зонынц, арахъхъимæ хæлар кæй у, æмæ йын йæ чызджы ничи дæтты. Куы иутæм, куы иннæтæм барвиты минæвæрттæ, фæлæ сæ æнæ дзуаппæй раздахынц.

Йæ мад Дуня тыхсы, куы фæзæронд уа, уæд мын æнæ зæнæгæй баззайдзæн, зæгъгæ. Мæ фыдгулы хæдзар дæр æнæ сывæллоны авдæнæй ма уæд – æнæ бындар уæвын æлгъысты хабар у, бынсæфты хъуыддаг. Æмæ та мад сæ сыхаг Сосланæн балæгъстæ кодта:

– Дæ хорзæхæй, Сослан, уæндгæ дæр дæм нал кæнын, мæ цæсгом дæр дæм нал хъæцы, фæлæ ма иухатт бафæлвар лæппуимæ минæвар ацæуын, æцæг сыхаг хъæумæ. Ме ‘фсымæр Георги уым цæры. Уый тынг æппæлы иу чызгæй. Бинонтæм дæр, дам, фау æрхæссæн нæй.

– Бахатыр кæн, Дуня, фæлæ чызг æмæ лæппу кæрæдзи федтой?

– Дудараты Хъырымы чындзæхсæвы

федтой æмæ цыма кæрæдзи зæрдæмæ фæцыдысты. Кæд Лæгтыдзуары бафæнда, табу йæхицæн, уæд хъуыддаг сырæздзæн, кæннод... – Йæ зæрдæ суынгæг, йæ цæстытæ бадон сты.

– Хорз, Дуня, бафæлварæм та...

Уыд хуыцауæхсæв. Сослан, Бæтæг æмæ Кæрæф Георгийыл сæ фæндаг акодтой. Фысымтæ уазджытæн зæрдæбын æгасцæуай загътой. Бадынц фæрнджын хæдзары бæркадджын фынгыл. Хистæрæн сын хъæуы уæздандæр æмæ кадджындæр лæг. Йæ ном Хасæхъо. Кæрæфæн æрбад ничи загъта, афтæмæй уый дæр кæстæры фарсмæ æнгом бабадт.

Фынгæвæрдыл йæ цæст ахаста. Кæронæй графины дзаг арахъхъ лæууы. Кæрæфæн йæ ком донæй айдзаг. Цалынмæ фынджы хистæр уазджыты сæ нæмттæй фарста, уæдмæ Кæрæфæн ноздмæ кæсын йæ бон нал уыд. Бæгæныйæн æвæрд агуывзæтæй дыууæ айдзаг кодта. Йæ уæллаг фарс бадæджы йæ цонджы къæдзæй басхуыста:

– Цалынмæ хистæртæ дардыл ныхас кæной, уæдмæ адоны сæ бынатмæ ауадзæм æмæ уым сæ куыст кæной.

– Аив нæу. Хистæр нæма фæсидт.

– Уый йæхи хъуыддаг у.

Бæтæг ын стъолы бынты къахæй йæ къах бацавта. Кæрæф æм мæсты каст бакодта. Бæтæг ын сæрæй ацамыдта, ма баназ, зæгъгæ. Кæрæф нæ байхъуыста. Цайцымæны дзаг арахъхъ æнæ сулæфгæйæ аныз та. Æнæ комдзаг скæнгæйæ та æрыдзаг кодта агуывзæ. Йæ цæстытæ фæцъынд ласта æмæ та уый дæр æнæ исты сдзургæйæ ауагъта. Стæй йæ фарсмæ бадæджы басхуыста:

– Фынгмæ ‘внал. Адон хæрынæн æрæвæрдтой. Тауынæн, садзынæн нал бæззынц, – загъта æмæ та ногæй рауагъта дзаг цайцымæн. Йæ фарсмæ бадæгмæ хаты, бакъуырæм, зæгъгæ. Уый йын йæ къух аиуварс кодта.

– Куыд дæ фæнды, афтæ. Дæ барæн дæхимæ. – Йæ цæстытæ фæцъынд кæнгæйæ, аныз та. Ныккæрзыдта.

Фынджы хистæр æртыккаг сидты фæстæ ныхасы бар радта уазджыты хистæрæн. Сослан сыстад:

– Бахатыр кæнут, нæ буц фысымтæ. Фыццаджы дæр уын зæгъын стыр бузныг уæ уæздан уагæн. Дыккагæй мах æрвыст стæм Къæдохты Сауийы хæдзарæй бахæстæгдзинады охыл. Сауийы фырт Кæрæф зындгонд у, канд хъæуы мидæг нæ,

æнæхъæн районы дæр. Куыста æмæ кусы бæрнон бынаты. Йæ фыд Сауи амард цалдæр азы размæ. Лæппу сарæзта хорз бæстыхæйттæ æмæ дзы цæрынц йæ мад Дуняимæ. Дуняйы æфсымæр Георги цæры уе ‘хсæн, зонут æй.

– Георгийы хорз зонæм. Кæд гæнæн ис, уæд нын лæппуйæн йæхимæ ардæм фæдзурут. Мах дæр æй фенæм. Кæд нæ чызджы аккаг уа, уæд – табуафси, разы стæм, – загъта Хасæхъо.

– Æз мæнæ дæн! Агурын мæ нæ хъæуы! – Кæрæф фестад. Ныццудыдта. Тых лæуд кæны.

– Уый та куыд? Махимæ иу фынгыл бадт?! – Хасæхъо рамæсты. Фестад. – Бахатыр кæн, Сослан! Дæ бакаст, де ‘гъдау, дæ ныхас уæздан лæджы миниуджытæ æвдисæг сты. Фæлæ куыд рацыдтæ ахæмы… уый хуызæн йеды фæдыл?

– Чи у расыггæнаг? Нозт дæр лæг нуазы. Хъугæн ма йæ бануазын кæн. Смудгæ дæр æм нæ бакæндзæн! Стæй дæрдтыл цы дзурут? Мах чызгимæ кæрæдзи æмбарæм. Сымах хæс у бафидауын æмæ чындзæхсæвы бон снысан кæнын. Иннæ хъуыддæгтæ сымахмæ нæ хауынц. Бахордтат, баныстат æмæ уæ фæрныг хæдзæрттæм афардæг ут!

Дыууæ лæппуйы Кæрæфы цæнгтыл фæхæцыдысты. Цы машинæйы æрбацыдысты, уым æй фæмидæг кодтой.

Сослан хатыртæ ракуырдта се ‘ппæтæй дæр æмæ сæргуыбыр æмæ уæнтæхъилæй рацыд…

Чызг цалдæр боны фæстæ йæхи къахæй Дуняйы фарсмæ ‘рлæууыд:

– Мæн Кæрæф ахæмæй дæр хъæуы. Уымæн мæ хъæуы, æмæ мæ уырны: мæ уарзты фæрцы ахæм нал уыдзæн, стæй йæ ном дæр Кæрæф нæ, фæлæ хъуамæ суа Уæзданджери!

Афæдзы фæстæ сæм Хасæхъо, Сослан, Бæтæг æмæ Георги сæмбæлдысты Уæзданджерийы фырты куывды.

Цы домбай дæ, уарзондзинад, цы!..

*ГЕЦАОН-ЕЗЕТЫ Нинæ*

## КÆДДÆРЫ УАРЗТ

Кæддæр дæ уарзтæй амондджын уыдтæн,
Мæ удрæбын дын æз дзæнæт ыскарстон,
Уыдтæ мын ныфс, зæрин хуры тæмæн,
Мæ рухс сæнтты дæ стъалытимæ барстон...

Дæ кæддæры уарзт ныр бынтон æрмынæг, –
Мæ удыл сагъуыд сау цæссыг-тæдзынæг.

Фæлæ... дæуæй нæ ракæндзынæн хъаст, –
Мæ ивгъуыдæй æз бузныг дæн Хуыцауæй.
У не Скæнæгмæ н' алы къахдзæф барст,
Кæм рæдийæм, кæм ыскъуыйæм бындзарæй...

*БУТАТЫ-ХЕСТАНТЫ Победæ*

# ÆРТÆ ЭТЮДЫ

## ХÆХТÆ

Дун-дуне æмæ зæхх...

Ныйыйарæг мад æмæ хъæбулæй уæлдай не сты. Дун-дуне æрвон тыгъдады дургай-мургай фембырд кодта зæххы, уд дзы бауагъта. Æрвон тыгъдады йын скодта æрвхуыз фæндæгтæ. Сфæлдыста сæ Æрфæны фæд æмæ стъалытæй. Ссыгъта йын боны рухсæн Хур, æхсæвы Тар сурынæн Мæй. Æмæ йæ райдыдта йæ уæлныхты хæссын.

Дун-дуне æмæ зæхх...

Уыдон хæхтæй баст сты кæрæдзиимæ. Зæхх фæдис куы ныхъхъæр кæны, уæд хæхты кæмттæй дун-дунемæ сыхъуысы йæ хъæрзын.

Æрдз æй барæвдауын куы сфæнд кæны, уæддæр фыццагдæр хæхты риумæ ‘ркалы йæ хурæфсæст хæрзтæ.

Зилы æрвонтыгъдады зæхх...

Йæ уæлæ арвмæ сæхи ивазынц хæхтæ. Уый чи загъта, æмæ Дун-дуне сивта йæ зæрдæ зæххыл! Бæркадæй йæм цы ис, уыдон – хæхты хъæбысы. Зæххыл æнæсгæрстæй цы ис, уыдон дæр хæхты бæрзæндтæ.

Æмæ тæхудиаг æрбауа адæймаг! Хæхты къабæзты уындæй чи нæ фæтарст, бæрзондæй бæрзонддæрмæ сæ чи февзæрста.

Цæргæс кæйонг нæ тæхы, дзæбидыр

цæуын кæдæм нæ фæразы, мыстдзæуæн фæндаг дæр кæдæм нæй, уыцы хæхты цъуппытæ чи басгæрста æмæ сын сæ тæккæ бæрзонддæрæй æмæ сыгъдæгдæрæй Хуыцауæн кувæндон чи скодта!

## ДЗУРГÆ ЗÆРДÆ

Ærдз цæрынæн æмæ уд сыгъдæг кæнынæн цыдæриддæр сфæлдыста, уыдонæй алцæмæн дæр йæхи хъæлæс ис.

Ærдз райхъал вæйиы йæ зарæджы хъæлæс – тæдзынæджы уынæрæй. Хурыскаст – цъиуты цъыбар-цъыбурæй. Ærдзы дамдумтæ сыфтæрты сыбар-сыбурæй. Ærвон тыгъдад та барджын ныхас æрвнæрдæй фæзæгъы. Хохæн йæ маст дæр æмæ йæ уарзт дæр æхсæрдзæны уынæргъын у.

Ис сæхи хъæлæс цæрæгойтæ æмæ зайæгойтæн дæр.

Ис йæхи хъæлæс адæймагæн дæр. Кæмæн бæзджын, кæмæн фæлмæн, кæмæн та цъæхснаг. Диссаг: хъæлæс дæр , дам, удыкондмæ гæсгæ у. Фæлмæн хъæлæс удæн æхсызгон у, зæрдæмæ тынг хъары, цардбæллон æй кæны.

Уæдæ ирон фæндыræн та...

Дыууадæстæнон фæндыræн – дыууадæс хъæлæсы. Бавнал ын йæ хъистæм, æмæ дæм æнусты сæрты æрбахæсдзысты фыдæлты зарæджы зæлтæ, сæ тохы уынæр; радзурдзысты дын сонт фыйиауы бæллицтæ, усгуры сагъæстæ, уарзæгой зæрдæйы хъынцъым.

Фæндыр у Сырдоны хъарæгæй арæзт кадæг.

Рæстæг цыд. Цыд ивгæ цард дæр, æмæ дыууадæстæнон фæндыры бынат бацахста хъисын фæндыр. Фыццаг, дам, цы вæйиы, зæрдæйы арф æвæрдæй уый баззайы.

Сырдоны сау маройæ чи равзæрд, ныр уыцы фæндыримæ ерысы бацæуынц хъандзал фæндыр æмæ дала фæндыр. Кæрæдзимæ бахъырнынц. Ærтæ хъæлæсæй сисынц æрдзы æмæ уды рæбинаг æвæрæнты равзæргæ зæлтæ.

Фæндыр... Уый у дзургæ зæрдæ.

## ХЪÆУ – РОХ СИМФОНИ

Мæ хъæу – мæ сабидуджы авдæн. Ды мын радтай царды идон мæ къухтæм. Цавæр тых дæ сыскъуынид мæ зæрдæйæ суанг мæ фыны дæр?

Æз æмæ ды æнæфæхицæнгæнгæ стæм кæрæдзийæ. Ды мæ царды стыр чиныг дæ.

Мæ хъæу – уалдзыгон тæдзынджытæ æмæ ивылд дæтты уынæр. Дæ зымæгон фын малусæджы къусджы атайы. Донхæрисы хъæбысæй дын рахæссынц хуры тынтæ дæ цъæх фæлыст. Мæ гутонвæндаджы базоныс быдирон кадæджы ныхæстæ, арф ауæдзы бамбæхсы дæ фæззæджы бæркад.

Уалдзæг æмæ хъæу – уазæг æмæ фысым. Æз та уырдыгыстæг уæ цъæх фæлыст фынгыл. Сымахæн дæр мын кæстæриуæггаг кæддæриддæр цæттæ уыд.

Худгæ хур æмæ фæлмæн къæвдатæ, цæппæрдзæст æртæх æмæ мыдмондаг мыдыбындз дидинæджы къусджы. Цъæх нæуу æмæ бæгъæввад сабитæ ногуагъд цъиуты фæдыл.

Мæ хъæу... Ды дæ рæдау æмæ уазæгуарзон фысым. Уæдмæ дæм æрвæрттывды сырх базыртыл æртæхы сæрд. Нæ дын бавгъау кæны къæрццæмдзæгъд уарын дæ дойны суадзынæн. Ныггуыпп кæны цард. Лыстæгзæнг мæнæу бацæуы ленкгæнæгау симды, бакувы хъамбулзæнг нартхормæ æмæ Зилахарау базмæлы быдыр.

Бæркадджын хуынтимæ дæм фæзынын æз дæр: мæ къухвæллой – дæ дзаджджын фынгты фидыц. Фыццаг дыргътæ, хорысæр ссадæй дзул, фыдызгъæл, халсартæ... Фæлæ кæм ис æрдзон рæстæгæй фидар? Бæласы фыццаг бур сыфтæр сфæдисон вæйиы фæззæгæй дæу æхсæн.

Уæд райы зæрдæ дзаг гонтæй. Уæд ды – мыды къус. Куывдтæ æмæ чындзæхсæвты къæрццæмдзæгъд нæры æрвгæрæттæм.

Фæлæ та æз æмæ ды хъызт зымæджы къæсæрыл фæхъуыды кæнæм уалдзæджы хуымгæндыл.

О, хъæу!

Дæ цоты мыггагмæ хъæу.

*ХЪАЛÆГАТЫ Дзанджери*

# ДЫУУÆ ХУРЫ

*Ныв*

– Ма ку, Мурик, ма ку! – мад сабыр кæны йæ фондзаздзыд лæппуйы.

– Кæуын!

– Цæмæн кæуыс, цы дыл амбæлд æмбойны?

– Уæдæ цæмæн аныгуылд?

– Чи?

– Хур. Нана афтæ куы загъта, макуы, дам, мын аныгуылай, кæд мын цы зæрдæтавæн хур дæ...

– Уый дæуæй загъта, дæуæй!

– Нæ, нæ, хурæй дзырдта, æз исты хур дæн – куыд æй тавын?!

– Дæ, дæ! Йæ иу хур арвыл, ды та йæ зæххон хур.

– Æмæ уæдæ цæмæн аныгуылд арвы хур?

– Райсом та скæсдзæн. Ма ку...

– О, уый кæд уыдзæн – райсом! Ныр скæсæд. Талынг у æнæ хур. Æз куы аныгуылин, уæд талынг нæ уаид.

– Дуне æцæг талынг уæд бауид, уæд, Муратбег! Дæ нанайыл, мæныл, дæ хо Иринкæйыл, дæ уæрыкк Гокойыл, дæ сæныкк Дзыгийыл, дæ дзиба Пусийыл, дæ дада æмæ дæ бабайыл. Стæй арвы хур дæр ныссау уаид æмæ ставд цæссыгæй кæуид. Бирæ цæр, мæ къона, бирæ!

Мурик тынгдæр ныккуыдта:

– Æз... æппындæр... æппындæр нæ... нæ ныгуылын...

Мад æй йæ хъæбысы ныттыхта, йæхи дæр скæуынмæ бирæ нал хъуыд.

# «МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ

***Байцаты Людмилæйы*** *сфæлдыстадимæ нæ журналкæсджытæ рагæй зонгæ сты, цалдæр хатты йын сарæзтам равдыстытæ. Людмилæ уыди бирæ регионалон, æппæтуæрæсеон æмæ æппæтдунеон равдыстыты архайæг. Райста къорд дипломы, премийы, алыхуызон хорзæхтæ, кадджын нæмттæ. Нæ равдысты йын фендзыстут йæ ног куыстытæ. Кæны сæ тæвд эмалæй.*

*Æнусон сюжет.*

*Кæсæртæ.*

*Кæрдотæ.*

*Фæззæг.*

*Развæлгъау зонæг.*

*Ус-паддзах.*

*Балц скæсæнмæ.*

*Сæумæрайсом.*

*Изæр.*

*Хæрзфынтæ уынæг.*

*Сусæг хъусынгæнинæгтæ.*

*Сусæг фыстæджытæ.*

*Мифологи.*

*Рагацау базонæг.*

*Мифологи.*

*Фыны тæхгæйæ.*

*Зæды уаргъ.*

# Æвыд-дывыдоны дуг

## ПОЛИТИЧЕСКАЯ БЕСПЕЧНОСТЬ И БЕЗДЕЯТЕЛЬНОСТЬ ПРАВЛЕНИЯ СОЮЗА ПИСАТЕЛЕЙ СЕВЕРНОЙ ОСЕТИИ

Все общественно-политические организации нашей страны перестраивают свою работу на основе исторических решений Пленума ЦК ВКП(б) и доклада вождя народов товарища Сталина. Исторический доклад товарища Сталина на Пленуме ЦК ВКП(б) является программой дальнейших действий. Однако правление союза советских писателей автономной республики Северной Осетии до сих пор молчит, не нашло нужным собрать весь союз и обсудить, изучить доклад товарища Сталина и перестроить всю работу. Такое молчание и нежелание перестраиваться, конечно, говорит о многом. Оно говорит о том, что в правлении союза советских писателей Северной Осетии неблагополучно. Правление, как известно, не обсудило Сталинскую Конституцию, постановление комитета по делам искусств о «Богатырях» Д. Бедного.

А есть о чем поговорить. Долгое время в правлении союза советских писателей Северной Осетии орудовали махровые троцкисты Фарнион, Дзесов, враги народа, буржуазные националисты Косирати С., Абаев Ш. Они были разоблачены, конечно, не беспечным правлением во главе с его председателем т. Боциевым Б., а соответствующими организациями. Правление созывает узкое собрание и ставит вопрос о троцкистах, буржуазных националистах тогда, когда последние были изъяты. Правление механически исключило их из списков, не сделав политических выводов для всех писателей и для себя.

Политическая беспечность, подхалимство и семейственность довели правление до того, что исключенный горкомом ВЛКСМ Ардасенов Х. остается кандидатом союза писателей и близким для членов правления союза советских писателей и всем другим писателям. Ардасенов Х. находится в близких родственных связях с троцкистами Фарнионом и Дзесовым. Ардасенов Х. работал с этими троцкистами бок о бок и, конечно, знал об их троцкистской деятельности, но никогда об этом не говорил никому. И вот этот Ардасенов ютится под

крылышком беспечного правления союза советских писателей.

Известно, что т. Галаев Ст. восхвалял буржуазного националиста Абаева Ш., зная хорошо участие Абаева в контрреволюционной малусаговщине. Этот «критический разбор» Галаевым даже был издан специальной брошюрой, где он назвал буржуазного националиста Абаева Ш. истинным большевистским поэтом. Понятно, какой вред принесла эта статья. Это, конечно, хорошо известно Боциеву Б. и всему правлению ССП, но они все это не хотят вынести на обсуждение союза писателей, так как они находятся в болоте семейственности и политической беспечности.

Кому неизвестно, как член правления ССП Северной Осетии Нигер восхвалял троцкиста Дзесова, зная его троцкистскую деятельность еще будучи в Ногире.

Нигер преподнес этого троцкиста Дзесова советскому читателю, наделив его всеми лучшими качествами. Нигер этого врага народа назвал лучший из лучших советских писателей Северной Осетии.

Ко всему этому Боциев Б. председатель правления ССП., коммунист, относится примиренчески. Не пора ли потребовать отчета от такого беспечного, бездеятельного правления и его председателя т. Боциева?

Поражает абсолютная бездеятельность правления. Правление не интересуется, не знает писателей: кто над чем работает, как живут писатели; такие писатели, как Коцоев А., Кубалов, Нигер ничего не делают, ничего особенного не дали еще советскому читателю, не показывают нашу счастливую жизнь. Что же им мешает, почему они не хотят отображать счастливую жизнь нашей прекрасной родины?

Правление не знает, кто и как готовится к 20-летию великого Октября, а все писатели нашей страны готовятся к этой величайшей дате.

Журнал «Мах Дуг», орган союза писателей Северной Осетии, не выходит с августа прошлого года исключительно по преступной бездеятельности правления ССП.

Правление совершенно сняло с себя ответственность за детскую литературу. Из поля зрения правления совершенно выпали молодые, начинающие писатели. Десятки и сотни просьб литкружков, начинающих писателей остаются у дверей правления, они не доходят до бездеятельных членов правления. В этом вопросе ясно видим следы троцкиста Фарниона, который затирал произведения коммунистов и молодых, начинающих авторов. Нет литературных вечеров, читатель-

ских конференций. О них правление совершенно забыло. Одним словом, правление ССП Северной Осетии бездействует.

В чем причины такой политической беспечности? В чем причины такой преступной бездеятельности? За время своего существования правление союза советских писателей никогда не отчитывалось о своей работе перед писательской массой. Никто его работу не контролирует, не критикует, члены правления друг друга не критикуют, не контролирует их работу председатель правления Боциев, он бездействует спокойно. Правление совершенно оторвалось от массы писателей. С 1935 года не было ни отчета, ни выборов правления. Из старого состава остался один только Боциев Б., остальные два члена (Нигер и Коцоев) были кооптированы, никто их не избирал.

О каких принципах широкой демократии говорить, когда правление – один мирок, а писательская масса – совершенно другой мир. Здесь поразительным является и примиренческое отношение ко всему этому зав. отделом агитации и пропаганды Обкома т. Бадоева К. Требуется срочное вмешательство, требуется созвать широкое собрание союза писателей. Нужно заслушать отчет правления союза советских писателей Северной Осетии и избрать достойных людей в состав правления ССП Северной Осетии.

*«Пролетарий Осетии»*
*18.04.37, № 90*

# ИРОН
# ПРОЗÆЙЫ
# АНТОЛОГИ

# ЕПХИТЫ ТÆТÆРИ

*(1911–1958)*

*Епхиты Аслæнбеджы фырт Тæтæри райгуырд 1911 азы 23 ноябры Æрыдоны.*

*Курдиатджын лæппу ахуырмæ зæрдæргъæвд рахаста, æмæ кусæг фæсивæды училищæ каст куы фæцис, уæд 1930 азы бацыд Новочеркасскы хæххон техникуммæ. Донбассы æмæ Садоны шахтæты куыстимæ хорз базонгæ, фæлæ уæддæр йæ бæллиц гуманитарон ахуырадимæ баст уыд.*

*1937 азы Тæтæри райста Мæскуыйы историон-философон институты диплом æмæ истмат æмæ диаматы ахуыргæнæгæй бакуыста нæхимæ педагогон институты. Уый фæстæ йæ равзæрстой фысджыты Цæдисы сæрдарæй, уыдис журнал «Мах дуджы» редактор, республикæйы Сæйраг Советы Президиумы секретарь, наукон кусæг – кандидаты диссертаци дæр бахъахъхъæдта...*

*Фыста æмдзæвгæтæ, прозаикон æмæ драмон уацмыстæ, фæлæ æппæтæй зындгонддæр у куыд юмористон радзырдтæ сфæлдисæг. 50 азæй фылдæр рауад, йæ уацмыстæ æртæ томæй рухс куы федтой, уæдæй нырмæ.*

*Цыбыр уыд йæ цардвæндаг Тæтæрийæн: амард 1958 азы.*

*ЕПХИТЫ Тæтæри*

## ХУЫЙÆНДАГ

Ацы хуыйæндаг абæттын мæ астæуыл... Хистæр лæппу мын мæ рон ахаста, æмæ... – йæ четæн куырæт дзæбæхтæ кæнгæйæ, загъта Фæхтыхъо, æмæ йæ сырх тугбадт цæстытæ фысдзарм худы бынæй бакастысты Дзæрнахъомæ.

Фæхтыхъо лæууыдис сæ хъæмпын сарайы кæрон, къонамæ ‘ввахс, Дзæрнахъо дæр йæ цуры. Фæхтыхъо йæ куырæт дзæбæхтæ

куы кодта, уæд Дзæрнахъомæ дæр хардзау æркаст – йæ сау нымæтхуд систа йæ сæрæй æмæ йын йе ставд хъистæ æвзарын райдыдта.

– Æмæ та кæм и уæ хистæр лæппу? – Дзæрнахъо худæй йæ цæстæнгас нæ систа, афтæмæй бафарста Фæхтыхъойы.

– Æмæ, гъе, цы йын зонын æз дæр, усгур та, дам, ацыд Хъахъхъæдурмæ, зæгъынц.

– Ды дæр, Фæхтыхъо, цотджынæй æнæ цот дæ: æз урс кæнын куы райдыдтон, уæдæй нырмæ уæ хъусын: «Нæ хистæр лæппу та усгур ацыд!» Ау, уый аккаг дзыллæйы зылды нæй, æви? Нæ, фæлæ дæу дæр амонд нæ фæци, Фæхтыхъо, нæ фæбæззыдысты дæ цот!

– Афтæ, афтæ, мæ хур, Дзæрнахъо, фæлæ цы гæнæн ис, алкæмæн дæр йæ амонд конд у, – арф ныуулæфгæйæ, загъта Фæхтыхъо. – Цот дзы Дженалдыхъойы цоты хуызæн куынæ фæуа! Стыр кад ын кæнынц йæ цот. Знон, дам, йæ уд дæр нæма систа, афтæ йын Бæрæгъуыны цы фырт цæры, уый дыууæаздзыд уæныг æрбахæццæ кодта. Иу гал та сæхимæ хастой хистагæн, хъоммæ дæр æй нал уагътой...

– Æмæ йæ низы хъæд тыхджын уыд, мæйы размæ дæр дзырдтой фервæзинаг рынчын нал у, æмæ рагацау сæхи цæттæ кодтой, – загъта Дзæрнахъо.

– Адæмæн æмбисонды хист дзы уыдзæнис...

– Амондджын у, амондджын Дженалдыхъо. Гъеныр, Хуыцау бахизæд, фæлæ æз æрбамардтæн, уæд мæрддзыгойæн сæ фæллой цæмæй схæлар кæниккой мæ цот?

– Æмæ дзы мæныл дæр хуыздæр бон куы нæ ис. Нæ зонын, цæмæй фиддзыстæм нæ хæстæ?.. Фæлæ æрæджы кæнæм, мæрддзыгой æрбацыдысты æмæ ныр мард тагъд рахæсдзысты – йæ лæдзæг райсгæйæ, загъта Фæхтыхъо.

– Уый дæр у... – Дзæрнахъо йæ худ ныккодта æмæ рараст сты.

– О, Дзæрнахъо, уый дын зæгъынмæ хъавыдтæн, уæд та фæйнæ нурыйы ахæссикам немæ, стуры фыд нурыимæ диссаджы хæрзад у, æмæ хæрнæджы нуры кæй нæ уыдзæн, уый дын зæгъын æз рагацау.

– Раст зæгъыс, нуры æвзæр нæу къуыдырвых фыдимæ.

Фæхтыхъо фæстæмæ ‘рбаздæхти къонайы цурмæ, сæвнæлдта къусмæ йæ даргъ къухæй æмæ райста дыууæ нурыйы, йæ

уырзтæй сæ асгæрста, æмæ дзы иу фæлмæнгомау разындис. Сæвнæлдта та фæстæмæ æмæ фæлмæн нуры баивта хъæбæрæй.

– Цом ныр, кæннод сын хъыг куы уа мæрдджынтæн нæ байрæджы.

– Уæуу, мæнæ мыл мæрдырох куыд бахæцыди. Мæ кард мæ куы байрох, – хъæрзæгау скодта Фæхтыхъо æмæ Дзæрнахъомæ дæр нал фæкаст, афтæмæй кулдуарæй раздæхт фæстæмæ æмæ уæлвæйнæгæй райста урсфистонджын кард. Кæрддзæмæй сласта кард æмæ йын йæ коммæ æркаст. – Хорз у, æгæр цыргъ дæр ма у!

– Æнхъæлдæн æмæ, Фæхтыхъо, дæндагæй хорз нал дæ? – худæнбылæй афарста Дзæрнахъо йæ хæлары.

– Уастæн æй Уацилла йæ рæхыстæй куы ныццæвид уыцы дохтыры, мæн дæндагджынæй æнæдæндаг чи фæкодта!.. Мæнæ ма æрбакæс, кæцæй мын сæ сласта...

Дзæрнахъо æвæндонæй бакаст йæ хæлары комарынгмæ æмæ йæ сæр батылдта.

– Æмæ хуымæтæджы дæндæгтæ уыдысты, раст мæнæ мæ тымбыл къухы йæстæ, – йæ рахиз къух фæтымбыл кодта Фæхтыхъо, – фыры хъулты хуызæн, раст фыры хъулты.

Фæхтыхъо æмæ Дзæрнахъо уыдысты сыхæгтæ. Кæрæдзийыл стырзæрдæ никуы кодтой, кæрæдзийæ ницы æмбæхстой, сæ зæрдæйы ныхæстæ кодтой æрмæст сæ кæрæдзийæн. Хъæубæсты-иу хист куы уыд, уæд-иу кæрæдзимæ уайын райдыдтой цы æргæвст уыдзæн хæрнæджы, цавæр нозт дзы уыдзæн. Сæ кæрæдзийæн уынаффæтæ кодтой, куыд хæрын хъæуы, цæмæй хисты хæлцæй гуыбыны фылдæр бацæуа.

Хæлæрттæ дыууæ дæр æмсиæхстæ уыдысты. Стæй Фæхтыхъойы хъæмпын сарамæ цæугæйæ-иу сæ дыууæйы дæр гуыбыр кæнын хъуыд. Сæ дыууæ дæр уыдысты коса, цæсгомæй дæр æнгæстæ, æрмæст Фæхтыхъойæн йе ‘рфыгыл уыди стыр сау бызычъи, фæлæ уый дæр худы бынæй нæ зынди.

Мæрддджынты кæрт адæмæй уыдис йемыдзаг. Фæхтыхъо æмæ Дзæрнахъо бацыдысты кæртмæ, сæ худтæ систой, тæфæрфæс ракодтой. Бараст сты марды цурмæ, сæ къухтæ йыл авæрдтой æмæ фæстæмæ рацыдысты сарамæ, сæ куырæтты фæдджитæй сæ цæстытæ сæрфгæ.

Фæссихор уыдаид, афтæ мард æфснайд æрцыдис, куыд æмбæлы, афтæ. Устытæ къордгæйттæй, æнувыд ныхас кæнгæйæ, сабыргай цыдысты уæлмæрдтæй фæстæмæ, лæгтæ та тагъд код-

той хист хæрынмæ. Фæссихор чысыл сæлфынæг кæнын райдыдта æмæ-иу лæгтæ мæрдджыны сарамæ куы бахæццæ сты, уæд сæ худтæ систой æмæ-иу сæ сабыргай ацагътой.

Дзæрнахъо æмæ Фæхтыхъо сæ лæдзджытыл æрæнцой кодтой, афтæмæй зæхмæ кастысты æнкъардхуызæй. Хаттæй-хатт-иу сæ кæрæдзимæ бакастысты, ома: «Хæрнæг æгæр фæстиат кæны, нæхимæ дæр къæбæрдзых не скодтам...»

Хæрнæг цæттæ уыдис, æрмæст ма кастысты мæрдджынтæн сæ мыггаджы хистæрмæ. Уалынмæ уый дæр фæзынди.

– Табуафси, хорз адæм, фæйнæ арахъхъæй схæлар кæнут уæ фæллой, – загъта мыггаджы хистæр. Адæм æфсæрмхуызæй кæрæдзийæн цæстытæй амыдтой фынгты ‘рдæм, фæлæ дзы ничи разы кодта фынгтæм сегасы разæй бацæуын.

Мыггаджы хистæр та сæм хатын райдыдта. Фæхтыхъо æмæ Дзæрнахъо кæрæдзимæ бакастысты, схуыфыдысты уæлæнгай, стæй бацыдысты фынгтæм æмæ фæрсæй-фæрстæм æрбадтысты.

Фæйнæджытæ æртæ рæнхъы æрæвæрдтой, астæуккаг фæйнæгыл хæрд æмæ нозт уыдис, кæройнæгтыл та адæм бадтысты. Сæ дæргъ уыдис сарайæн йæ иу кæронæй иннæмæ. Нард стуры фыд æмæ ногфых æнхъизæнджын дзулы тæф æхсызгон хъыдзы кодтой фындзы хуынчъытæ.

Фæхтыхъо æмæ Дзæрнахъо цывзыджын хъарм арахъхъæй фæйнæ фондзы бæрц куы анызтой, уæд сæ нурытæ сæ зæрдыл æрлæууыдысты. Фæхтыхъо аивæй йæ къух куырæты дзыппы ауагъта æмæ систа нурытæ, иу дзы æнæдзургæйæ Дзæрнахъойы къухы фæсагъта. Сæ фарсмæ чи бадт, уыдон сæ нæ бамбæрстой, цалынмæ нурыты тæф сæ былтыл ауад, уæдмæ. Тынг адджын скодтой сæ хæринаг Фæхтыхъо æмæ Дзæрнахъо сæхицæн, сæ фарсмæ чи бадт, уыдонмæ дæр ма дзы фæкастысты.

– Знон цæхæрадоны уыдтæн æмæ мæ дзыппы ферох сты... – дзырдта Фæхтыхъо, цæмæй йыл ма фенæууæнк уыдаиккой, уый тыххæй.

Дзæбæх куы аминас кодтой, уæд Фæхтыхъо Дзæрнахъомæ аивæй бадзырдта:

– Мæ хуыйæндаг мæ æлхъивын байдыдта. – Дзæрнахъо йæ хъус уыйбæрц нæ бадардта йæ хæлары хъастмæ. Уырдыгыстæг та тæбæгъы дзаг рахаста фых дзидзайы къуылдыхтæ æмæ та сын сæ сæ разы æрæвæрдта.

Фæхтыхъо æмæ Дзæрнахъо сæ ныхас кæнын фæуагътой æмæ

та фынгтæм, тагъдгомау, февнæлдтой. Гуыбынты нал цыдис, фæлæ уæддæр цæст не ‘фсæстис уыцы замманайы цывзыджын арахъхъ æмæ нард фыдæй, ноджы ма нурыимæ.

Иу заманы куы уыди, уæд, дын, Фæхтыхъо фынгмæ нал æвналы, æрмæст æдзынæг кæсы, йæ бакомкоммæ цы лæг бады, уымæ. Дзæрнахъо йæ рæмбыныкъæдзæй басхойы Фæхтыхъойы, фæлæ уый змæлгæ дæр нæ кæны. Уалынмæ дын Фæхтыхъойы тъæпп уæлгоммæ фæцыди. Къæхтæ æмæ къухтæ адаргъ кодта, цæстытæ ныдздзагъыр сты.

Дзæрнахъо хорзау нал фæци. Фестад, Фæхтыхъойы ныхыл фæхæцыд, – ных ауазал. Адæм æрбамбырд сты: иуæй дис кæнынц, иннæмæй тасы бацыдысты цы хабар æрцыд, уый не ‘мбарынц. Æппынфæстаг мæрдджынты мыггаджы хистæр загъта, цæмæй дохтыр Коколайы тагъд æрбахæццæ кæной.

Дохтыр Кокола удаистæй æрбалæууыди. Мæрдджынтæн тæфæрфæс дæр нал ракодта, фæлæ Фæхтыхъойы уынынмæ фæци. Рауын-бауын æй кæны, фæлæ цалынмæ дохтыры къух хуыйæндагыл аныдзæвдис, уæдмæ никуы æмæ ницы, – не ‘взæрста низы хъæд. Хуыйæндаг Фæхтыхъойы тæнтæ сылвæста æмæ гуыбыны фыдты афардæг.

– Æри-ма... кард уæ никæмæ ис? – раздæхти дохтыр адæммæ.

– Дæ цуры фынгыл кард, – ацамыдта чидæр кардмæ. Кокола кард райста æмæ фæлыг кодта хуыйæндаг – фæйнæрдæм фæхаудысты йæ дыууæ кæроны.

Фæхтыхъо ракаст йæ цæстытæй, гуыбын рахæцыд æддæмæ... Лæг сулæфыд...

– Хорз лæг, Дженалдыхъойы хистæй афæдзваг бахæрынмæ хъавыдтæ, æви цы? – загъта дохтыр Кокола, Фæхтыхъомæ бакæсгæйæ, йæхæдæг рацыд йæ къухтæ æхсынмæ.

## МЫХЪМЫХЪЫ КÆРЧЫТÆ

– Мæнæ та дзы дыууæ ныххæдмæл! – æнкъард æмæ тарстхуызæй загъта Мыхъмыхъ, йæ рахиз къухæй дыууæ урс карчы æрзæбул, афтæмæй.

– Уæ судзгæ бон мыл акæна! – ай хæрзбын куы кæнын... цагъды куы фесты иууылдæр... Ныр дын уый авд... æмæ кæрчытæ

сты, кæрчытæ... схæцæнтæ сыл нæй... сыгъдæг хорæй хаст сты æмæ цæуылнæ уой фиу, – бакатай кодта Мыхъмыхъы æфсин – Госæда, йæ стæгджын даргъ æнгуылдзтæй йæ роцъойыл хæцгæйæ, дыууæ урс каркмæ æдзынæг ныккасти, афтæмæй.

– Уæддæр мæрддзæст дæ... дæ цæст-иу дзы нæ уарзта аргæвдын, – тæргайхуызæй загъта Мыхъмыхъ æмæ йæ синтыл йæ къухтæ дзуарæвæрд акодта, йæ зылын цæстæй та кæрчытырдæм бакаст.

– Цæй, æмæ сæ ныццæгъдæм сегасы дæр, – загъта Мыхъмыхъ. – Æвæццæгæн, кæркниз у æмæ æнæпайдайæ хæдмæл кæндзысты. Бахус сæ кæндзыстæм, хус карчы фыд дæр æвзæр нæу... – Цы ‘рцыд, уымæн гæнæн нал ис, – йæ цыбыр цæнгтæ батилгæйæ, загъта Мыхъмыхъ æмæ та йæ зылын цæст йе ‘фсинмæ ферттывта.

Госæда ноджы тынгдæр мæсты кодта йæ лæджы æнæмæт ныхæстыл æмæ йæ дзыхæй амæй-ай ахсджиагдæр æмæ карздæр æлгъыстытæ хаудысты алы адрестыл. Æлгъыста Хуыцауы: куы йæ дæлæмæ хауын кодта, куы та йын цæйдæр тъæнгтæ хæрын кодта.

– Мæ цуры зæронд нæл гæдыйы разил-базил ма кæн, фæлæ сæ схæсс дохтыртæм æмæ сын сæ низ базоной, сæ туг сын феной... Куыд æнæмæт дæ, дæ бындур ныззила, куыд! – загъд кодта Госæда йæ лæгмæ.

– Гъы, æндæр мæ мæт дæр нæй, ныр дын уынгты хæдмæл кæрчытæ ме ‘ккойы рахæсс-бахæсс кæндзынæн, – æвиппайды загъта Мыхъмыхъ æмæ йæ гæмæх сæрыл йæ фæтæн армытъæпæн æрæвæрдта.

– Уæдæ цæмæй амардысты, кæд низæй нæ амардысты, уæд! – тæвдæй тæвддæр кодта Госæда, суанг ма йæ къухтæ дæр зырзыр кæнын байдыдтой.

Госæдайæн йæ кæрчыты рын уыйбæрц нæ кодта, йæ лæджы æнæмæтдзинад ын цас тых кодта...

– Цæмæй куы зæгъай, уæд мæнæ ацы æнамонд аптечы аххосæй... Алы хъылма калынц æмæ дзы, æвæццæгæн, фæхъæстæ сты... Карк цы ‘мбары? Каркæй æдылыдæр маргъæн скæнæн куынæ ис... – Уыцы зондджын хуызæй радзырдта Мыхъмыхъ, суанг ма йæ зылын цæстæй дæр зонды тæмæнтæ скалдта.

Госæда, цавддурау, фæхъус ис æмæ хъуыдыты афардæг.

– Чи зоны, нæ лæг, раст дæ! Æвæццæгæн, аптечы хъылмайæ

фæцагъды сты нæ кæрчытæ... Уый йеддæмæ нæ сыхæгты кæрчытæ куы нæ мæлынц. Æз фæрсын, æмæ хъæуы кæркнизæн йæ кой дæр нæй. Æнæмæнг, æнæмæнг... ацы хъылма... ацы, аптек... мæ тæригъæд фæхæссой, – тæвд кæнын та райдыдта Госæда æмæ та йæ тæнæг былтæ ацъæх сты, æрфгуытæ апехцел сты.

– Æниу фарон нæ гогыз цæмæй амарди... Æниу æндæраз нæ уасæг... – Мыхъмыхъ хъавыди, йæ хæдзарыл цыдæриддæр зианæй æрцыдис цалдæр азы, уыдон аптечы кусджыты аххос фæкæнын, фæлæ йыл Госæда куы схъæр кодта, цæй, ныр ды нæ хъуджы мард дæр уыдоны аххос фæкæндзынæ, зæгъгæ, уæд фæхъус ис, схуыфыд аразгæ хуыфтæй æмæ кæртмæ рацыдис.

Госæда та йæ хæдмæл кæрчытæм æдзынæг ныккасти, йæ сæр батилгæйæ сыл ахъарджытæ кодта, стæй сæм бавнæлдта. Госæда хæдмæл кæрчытæ куыд рацæйхаста аппарынмæ, афтæ та Мыхъмыхъ йæ размæ фæци, йæ рахиз къухы дыууæ хæдмæл карчы, йæ галиу къухы иу, æрдзедзыккатæ сты, афтæмæй.

Госæда куы ауыдта уыцы ныв, уæд йæ къухæй хæдмæл кæрчытæ зæхмæ æрхаудысты.

– Уый уал дын дæс, – загъта Мыхъмыхъ, хæдмæл кæрчытæ сарайы зæххыл æрæвæргæйæ. – Нæ дын загътон, æрбаргæвд сегасы дæр, зæгъгæ, – мæстæймарæгау бадзырдта Мыхъмыхъ йе ‘фсинмæ.

– Уæу, судзгæ бон мыл куыд акодта, мæнæ куыд сæфынц... О, куыд æлгъыст æмæ æнамонд дæн! – хъарæггæнæгау æлгъитын байдыдта Госæда. Гæнæн нал уыдис æнæ æргæвдгæ, Госæда иугай læвæрдта Мыхъмыхъмæ рынчын кæрчытæ.

Мыхъмыхъ сæ иста Госæдайы къухæй, сæ къубæлттæ сын иугæйттæй къодахыл æвæрдта æмæ сын сæ къуымых фæрæтæй хауын кодта.

Мыхъмыхъæн йæ цонг фæрысти æмæ, ныуулæфгæйæ, загъта:

– Банымай ма сæ, кæддæра цал сты!

Госæдайы лыстæг æмæ стæгджын æнгуылдзтæ фендæдзынц карчы къахыл æмæ та йæ иннæрдæм раппарынц.

Дзæбæх обау скодтой сарайы зæххыл къубалкъуырд кæрчытæй. Госæда дзы банымадта дыууадæс æмæ ссæдз. Мыхъмыхъ сагъдауæй аззади, Госæда йын нымæц куы загъта уæд, – нырма йæм ныр хъарын байдыдта хæдзары зиан.

– Гъай, бæллæх нæу, зæгъут? Хуыцау ныл йæ бæллæх сæвæрдта æмæ нæ цæвы, æндæр ницы... Мæ фæндтæ куыд

фæдзæгъæл сты... Цас фæллой фесæфт... цас хор фæхордтой, – йæ зылын цæст æрныкъул-æрныкъулгæнгæйæ, кæуæгау скодта Мыхъмыхъ... Госæдайы зæрдæ бынтондæр суынгæг и æмæ йæ раздарæны фæдджи йæ цæстытæм схаста.

– Афтæ нæ... сбæрæг кæнын хъæуы ацы хъуыддаг, æцæг низ у, æви аптечы хъылма у аххосджын, уый, æнæмæнг, сбæрæг кæнын хъæуы, – зондджын æнгас скодта йæ цæсгомæн, афтæмæй загъта Мыхъмыхъ.

– Æмæ дын æз нæ загътон, дохтыртæм сæ ахæсс æмæ сæ фенын кæн, зæгъгæ, – кæуынхъæлæсæй сдзырдта Госæда.

– Æнæмæнг, æнæмæнг... ныртæккæ дзы иу цыппарæн æнæ схæсгæ нæй, – йæхи бафистæджытæ кодта Мыхъмыхъ хæдмæл кæрчытæм æрывналынмæ.

– О, де ‘гæр фæкалай, æмæ дзы æнæ цыппар хæсгæ нæй! Иу дзы ахæсс æмæ уый куы рабæрæг кæной, уæд иннæтæ не сбæрæг уыдзысты! – бауайдзæф кодта Госæда Мыхъмыхъæн.

– Уымæй дæр раст зæгъыс, не ‘фсин, – сразы Мыхъмыхъ Госæдайы фæндонимæ, райста йæ лæдзæг æмæ, хæдмæл урс карк йæ галиу къухы цоппайгæнгæйæ, рарасти дохтыртæм.

* * *

Мыхъмыхъ йæ бинонтимæ царди районы центры. Мыхъмыхъ ныр цы районы царди, йæхæдæг уыцы районаг нæ уыди – æндæр ранæй æрлидзæг уыдис.

Ссæдз азы размæ сыстад, сæхи хъæуы дæлкулакыл нымад кæй æрцыди, уымæ гæсгæ æмæ афардæг Бухармæ. Бухары иуцалдæр азы ацард, стæй та фæстæмæ æрбафардæг сæхимæ.

Бирæ бинонтæ не сты Мыхъмыхъы бинонтæ, дæлæмæ дæр йæхæдæг, йæ ус æмæ йæ чызг.

Чызг йæ лæгимæ æндæр горæты цæры æмæ арæх нæ вæйиы йæ мад æмæ йæ фыдмæ.

Мыхъмыхъ йæ заманы сæудæджеры куыст акæнаг уыдис æмæ-иу æртыгай-цыппæргай бонтæ не ‘рцыд сæхимæ, зылдис-иу армукъатыл. Ныр фæзæронд ис æмæ йæхицæн йæ кармæ гæсгæ куыст ссардта – ныллæууыдис Селекцион станцæйы хъахъхъæнæгæй. Æхсæв æмæ бон бахъахъхъæны, дыууæ боны та вæйиы сæхимæ. Мыхъмыхъы бæстыхай æмæ районы аптек сты иу кæрты æмæ æдзух сæ кæрæдзийæ хъаст кæнынц, æвзæр сыхæгтау. Аптечы кусджытæн сæ зæрдæмæ нæ цæуы, Мыхъ-

мыхъ иумæйаг кæрты хуытæ æмæ æндæр ахæм фос кæй дары, уый.

Мыхъмыхъæн дæр йæ зæрдæмæ нæ цæуы, æдзух аптекæй хосты тæф кæй цæуы, уый...

Фæлæ Мыхъмыхъ уыцы тæфæн, чи зоны, быхстаид æмæ афтæ тынг нæ хъаст кæнид, – айдагъ хосты смагыл куы уаид хъуыддаг, уæд. Фæлæ хъуыддаг арфдæр цæуы – аптечы æфснайæг ус кæртмæ ракалы цыдæр химикон хъылматæ, æмæ уæд сæ фындзтыл ныххæцынц Мыхъмыхъ æмæ йæ ус Госæда.

Сæ фосæй, кæнæ сæ мæргътæй куы фæрынчын вæййы, кæнæ куы амæлы, уæддæр æй уыцы хъылмайы аххос фæкæнынц – цæф æмæ рæхуыстæй куы амæлынц, уæддæр. Ныр дæр та сыл стыр фыдбылыз сæмбæлди Мыхъмыхъы бинонтыл: сæ кæрчытæ фæцагъды сты.

– Æнæмæнг, аххосджын у аптечы æфснайæг ус – уый та æвæццæгæн, цыдæр хъылма ракалдта, æмæ дзы кæрчытæ фæхъæстæ сты... æндæр æнæхъæн хъæуы кæркнизæн йæ кой дæр куы нæ ис.

Мыхъмыхъы кæрчытæ, æнæмæнг, аптечы хъылмайæ кæй фæцагъды сты, уымæн ма ноджы æвдисæн у уый, æмæ дохтыртæм цы карк ахаста Мыхъмыхъ, уымæ ницы низ ссардтой æмæ йын æвдисæндар радтой: «Æцæгдзинадæй, ацы карк низæй кæй нæ амарди, фæлæ йæхи æгъдауæй кæй амарди, уый фидар кæнæм ацы гæххæттæй».

Ахæм æвдисæндары бын йæ къух нывæрдта сæйраг дохтыр æмæ йæ Мыхъмыхъы къухты фæсагъта. Цы ма хъæуы Мыхъмыхъы? Мыхъмыхъы къухы æппæт документтæ дæр сты, æрмæст ма ныффыссын хъæуы гæххæтт Адæмон тæрхондонмæ районы аптечы хицауыл, – йæ кæрчытæ йын кæй фæцагъды кодта йæ смаггæнаг хъылмайæ, уый тыххæй. Фыссæг дæр разынд – курдиат фыст æрцыд æмæ дыккаг бон балæууыд Адæмон тæрхондоны скъаппы, дохтыры гæххæтт йæ уæлæ ныхæст, афтæмæй.

* * *

Тæрхоны лæгты хистæр сыстад, дзæнгæрæг бацагъта, агъуысты адæмæн сæ худтæ сисын кодта æмæ бамбарын кодта – тæрхоны лæгтæ сæ куыст кæй райдыдтой, уый, æмæ суд кусын райдыдта.

– Дæ мыггаг?
– Бæтæгатæй.
– Дæ ном?
– Мыхъмыхъ.
– Кæм кусыс?
– Селекцион станцæйы.
– Цæмæй?
– Сторожей.
– Ды дæ курдиаты хицау?
– О.

Ахæм фарстатæ радта тæрхонгæнæг æвдисæнтæм дæр æмæ аптечы хицау Сæлимæтмæ дæр.

Æвдисæнтæм, зæгъгæ, уый иуыл раст нæу – æвдисæн дзы уыд æрмæстдæр иу ус – Мыхъмыхъы сыхаг ус.

Уыцы ус, – Нинæ йæ хуыдтой, – æвдыста, ома, дам, мæхи цæстæй федтон, аптечы æфснайæг ус дыууæизæрастæу бедрайы дзаг сырхбын дон кæй расæххæтт кодта кæртмæ æмæ йыл Госæдайы кæрчытæ кæй амбырд сты. Ацы ныхæстæ раст кæй сты, уый тыххæй Нинæ сомытæ фæкодта, стæй йæ къух æрæвæрдта. Тæрхондоны куыст йæ тæмæны бацыди.

– Æцæг ракалдтай, уæд æмæ уæд бедрайæ сырххуыз дон? – фарста радта сæрдар.

– Æцæг ракалдтон, фæлæ дзы ахæмæй ницы уыд, – дзуапп лæвæрдта аптечы æфснайæг ус.

– Ома дзы куыд ахæмæй ницы уыд?

– Ома кæрчыты чи фæцагътаид, ахæм хъылмайæ, емынæ...

– Уæдæ цæмæн фæцагъды сты? Стæй сырх цæмæн уыд дæ дон? – фарста дарддæр сæрдар.

– Дон уыдис пъолтæ æхсæн дон. Сырх та уыдис уымæн, æмæ дзы иу банкæ ранхъæвзтон æмæ уымæй фæсырхбын æхсæнтæ дон, – дзуапп та радта æфснайæг ус.

– Дæуæн та дæ кæрчытæ кæд фæцагъды сты? – йæ цæстытæ фæцавта сæрдар Мыхъмыхъы цæстыты.

– Куадзæнмæ ма æхсæз боны уыдаид, афтæ, – дзуапп радта Мыхъмыхъ, йæ худмæ кæсгæйæ.

– Хорз, хорз... сбад! – загъта сæрдар. Мыхъмыхъ, йæ æрдæгбухайраг уæлдзармæй худ йæ къухæй æрсæрфтытæ кодта æмæ йæ бынаты сбадти. Мыхъмыхъы зæрдæ рухс уыди тæрхоны ныхæстæй, уæлдайдæр та сæрдары ныхæстæй æмæ æнгасæй. Мыхъмыхъ гуы-

рысхойаг нал уыд, хъуыддаг кæй рамбулдзæн, аптекæн кæй стæрхон кæндзысты йæ кæрчыты аргъ бафидын, ууыл.

– Исты ма зæгъдзынæ? – аптечы хицау Сæлимæтырдæм бакæсгæйæ, загъта сæрдар.

– Зæгъдзынæн, – сцæйстгæйæ сдзырдта Сæлимæт!

– Зæгъ, уæдæ, кæд ма исты зæгъинаг дæ, уæд, – йæ фарсмæ цы тæрхоны лæгтæ бадтис, уыдонæй мæллæгдæрырдæм бакæсгæйæ загъта сæрдар. Сæрдар йæхинымæр алыг кодта, аптечы кусджытæ кæй сты аххосджын ацы хъуыддаджы, уый, æмæ зæрдиагæй нал хъуыста, æрмæст архайдта, цæмæй тагъддæр лыггонд æрцыдаид хъуыддаг, ууыл.

– Цæвиттон, æз нæ исын аххос мæхимæ, стæй мæ кусæджы дæр нæ нымайын аххосджыныл, уымæн æмæ мах, аптечы кусджытæ, æфснайæг усы цур уæлæнгай ницы ныууадзæм. Хостæ цæмæй кæнæм, уыцы минералтæ æмæ зайæгойтæ арф æвæрд вæййынц æфсæн скъаппыты, уыцы скъаппыты дæгъæлтæ та æдзухдæр вæййынц мæхимæ, мæ кусджытæм дæр сæ нæ дæттын, – йæ дзыппæй систа дæгъæлты дзыгуыр æмæ сæ батылдта тæрхоны лæгтырдæм.

– Маргæн афтæ ныууадзæн ницы хуызы ис. Цæттæ хостæ, та сты лагъзы æмæ уыдоныл дæр ис гуыдыр æвæрд, кæнæ та сæ уæлхъус вæйййы фармацевт – хосгæнæг. Не ‘фснайæг ус цы банкæйы кой кæны, уый, æвæццæгæн, уыдаид марганецæй дзаг æмæ уымæн сырх уыд, марганецæй дзаг дон та зиан нæ кæны, – уымæй кæрчытæ нæ амардаиккой ницы ‘гъдауæй, – цæхгæр æмæ хъæбæрæй загъта Сæлимæт.

– Æмæ уæдæ цæмæй хъуамæ амардаиккой? – йæ мидбылты бахудгæйæ, загъта сæрдар. Сæрдар æппындæр гуырысхо нæ кодта, кæрчытæ аптечы хъылмайæ кæй амардысты, ууыл, æмæ зæрдиагæй дæр нæ хъуыста Сæлимæты ныхæстæм.

– Цæмæй амардысты – нæ зонын... æвæццæгæн, сæ низæй, – йæ сæр банкъусгæйæ, дзуапп радта Сæлимæт.

– Ау, куыд сæ низæй, уæд мæнæ уый та циу, – зæгъгæ, та мидбылты зынæрвæссон худт бакодта сæрдар æмæ йæм дохтырты æвдисæндар батылдта.

– Ам фыссынц дохтыртæ, низæй сæм кæй ницы ис, уый тыххæй, – загъта сæрдар æмæ та, йæ фарсмæ цы дыууæ тæрхоны læджы бадти, уыдонмæ бакасти радыгай.

– Чи зоны... – ивазгæ ныхас кодта Сæлимæт, йе уæнгтæ æрбалхъивгæйæ.

– Дызæрдыг, мыййаг, кæныс ацы гæххæттыл? – афарста та сæрдар.

– Гуырысхо дæр, цæуылнæ... рæдигæ алчи дæр кæны... диссаг дæр уый у – æмæ æнæ исты низæй, æнæ цæфæй кæрчытæ фæцагъды уæнт! – йæ къухтæ ацæгъдгæйæ, дисхуызæй сдзырдта Сæлимæт.

– Æнаххосæй мæлæт нæй... хъылма дæр низ у, уæдæ цы у? – сдзырдта та сæрдар, йе ‘мбæлттæм бакæсгæйæ.

– Æз ма йæ ноджыдæр зæгъын, аптечы кусджытæ ацы хъуыддаджы аххосджын кæй не сты, уый. Мах ма адæмæн дæр куы амонæм, низæй тас кæмæй уа, уыцы бырæттæ дард ранмæ калын хъæуы, зæгъгæ, уæд уый куыд у... Мах марг калæм кæртмæ? – мæсты кæнын байдыдта Сæлимæт.

– Æмæ йæ æфснайæг ус куы загъта, сырх цыдæр сæнхъæвзта бедрайы доны, зæгъгæ, – радзырдта та сæрдар æмæ та йе ‘мбæлттæм радыгай бакасти.

– Уый марг нæ уыдис...

– Уæдæ цы уыдис?

– Уый хос уыди – марганецы дон, – тызмæгæй загъта Сæлимæт.

– Æмæ дæ уæдæ куыд фæнды? – афарста та сæрдар, ацы хатт лæугæйæ, æмæ та йе ‘мбæлттæм йæ фæйнæфæрстæм бакаст.

– Æз курын, цæмæй, ацы хъуыддæгтæ чи зоны, ахæм лæг æрбакæнæм... тæрхоны эксперт, – загъта Сæлимæт.

– Æмæ йæ кæцæй æрбакæнæм? – афарста сæрдар æмæ та йе ‘мбæлттæм бакасти.

– Уый зын ссарæн нæу... Мæнæ Селекцион станцæ хæстæг у æмæ уым ис ахæм лæгтæ, фендзысты, уыцы сырх хос циу æмæ цавæр у, уый, – дзуапп радта Сæлимæт.

Сæрдар аныхæстæ кодта йе ‘мбæлттимæ, стæй сыстад æмæ радзырдта:

– Иу сахаты бæрц нæ куыст фæуромдзыстæм, аптечы хицауы курдиат баххæст кæныны тыххæй, хъуамæ Селекцион станцæйæ схонæм лæг-эксперт кæй хонынц, ахæм, æмæ уал нымайын тæрхоны æмбырд æхгæдыл.

Адæм райхæлдысты ныхæстæгæнгæйæ.

* * *

Сахаты фæстæ та тæрхоны лæгтæ сæ куыст байдыдтой.

– Цы зæгъдзæн Селекцион станцæйы минæвар – тæрхоны эксперт? – йæ бадæнæй сыстад, афтæмæй загъта сæрдар.

– Æз æркастæн хъуыддагмæ, цы фарста мын сæвæрдтой мæ размæ тæрхоны лæгтæ, уыдонæн сцæттæ кодтон дзуапп, – загъта эксперт.

– Зæгъ, уæдæ? – сæрдар бакаст экспертырдæм æмæ йын цæстæй ацамыдта.

– Цæвиттон, æз куыд сбæрæг кодтон, афтæмæй ацы сырх донæй каркæн амæлæн нæй, кæд дзы фæхъæстæ сты кæрчытæ, уæддæр сын ницы зиан æрхастаид.

– Уый хъæбæрæй зæгъыс? – афарста сæрдар.

– Тынг хъæбæрæй! – дзуапп радта эксперт.

– Уæдæ цæмæй хъуамæ фæцагъды уыдаиккой? – афарста тæрхоны лæгтæй иу, сæрдарæй ныхасы бар райсгæйæ.

– Нæ зонын, уымæн дын ницы зæгъдзынæн, –загъта эксперт.

– Ау, уæдæ сæ мæхæдæг ныццагътон? – мæсты хъæр фæкодта Мыхъмыхъ.

– Сабыр у, Мыхъмыхъ, ам тæрхондоны дæ! – дзæнгæрæг базмæлын кæнгæйæ, загъта сæрдар, йæхæдæг та дохтыры æвдисæндар гæххæтт систа, æмæ йæ экспертырдæм батылдта. – Дохтыртæ фыссынц, низ сæм кæй ницы ссардтой хæдмæл кæрчытæм, уый тыххæй.

– Ис бафæрсæн Бæтæджы-фырты? – йæ къух сдардта эксперт.

– Ис, – бар радта сæрдар.

– Зæгъ-ма, дæ кæрчытæ цæмæй хæссыс?

– Цæмæй сæ хæссын! Хор æмæ донæй, æндæр цæмæй! – мæсты тъæлланг фæкодта Мыхъмыхъ.

– Мæсты ма кæн, хорз лæг, æз дæ æрмæстдæр фæрсгæ кæнын, – сыбыргай загъта эксперт.

– Æз дæр дын дзуапп дæттын, – тызмæгæй та загъта Мыхъмыхъ.

– Цавæр хор сын дæттыс: хъæбæрхор, сысджы, мæнæу, æви нартхор? – йе ‘нгуылдзтæй хорты нæмттæ нымайгæйæ, загъта Селекцион станцæйы минæвар.

– Раст æвзаргæ нартхорæй, – фæтъæлланг ласта Мыхъмыхъ.

– Нæй йын фенæн уыцы нартхорæн? – сæрдармæ бакæсгæйæ, загъта эксперт.

– Цæуыннæ йын ис фенæн, æз ныртæккæ дæр сдавдзынæн... Нартхормæ фау ничи æрхæсдзæн, уæлдайдæр ды, Хъамболат. (Хъамболаты хорз зыдта Мыхъмыхъ, уымæн æмæ иу ран куыстой – Селекцион станцæйы). Æз æртæ минуты фæстæ сдавдзынæн, мæ кæрчыты цы нартхорæй хастон, уымæй. Кæд уæ фæнды, уæд.

Сæрдар та цыдæртæ аныхæстæ кодта тæрхоны лæгтимæ, стæй радзырдта:

– Марадз, уæдæ, Мыхъмыхъ, сдав дæ нартхорæй, æрмæст рæвдз у.

Мыхъмыхъ, æцæгæйдæр, цыппар минуты фæстæ тæрхондоны балæууыди, йæ армы нартхор, афтæмæй. Нартхор бахаста Мыхъмыхъ æмæ йæ сæрдары стъолыл æркодта.

Эксперт бацыди сæрдары стъолы цурмæ æмæ йæм сæрдар цалдæр нартхоры нæмыджы ралæвæрдта. Селекцион станцæйы минæвар нартхоры нæмыг йæ дзыхы баппæрста æмæ йæ йæ дæндæгтæй апырх кодта. Аууылдта нартхоры нæмыджы, фæстæмæ йæ райста йæ къухмæ, басмыста йæм, стæй уæд загъта:

– Мæ фыдыстæн, ай мах нартхорæй у, мыггаджы нартхор у, иу-цалдæр боны йæ маргæйдзаг доны фæдардтам, цæмæй йæм знаггадгæнæг хилджытæ ма уæндой... Æнæмæнг, кæрчытæ ацы маргдонæйдзаг нартхорæй фæхъæстæ сты... Нартхор та адавта махæй – Селекцион станцæйæ... Æз ма дис кодтон, нæ мыггаджы нартхор къаддæрæй къаддæр цæмæн кæны...

Тæрхоны лæгтæ æртæйæ дæр сыстадысты æмæ Мыхъмыхъмæ сæ цæстытæ ныццавтой.

– Йæхицæн ын тæрхон хъæуы, йæхицæн. Мыхъмыхъæн, – давæг у, – райхъуыст ныхæстæ тæрхондоны залæй.

– Æнæмæнг, æнæмæнг, – радзырдта сæрдар.

Мыхъмыхъ цавддурау фæцис, йæ сæр уæрджытыл æрхауд æмæ бадгæйæ баззад исдугмæ.

Хъуыды ма кодта, тæрхоны лæгтæм æмæ тæрхондоны цы адæм æрæмбырд, уыдонмæ æнæ фемдзастæй куы аирвæзид, ууыл.

# АРВИСТОН

## ЦИТАТÆТÆ

* * *

Мах иудадзыг дзурæм культурæйы тыххæй. Цы уавæры ис уый нырыккон Уæрæсейы? Æрæджы бакастæн Тихон Хренниковы ныхæстæ, загъта сæ йæ амæлæтæй чысыл раздæр: «Культурæ нæй – уæд паддзахад дæр нæй. Культурæ ис – уæд паддзахад дæр ис». Иттæг раст загъта.

Æнæ культурæйæ цы хуызы хъомылгæнæн и рæзгæ фæлтæры? Цавæр культурæйыл дзурæм хъуамæ, кæд æмæ, зæгъæм, Ног азы телеуынæнæй амæй-ай æлгъагдæр зарджытæ хъусæм! Уыимæ уавæр азæй-азмæ цауддæрмæ цæуы. Æмæ уыцы æнæхъола митæ бауромын никæй бон у...

Ахуырады æмæ культурæйы абон цытæ цæуы? Мæнæ адæймагæн йæ царм цæрдудæй куы стигъай, уый хуызæн митæ!

* * *

Ныры скъола бирæ сабитæн сæфтмæ фæндаджы хуызæн у. Уый тыххæй бирæ фыссынц, бирæ дзурынц. Фæлæ ницы ивы. Уымæн æмæ паддзахад æндæр хуызы хъуыды кæны...

Иу хъæуккаг ахуыргæнæг мæм ныффыста, сайын, дам, байдыдтон, цæмæй уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы сахæттæ фæфылдæр кæнон, уый тыххæй. «Уæле», дам, уадз æмæ алцытæ мысой, æз, дам, мæхиуæттæ кæндзынæн. Æмæ, дам мын æнтысы къуыри иу кæнæ дыууæ сахаты бафтауын, цæмæй сабитæ мадæлон æвзаг нывыл ахуыр кæной, уый тыххæй. Фæлæ ахæм ахуыргæнджытæ бирæ сты? Стæй фæстæдæр фæфылдæр уыдзысты?

* * *

Нæ йæ ‘мбарын, футболы, баскетболы, хоккейы, стæй ноджы бирæ хъуыддæгты æнæ «варягтæй» архайæн цæуылнæ ис æмæ сын утæппæт æхцатæ цæмæн фидæм. Нæхи лæппуты та фæсарæйнаг клубтæн уæй кæнæм.

* * *

Ельцин, Чубайс æмæ Гайдар... сæ адæмæн (сæ адæмæн?) æмæ паддзахадæн Гитлеры оккупацийæ къаддæр зиан не ‘рхастой...

Гитлеримæ хæст кæд бирæ дзыллæты байсæфта, уæддæр нæ адæмы кæрæдзимæ тынг æрбангом кодта, Ельцин æмæ йæ хъузæттæ та нæ адæмæн сæ хал, сæ бæндæн фæхауын кодтой, бынтон æгады бынатмæ сæ æртардтой, æмæ сæхи бæстæйы уацайрæгты хуызæн систы.

***Валентин Распутин***

* * *

Мæгуыр æмæ гæвзыкк цард – абоны Уæрæсейы сæйраг низ æмæ бæллæх. Зæрæдтæ къахынц быröндæттæ, æрыгон чызджытæ та лæууынц сосавæндæгты былгæрæтты – хъуамæ сæ буæрттæ уæй кæной æхцайыл... Бæстæйы цæуы, историон масштабтæ кæмæн ис, ахæм деградаци – сæфтмæ фæндаг. Ахуырады хъуыддæгты мах баззадыстæм фæсте. Бирæтæн сæ бон ахуыр кæнын нæу, цыбыркъух кæй сты, уымæ гæсгæ. Афтидарм куы уай, уæд дæ фæндæгтæ æхгæд сты...

Замана уый у, æмæ цардæй хъулау чи хъазы, уыдон мæгуырты нæ уынынц. Адæм дыууæ дихы фесты æмæ цæуынц хицæн дуканитæм, сæхи дзæбæх кæнынц хицæн рынчындæтты, сæ фæллад уадзынц хицæн бынæтты.

* * *

Культурæ хъуамæ æппæты раззаг бынаты уа. Уавæр уæле куынæ раива, уæд æрмæст культурæйы министры бон ницы бауыдзæни. Адæммæ æхца хуымæтæджы цæрæнхосты фаг дæр куынæ ис, уæд ма дын культурæйы мæт кæнынц?

***Николай Губенко***

*Лопе де ВЕГА*

# ÆМБИСÆНДТÆ, ХАБÆРТТÆ

## ÆВЗАГ ÆМÆ ДÆНДÆГТÆ

Цардис-уыдис иу къæбæда лæппу. Цæвиттон, арæх стыртæ дæр цы низæй фæсæйынц, уый дæр садис уыцы низæй: йæ ныхасæн бæрц нæ зыдта, дзырдта æмæ дзырдта.

– Ай цавæр æвзаджы ахæсты фестæм? – бустæ кодтой дæндæгтæ. – Йæ дзæгъæл дзæнгæдайæ нæ бон куы нал у!

– Æмæ сымах та цы хъуыддаг ис? – гуырымыхъхъ дзуапп-иу радта æвзаг. – Уæ куыст æууилын у æмæ йæ кæнут. Сыбыртт дæр уæ куыд никæмæйуал фехъусон, афтæ! Мæ хъуыддæгты уæхи ма тъыссут! Æз уæ уынаффæ хъуаг нæ дæн! Бамбæрстат?

Æмæ лæппу раздæрау дзæнгæда цагъта хъæуа-нæхъæуайæ. Йæхицæй хуымæтæджы бузныг уыд, ног дзырдтыл-иу куы фæхæст, уæд! Æмæ ма сæ æмбаргæ куы кодтаид!

Иуахæмы та йæ дзурындзæг фемæхст. Æмæ дын уый азарæй къæппæджы куы бахауид: йе ‘взагæй æваст гæды ныхæстæ сирвæзти. Дæндæгтæн сæ маст рафыхти, сæхи нал баурæдтой æмæ дын æй куы æрцъист ласиккой.

Æвзаг туджы самæст, уæдæ цы уыдаид. Æмæ лæппу ныцъцъæхахст ласта фыррыст æмæ фырæфсæрмæй.

Уæдæй фæстæмæ дзы уæлдай ныхас никуыуал сирвæзт. Исты зæгъынмæ куы фæхъавы, уæд рагацау бæстон ахъуыды кæны.

## ДОН

Дон йæ зæрдæйы дзæбæхæн цъыллинджытæ кодта йæ райгуырæн денджызы хъæбысы. Фæлæ иуахæмы йæ сæры бынтон æдылы хъуыды фегуырди: цæй, æмæ, дам, арвмæ фæтæхон.

Артæй æххуыс бацагуырдта. Уый судзгæ-уыраугæ пиллæтты фæрцы дон тæф фестад æмæ уайсахат арвы рындзмæ йæхи систа. Æврæгътæй куы фæуæлдæр, уæд йæ къаннæг æртæхтæ уазалæй гæртт-гæртт кæнын байдыдтой. Кæд иучысыл уæддæр стæфсиккам, зæгъгæ, кæрæдзимæ сæхи балхъывтой, фæлæ уæлдæфæй куы фæуæззаудæр сты, уæд зæхмæ æрызгъæлдысты къæвдайы хуызы.

Схъæлнизæй кæй фæрынчын, уымæ гæсгæ дон арвы цъупмæ схæццæ, фæлæ йæ уырыдыгæй уайсахат ратардтой. Ныр æй дойны зæхх æнæхъæнæй ацъырдта. Дон ма мæры бирæ тухитæ бавзæрста, стæй æппынфæстаг тыхтæ-амæлттæй йæ райгуырæн денджызмæ æрбаздæхти.

## ХÆЛУАРÆГ ÆМÆ ЗÆРВАТЫККА

Хæлуарæджы бæлæсты ‘хсæнты йæ тын нывæндын æртæ хатты бахъуыди, фæлæ та-иу зæрватыкк зæрдæхъæлдзæгæй æрбасыффытт ласта æмæ йын-иу йæ базыртæй йæ хыз акъуыхтæ кодта.

– Кусын мæ цæуылнæ уадзыс? – мæстыйæ йæ фарста хæлуарæг. – Æз дæ куы ницы хъыгдарын.

– Ды фыдгæнæг дæ, тугцъир дæ! – дзуапп ын радта зæрватыкк. – Дæ тынæй къæппæг саразыс æмæ дзы саскты ахсыс.

– Хъус-ма, ме ‘фсымæр, – дисгæнгæ йæм дзуры хæлуарæг. – Фæуæд афтæ, фæлæ ды мæнæй цæмæй хуыздæр дæ? Сæударæй изæрдалынгтæм, дæ бырынкъ гом, афтæмæй тæхыс æмæ саскы мыггагæй цæуыл хæст кæныс, уыдоны ахсыс. Ныр сыл дæхи тыхсæг скодтай! Сæтти, дам, Бæттийыл худти! Æз мæ мæгуыр удæй арт цæгъдын, мæ хъарутыл нæ ауæрдгæйæ, нывæндын мæ тын, кæд исты холыйыл фæхæст уаин æмæ сыдæй нæ амæлин, зæгъгæ. Уæд нæ дыууæйæ чи у растдæр? Уæдæмæ алчидæр йæхи иннæтæй зондджындæр æнхъæлы, йæхи барæнтæй бары алцыдæр.

## ДОМБАЙ ÆМÆ УÆРЫКК

Иуахæмы æххормаг домбайæн йæ къалатимæ баппæрстой удæгас уæрыкк. Уæрко ахæм æнæхин æмæ хæларзæрдæ уыд æмæ сырдты паддзахæй æппындæр нæ фæтарст. Æвæццæгæн æй йæ мад фенхъæлдта. Æнæмбаргæ сыгъдæг уд æввахс бацыди тызмæг æмæ хъуынджын сырдмæ, фæлмæн уаст бакодта æмæ йæм йе стыр ирд цæстытæй комкоммæ ныккаст. Æвæджиауы уарзондзинад, дис æмæ уæздан рухсæй дзаг уыдысты уыцы цæстытæ.

Домбай æвиппайды фæкуыддæр, джихæй кæсгæ баззади фæлмас уæрыкмæ æмæ йæм йæ акъабæзтæ кæныны ныфс нал разынди.

## СЫЛ ДОМБАЙ

Цыргъ æрцытæ æмæ кæрдтæй ифтонг цуанæттæ æввахс бацыдысты сырдмæ. Уый та уыцы сахат йæ лæппынтæн йæ фæдджытæй æхсыр дардта. Тæссаг уаваæры кæй бахауд, уый бамбæрста æнахуыр тæфæй. Фæлæ байрæджы: цуанæттæ æртыхстысты хуыккомы алыварс.

Домбай æдгæрзтæ адæмы куы ауыдта, уæд фæуыргъуыйау. Иуафон æм лидзыны зонд фæзынди, фæлæ æнæбон лæппынты куыд ныууадзон, зæгъгæ, йæ хъуыды аивта. Æмæ йæхинымæры

скарста: цыфæндыйæ дæр лæппынты фервæзын кæнын хъæуы! Йæ сæр гæзæмæ фæдæлæмæ кодта, цæмæй æрцыты цыргъытæ ма уына, уый тыххæй, стæй размæ æвирхъау сæррæтт аласта. Адæм фæудаист сты æмæ фæйнæрдæм лыгъд радтой.

Æнæбон лæппынтæ фервæзтысты, уæдæ цы уыдаид.

## ДОЙНЫ ХÆРÆГ

Хæрæг сдойны æмæ цадмæ æрбацыди. Раст уыцы сахат бабызтæ дæр уым фесты. Пæррæстытæ кодтой, хъазыдысты, æмæ дон сызмæсти.

Хæрæгмæ дон нуазын тынг цыди, фæлæ лакъон донмæ нæ бавнæлдта, иуварс лæууыд æмæ æнхъæлмæ касти, бабызтæ кæд ацæудзысты, уымæ. Æппынфæстаг зæрдæхъæлдзæг мæргътæ былмæ схызтысты æмæ ацыдысты. Хæрæг былмæ йæхи байста, фæлæ ма дон змæст уыд, æмæ хайуан ногæй æнхъæлмæ кæсын байдыдта.

– Нана, уыцы хæрæг дон цæуылнæ нуазы? – афарста цымыдис лæппын хæфс йæ мады. – Дыккаг хатт бацыди цады цурмæ, фæлæ нуазгæ нæ бакæны, афтæмæй аздæхы.

– Хæрæгæн йæ хъуыддаг афтæ у, мæ къона, – дзуапп радта мадæл хæфс. – Дойныйæ мæлдзæн, уæддæр чъизи донмæ нæ бавналдзæн, æнхъæлмæ кæсдзæн, цалынмæ дон нæ расыгъдæг уа, уæдмæ.

– Æмæ ахæм хивæнд цæмæн у?

– Хивæнд уыйбæрц нæу, фæразон цас у. Цыфæнды зынтæн, цыфæнды æфхæрдæн дæр быхсы. Хивæнды ном ыл сæвæрдтой, йæхæдæг удвидар æмæ фæразон чи нæу, уыдон.

## МÆТЪÆЛ

Иу схъæл бонджын лæг йæ зæрдæйы дзæбæхæн уынгмæ рацыд, адæмы дæр фенон, стæй мæхи дæр равдисон, зæгъгæ. Иу хæдзары фисыныл йæ рагон зонгæйыл амбæлди. Гъемæ дын æй уыцы хъалзæрдæйæ хынцфæрстытæ кæнын куы байдаид. Цæвиттон, йæ былалгъ ныхæстæн кæрон нал уыди. Фæстагмæ та афтæ бакодта:

– Хуыцауыстæн, дæхи хуызæнæй дæм ницыуал баззади! Хуызы цъыртт дæ нал и, дæ цæстытæ сæ къуырфыты аныгъуылдысты. Уæззау рынчын ма уай, уый мæ нæ бауырндзæни.

– Раст зæгъыс, – æнкъардæй дзуапп радта лæг æмæ йæ цæстытæ иуварс азылдта. – Ахæм хабæрттæ мыл арæх æрцæуы, уæлдайдæр...

– Омæ уый тыххæй æнцад-æнцойæ куыд дзурыс? Æвæстиатæй нæ номдзыд хосгæнæгмæ бацу. Цыфæнды низ дæр афоныл раиртасын фæхъæуы. – Æмæ æвдæлон лæг куыройы гæркъæраг фестади, йæ зонгæйæн йæ дзых байгом кæныны бар нал лæвæрдта. – Зæгъ-ма, дæ фыды хатырæй, мæ уарзон æмгар, ахæм æнахъинон уавæры арæх бахауыс?

– Мæнæ дæу хуызæн æнæджелбетт схъæлботтыты куы ауынын, уæд æппындæр мæ чемы нал вæййын. Демæ фембæлыны фæстæ мæтъæлæй баззайын æмæ ацы рухс дуне мæ цæстысындз фесты.

## АНЕКДОТТÆ

* * *

Ахуыргæнæг йе скъоладзауы сæхимæ арвыста гæххæтты гæбазимæ. Уым та фыст уыд: «Уæ фырты цынайут, науæд æвзæр тæф кæны». Мад гæххæттыл афыста дзуапп æмæ йæ лæппумæ радта. Гæххæттыл фыст уыди: «Æз мæ фырты скъоламæ ахуыр кæнынмæ барвыстон, смудгæ йæм кæнат, уый тыххæй нæ, фæлæ».

* * *

Коммуналон фатеры æртæ сыхаг усы ныхас кæнынц:

– Мæ лæг раздæрау нуазы ‘мæ нуазы.

– Мæнон та сылты фæдыл зилы.

– Мæнон нуазгæ дæр нæ кæны, сылты фæдыл дæр нæ хæты, фæлæ сифилитик у.

Уыцы рæстæг цæлгæнæнмæ бахызт æртыккаг усæн йæ лæг:

– Æдылы къоппа, цал хатты дын загътон, сифилитик нæ, фæлæ филателист дæн, зæгъгæ.

* * *

Æз дыууæ хатты смой кодтон. Мæ фыццаг лæг марксист уыди, дыккаг та – фашист. Фæлæ мын сæ иу дæр бырæттæ калын нæ куымдта.

* * *

Чысыл Алан сныв кодта йæ фыды сурæт. Фыд æм æркаст æмæ загъта:

– Хорз у, арæхсыс, мæ къона, фæлæ мын кæрдæгхуыз сæрыхъуынтæ цæмæн скодтай?

– Омæ мæм цæгæр ахорæнтæ нæ уыди.

* * *

Чысыл лæппу хъæдмæ ацыд æмæ дзы æгæр бафæстиат. Мад æй бирæ фæцагуырдта, катайгæнгæ зылди хæдзары алыварсты. Уалынмæ лæппу фæзынди. Мад æй фæрсы:

– Æнæхъæн дыууæ сахаты кæм уыдтæ?

– Хъæды. Диссæгтæ дзы федтон. Иу бæгънæг лæг разгъорбазгъор кодта бæгънæг усы фæдыл.

– Æмæ сæм цæмæн кастæ? Уыдон æрратæ уыдысты.

– Чи зоны, ус æцæгæй дæр æрра у, фæлæ лæг æрра нæу. Уый нæхи папæ уыди.

* * *

Æфсин чындзы уатмæ бацыди. Телевизоры сæр йе ‘нгуылдзæй расæрфта. Рыгæй амæст æнгуылдз чындзмæ æвдисы æмæ дзуры:

– Ахæм хабары тыххæй ирон æмбисонд куы ис.

Чындз ын афтæ:

– Ирон æмбисонд нæ зонын, фæлæ уырысмæ афтæ фæзæгъынц: «Свинья везде грязь найдет!»

* * *

Æртæ мысты арахъхъ нуазынвæнд скодтой. Сæ иу афтæ:

– Цæй, фæйнæ баназæм æмæ азарæм.

Дыккаг ын дзуапп радта:

– Фæйнæ дыууæйы баназæм æмæ акафæм.

Æртыккаг дæр нал фæлæууыд:

– Мæнмæ хуыздæр фæнд ис. Фæйнæ æртæйы баназæм, гæдымæ бацæуæм æмæ йын йæ хæмхудтæ саунад фæкæнæм.

* * *

Иу зæронд ахуыргæнæг йе ‘цæг дунемæ бацыди. Зындонмæ йæ барвыстой. Цасдæр рæстæджы фæстæ йæм æрбацыдысты æмæ йын загътой:

– Бахатыр нын кæн, фæрæдыдыстæм. Дæуæн дæ бынат дзæнæт у.

Ахуыргæнæг сын дзуапп радта:

– Нæ, уадзут мæ. Ам мын хорз у. Скъолайы фæстæ мын зындон дзæнæты ад кæны.

* * *

Æррадон. Психиатр рынчынæн арфæтæ кæны:

– Дæ амонд хæрæгыл абадт – дзæвгар фæдзæбæхдæр дæ.

– Куыд фæдзæбæхдæр дæн, куыд? Æхсæз мæйы размæ Наполеон уыдтæн, ныр та – бынтон ничи! – дзуапп ын радта рынчын.

* * *

Æррадоны рынчынтæй иу дæндæгтæ ‘хсæн щеткæ синагыл бабаста æмæ йæ йæ фæдыл фæласы. Дохтыр æм бацыд æмæ йæ фæрсы:

– Уæдæ дæ къæбылаимæ тезгъо кæныс, нæ?

– Уый къæбыла нæу, щеткæ у.

Дохтыр ацыди. Æрра къуыммæ бацыд æмæ щеткæмæ дзуры:

– Бобик, нæ дохтыры дзæбæх асайдтам, нæ?

* * *

Иу лæджы рынчындонмæ æрбаластой. Йæ хъустæ – сыгъд.

– Цы дыл æрцыди? – фæрсы йæ дохтыр.

– Мæ хæлафыл иту æвæрдтон. Уалынджы телефоны дзæнгæрæг ныззæланг ласта. Æз хæтæлы бæсты иту мæ хъусыл авæрдтон.

– Æмæ дæ иннæ хъус та куыд басыгътай?

– Сымахмæ телефонæй куы дзырдтон, уæд та ацы хъусыл авæрдтон иту.

* * *

Мад йæ фыртæн алывыд калы:

– Гъеныр ды хъыбыл нæ дæ, хъыбыл! Кæм фæбæгъдулæг кодтай, сауæмбыдæй куы ‘рбацыдтæ! Хъыбыл циу, уый зоныс?

– Зонын! Хъыбыл у хуыйы фырт.

* * *

Хъæдхой йæ бырынкъæй хойы бæласы зæнг. Мæрайæ йæ сæр радардта уыг, хъæдхоймæ мæстыйæ дзуры:

– Сабырдæр хойын дæ бон нæу, æви? Æз æхсæвы сменæйы кæй кусын, уый нæ зоныс?

* * *

*Шеф-редактор* *Ирида КОДЗАТИ*
*Корректор* *Заира КАРАЦЕВА*
*Дизайн* *Залина ГУРИЕВА*
*Компьютерный набор* *Марина КИРГУЕВА*

* * *

*Цъары фæрстыл:*

*2. Мад.*

*3. Меланхоли.*

*4. Куадзæн*

*Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания.*

*Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00107 от 10 декабря 2014 г.*

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

*Журналмæ цы къухфыстытæ цæуы, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ нæ дæтты.*

*Учредитель и издатель:*
*Министерство культуры РСО-Алания.*
*362040. г. Владикавказ, ул. Джанаева, 20.*

*Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.*
*E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug.ru.*
*Тел.: гл. редактор – 25-09-64; ответсекретарь, отдел прозы – 25-20-52; отдел поэзии, корректор – 25-09-74; бухгалтерия – 25-22-47.*

*Подписано к печати 12.03.15. Формат издания 60x84 1/16. Бум. офсет. № 1. Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л. 8,37. Учетно-изд. л. 7,27. Тираж 1200 экз. Заказ № 129. Цена свободная. Выход из печати 30 марта 2015 г.*

*Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»*
*РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.*

Индекс 73247